

Rapo

MISYON, ANKÊT, ENTENASYONAL

AYITI : KI AVNI POU YON TRANZISYON RATE

ENTWODIKSYON.....	5
I.- DEPA DE JEAN BERTRAND ARISTIDE AK TRANZISYON AN	6
II.- RANDEVOU GOUVÈNMAN TRANZISYON AN RATE.....	9
III.- LAPOLIS NASYONAL DAYITI (PNH): YON ENSTITISYON KI PÈDI KREDI L.....	16
IV.- KI LAME POU AYITI : YON ANSYEN OUBYE YON NOUVO	20
V.- LAJISTIS : ENPINITE A SE YON DEFI KI DEVAN MOUN CHAK JOU.....	22
VI.- VYOLASYON DWA MOUN ANN AYITI	30
VII.- KONKLIZYON AK REKOMANDASYON	42

TABLE DES MATIÈRES

AKRONIM	4
ENTWODIKSYON	5
I.- DEPA DE JEAN BERTRAND ARISTIDE AK TRANZISYON AN	6
A.- Depa Prezidan Aristide	6
B.- Yon tranzisyon woule debò	6
1.- Manda gouvènman tranzisyon an	6
2.- Yon estrikti konplike	6
3.- Popilasyon an pa ranmase tranzisyon an kò m zafè pa l.	7
C.- Yon gwo kriz konfyans	7
1.- Sitwayen yo pa gen konfyans nan enstitisyon yo	7
2.- Sitwayen yo pa fè reskonsab politik yo konfyans	7
3.- Sitwayen yo pa fè kominote entènasyonal la konfyans	8
II.- RANDEVOU GOUVÈNMAN TRANZISYON AN RATE	9
A.- Yon mizè san limit	9
1.- Sitou Peyi a ap sibi yon chanjman nan de nivo.	9
B.- Ensekirite blayi toupatou	9
1.- Endistri ensekirite a.	9
1.a.- Fòk yo distenge klè plizyè kalite ensekirite ann Ayiti	
1.b.- Egzanp : lagè gang yo nan Potoprens	
1.c.- Operasyon Bagdad ak sa l pote kom konsekans	
2.- Dezame, yon priyorite oubyen yon pawòl van	12
3.- Wòl MINUSTAH.	13
3.a.- Pou kontwole tèritwa a pi byen	
C.- Eleksyon yo pa sèten	14
III.- LAPOLIS NASYONAL DAYITI (PNH): YON ENSTITISYON KI PÈDI KREDI L	16
A.- Nan ki eta polis la ye	16
B.- Enpinite a ak netwayaj anndan polis nasyonal dayiti (PNH)	16
C.- Vyolasyon Dwa Mou nap pèsiste	17
1.- Dezòd nan penitansye nasyonal	18
D.- Li nesesè pou PNH la pwofesjonalize	18
IV.- KI LAME POU AYITI : YON ANSYEN OUBYE YON NOUVO	20
A.- Konsekans demobilizasyon lame an 1994	20
B.- Kouman demen pra l ye	20
V.- LAJISTIS : ENPINITE A SE YON DEFYI KI DEVAN MOUN CHAK JOU	22
A.- Koripsyon ak move fonksyonman	22
B.- Batay kont enpinite a	23
1.- Enpinite a la chak jou	23
2.- Chèche reform lajistis, yo pa wè reform	24
2.a.- Ki reform	
3.- Yon komisyon verite ak rekonsilyasyon	24
4.- Trase egzanp se yon metòd pou batay kont enpinite	25

AYITI : KI AVNI POU YON TRANZISYON RATE

4.a.- Afè Louis Jodel Chamblain an se yon move siyal pou lit kont enpinite a	
4.b.- Afè Antoine Izmerly	
C.- Pou Fini	28
VI.- VYOLASYON DWA MOUN ANN AYITI	30
A.- Yon sosyete dechire ak vyolasyon dwa moun k ap fèt depi plizyè dizèn lane	30
1.- Eritaj lavalasyon an	30
2.- Ranvèsman Prezidan Aristide ak Vyolasyon Dwa Moun.	30
2.a.- Etidyan yo	
2.b.- Atak kont laprès	
B.- Dwa Moun pandan tranzisyon ankoman pou n sòti nan bòn volonte pou rive nan aksyon konkrè	32
1.- Mekanis Pwoteksyon Dwa Moun yo.	32
1.a.- Ofis pwoteksyon Sitwayen (OPC)	
1.b.- Yon biwo nan wo Komisarya Dwa Moun	
2.- Sitiyasyon Dwa Moun nan bay enkyetid	33
2.a.- Vyolasyon dwa lavi moun	
2.b.- Atak sou libete moun ak sou ko yo	
2.c.- Atak sou libete laprès, libete la pawol ak libete pou moun fè manifestasyon	
2.d.- Atak sou libete manifestasyon	
2.e.- Vyolans sou fanm	
2.f.- Sitiyasyon nan Prizobn ak lòt Sant detansyon yo	
2.g.- Sewkirite nan prizon yo	
3.- Kaponnaj yo ap pèsiste.	36
3.a.- Egzanp Tigwav la	
3.b.- Temwayaj kèk victim	
C.- Defansè Dwa Moun yo ann ayiti	39
1.- Sitiyasyon avan 29 fevriye 2004	40
2.- Sitiyasyon defansè dwa moun sou gouvenman tranzisyon an	40
3.- Sitiyasyon Defansè dwa moun yo nan Pwovens yo.	41
4.- Wòl defansè dwa moun yo ann Ayiti	41
VII.- KONKLIZYON AK REKOMANDASYON	42
A.- Konklisyon	42
B.- Rekomandasyon	42

AYITI : KI AVNI POU YON TRANZISYON RATE

AKWONIM

PNH	:	Polis nasyonal d Ayiti
MINUSTAH	:	Misyon NAsyonzini pou estabilize Ayiti
HUEH	:	Lopital Inivèsite Leta d Ayiti
RNDDH	:	Rezo Nasyonal defans dwa moun, Ansyen-Kowalisyon nasyonal pou dwa Ayisyen/Ayiti (NCHR/Ayiti)
CEDH	:	Sant Ekimenik dwa moun
NCHR	:	Kowalisyon Nasyonal pou Dwa Ayisyen ki tounen kounye a Rezo Nasyonal Defans Dwa Ayisyen (RNDDH)
CARLI	:	Komite Avoka pou Respè Libète chak moun
OEA	:	Oganizasyon Leta Amerik yo
CivPol	:	Polis sivil Nasyonzini ann Ayiti
FPU	:	Inite Polis anndan MINUSTAH
GIPNH/ Swat Team	:	Gwoup entèvansyon Polis nasyonal d Ayiti
MSF	:	Medsen san Fwontyè
FIDH	:	Federasyon entènasyonal lig dwa moun
PNUD	:	Pwogram Nasyonzini pou Devlopman
ONG	:	Oganizasyon ki pa nan gouvènman
CEP	:	Konsèy Elektoral Pwovizwa
CIMO	:	Konpayi entèvansyon pou kenbe lòd
IML	:	Enstiti mediko-legal
URAMEL	:	Inite rechèch ak aksyon mediko-legal

ENTWODIKSYON

"Ayiti twouve l nan yon kalfou enpòtan", se sa Sekretè jeneral Nasyonzi an deklare nan yon rapò l fè 6 oktòb 2005.

Repiblik d Ayiti sot viv yon seri evènman boulvèsan nan 2 dènye ane ki sot pase yo : selebrasyon 200tyèm anivèsè endepandan peyi a, deteryorasyon rejim prezidan Jean-Bertrand Aristide la, plizyè gwoup ki pran zam nan divès vil peyi a, depa prezidan Aristide anba presyon, negosyasyon pou jesyon tranzisyon an, fòmasyon yon nouvo gouvènman avèk konkou kominote entènasyonal la epi òganizasyon eleksyon jeneral.

Nan mwa oktòb 2005, tranzisyon yo te mete sou pye apre depa Aristide la ta dwe fini. Sis mwa anvan dat tout moun ap tann nan, 7 fevriye 2006, li lè pou yo fè bilan.

Nan rapò sa a, Federasyon Entènasyonal lig dwa Moun (FIDH) pral tabli sou enfòmasyon li ranmase sou teren, ann Ayiti nan okazyon twa misyon youn dèye lòt :

- premye misyon an te dewoule 25 jiyè pou 4 dawout 2004, li te gen ladan l Mesye Benoit Van der Meerschen, Sekretè jeneral adjwen FIDH, li te gen avèk li Florent Geel, responsab pwogram nan Sekretarya entènasyonal FIDH la ;
- yon dezyèm misyon Mesye Benoit Van der Meerschen te dirije te vizite peyi a 13 rive 18 novanm 2004 ;
- Mesye Benoit Van der Meerschen te tounen ann Ayiti pou yon twazyèm misyon ki te fèt soti 13 rive 20 dawout 2005.

Manm misyon FIDH yo te jwenn bon jan èd ak kolaborasyon ekip Sant Ekimenik Dwa Moun (CEDH) ak Rezo Nasyonal defans dwa moun (RNDDH, ansyen NCHR/Haiti). Yon gwo mès pou yo.

Men moun manm misyon yo yo te rankontre :

- Mesye Boniface Alexandre, prezidan pwovizwa Repiblik d Ayiti epi prezidan Lakou
- Kasasyon
- Jeneral Hérard Abraham, ansyen minis Enteryè, minis Afè etranjè
- Mesye Bernard Gousse, ansyen minis Lajistis
- Mesye Henry Marge Dorléan, minis Lajistis
- Mesye Paul Gustave Magloire, minis Enteryè
- Mesye Paul-Emile Simon, manm Konsèy Saj yo
- Mesye Michel Donatien, jij Lakou Kasasyon
- Mesye Luc Fougère, jij Lakou Kasasyon ansanm ak tout jij Lakou Kasasyon yo

- Mesye Phel Yves Casimir, komisè gouvènman Okap Ayisyen
- Mesye Eddy Fortuné, sibtit komisè gouvènman Okap
- Mesye Michel Brunache, direktè kabinè prezidan Repiblik d Ayiti
- Komisè Leon Charles, ansyen direktè jeneral Polis nasyonal d Ayiti
- Mesye Hervé Julien, direktè depatmantal Nò Polis Nasyonal d Ayiti
- Mesye Michel Dieusseul (alyas Manno) kòmandan gwoup ame Nò yo
- Mesye Thompson Charliénor, majistra adjwen Sen Mak
- Mesye Necker Dessables, Pwotektè sitwayen
- Mesye Charles Manigat, dwayen Lekòl dwa Okap Ayisyen
- Mesye Thierry Burkard, anbasadè Lafrans
- Mesye James B. Folley, ansyen anbasadè ameriken
- Madam Dana L. Banks, Dezyèm sekrete Seksyon politik anbasad Etazini
- Mesye Louis Joinet, Espè Endepandan Nasyonzi sou sityasyon dwa moun ann Ayiti
- Mesye Mahamane Cisse-Gouro, responsab dwa moun nan Ho Komisarya Nasyonzi pou dwa Moun ann Ayiti
- Madam Carolina Hernandez Ramirez, seksyon dwa Moun nan Misyon espesyal OEA k ap travay pou ranfòse demokrasi ann Ayiti
- Mesye Pierre Esprance, direktè Rezo nasyonal defans dwa moun (RNDDH, ansyen NCHR-Haiti)
- Mesye Rénan Hédouville, sekretè jeneral Komite avoka pou respè libète chak moun (CARLI)
- Mesye Fred Denis, responsab Inisyativ sitwayèn
- Madam Kettelie Julien, direktris Enstiti mobil pou edikasyon demokratik (IMED)
- Madam Marjorie Joseph, kòdonatris Inite rechèch ak aksyon mediko-legal (URAMEL)
- Madam Véronique Sommaro, kòdonatris "pwoteksyon" nan Komite entènasyonal Kwa Wouj (CICR)
- Mesye Andy Apaid, lidè gwoup 184
- Mesye Joseph Lamour, komisè gouvènman Jakmèl
- Mèt Luc François, batonye lòd avoka Jakmèl
- Mesye Denis Laguerre, pastè Leyogàn

Manm misyon yo te ale nan vil Pòtoprens, Okap Ayisyen, Jakmèl, Sen Mak, Petyonvil ak Tigwav.

Pou rezon sekirite, FIDH pa mete non kèk viktim oubyen temwen nan rapò a.

I.- DEPA JEAN-BERTRAND ARISTIDE AK TRANZISYON AN

A.- Depa prezidan Aristid

Depi 29 fevriye 2004, Ayiti ap viv nan yon " tranzisyon ". Tranzisyon sa a pa montre li kab chanje sitiyoasyon an okontrè. Nan yon rapò l remèt Komisyon dwa Moun Nasyonzini 18 avril 2004, Espè endepandan Sekretè jeneral Nasyonzini an mete sou dosye dwa moun ann Ayiti a te byen dekri seri evènman ki te debouche sou enstalasyon gouvènman tranzisyon ki la a :

" Kèk jou anvan prezidan Aristide demisyone, li te deklare l ap rete sou pouvwa a pou l fin fè manda l menmsi l mouri pou sa ".

Le 29 fevriye, li siyen lèt demisyon l ki te ekri an kreyòl, pou l evite yon beny sa dapre sa l di.

Se konsa yo te kòmanse mete pwosesis tranzisyon an anplas.

Premye etap : Premye Minis Yvon Neptune rete nan pòs li, li pa kouri kite peyi a jan kèk lòt otorite abitye fè ; li mande gwo anplwaye leta yo ak bank yo pou yo rekòmanse travay. Prezans li te enpòtan pou tranzisyon an te kab fèt nan sans kontinuite leta, se sa k fè pwosesis la pa te sanble ak yon koudeta....

Dezyèm etap : Premye minis lan nonmen manm Komisyon twa pati ki te prevwa nan plan pou soti nan kriz la ki limenm ta pral debouche sou chwa yon Premye minis. Komisyon sa a ki te gen kòm prezidan yon pèsonaj ki pa nan patipri, Adama Guindo (kòdonatè Sistèm Nasyonzini ann Ayiti), te genyen tou yon reprezantan Fanmi Lavalas (Leslie Voltaire ki te toujou minis lè sa a) epi yon reprezantan opozisyon an (Paul Denis sou non Platfòm demokratik la).

Twazyèm etap : Jan manda l mande sa, Komisyon twa pati a nonmen yon Komite 7 Saj ki gen pou responsablite jwenn yon antant pou pwopoze non yon moun ki pou vin Premye minis ; Komite a gen pèsonalite ki soti nan divès sektè pami yo Simon Paul-Emile ki soti nan kouran Lavalas la.

Katriyèm etap : Apre Komite Saj yo te fin lanse apèl pou moun ki vle poze kandida kòm Premye minis apati yon pwofil yo te defini sou baz kontèks politik la, yo te kenbe twa non e se pami moun sa yo yo ta pral chwazi Gérard Latortue kòm Premye minis.

Senkyèm etap : Premye minis Yvon Neptune remèt demisyon gouvènman l lan bay prezidan pwovizwa repiblik la, Boniface

Alexandre ki nonmen Gérard Latortue Premye minis pandan yon seremoni ki dewoule anprezans Yvon Feuillé, prezidan Sena LAvalas la.

Sizyèm etap : Yo enstale gouvènman pwovizwa a ki antre an fonksyon imedyatman. Depa ansyen prezidan Aristide la se eleman ki ta pral deklanche yon bò, foute bouch klè kominote entènasyonal la nan demach pou rezoud kriz la, epi yon lòt bò pou louvri dyalog ant sektè ki te kont prezidan Aristide yo ak Lavalasyon yo.

Sepandan, gen anpil pwoblèm otorite ayisyen yo ap rankontre ki kab jwenn esplikasyon nan santiman sèten moun ki kwè yo vòlè viktwa sou Aristide la nan menm yo, ki kwè menm gen yon menm envizib ki kole yon ekip moun ak yon sistèm nan gòj yo. Se kesyon lejitimite gouvènman an menm ki poze la a. Gen moun ki menm di rasin gouvènman sa a se nan gwo peyi yo ye.

B.- Yon tranzisyon woule de bò

1.- Manda gouvènman tranzisyon an

Espè endepandan Nasyonzini an, M. Louis Joinet te rezime "pwogram" gouvènman tranzisyon an ki nan akò tranzisyon an konsa : " Akò a defini tou yon seri desizyon yo dwe pran pandan peryòd tranzisyon an nan domèn sa yo: sekirite, devlopman, batay kont enpinite ak koripsyon, desantralizasyon, eleksyon, refòm nan lajistis, demach anfavè yon konferans nasyonal ak yon nouvo kontra sosyal, ranfòsman enstitisyonèl pati politik yo ak òganizasyon sosyete sivil la, reensèsyon ansyen eleman ame yo epi fè Polis nasyonal la vin pwofesyonèl. Yon lòt kote, yo antann yo pou kreye kèk komisyon pou egzaminie yon seri kesyon tankou vyolasyon dwa moun ki fenk fèt yo, gagòt nan lajan leta ak lòt kesyon ki gen pou wè ak ansyen lame a. Akò a pale sou nesosite pou yo bay moun ki te viktim gouvènman lavalas la asistans ".

Lis sa a ki montre tout kote gouvènman pwovizwa a gen pou l fè refòm enpòtan bay yon lide sou kantite travay ki gen pou fèt.

2.- Yon estrikti konplike

Fason yo bati tranzisyon an menm, jan yo mete l anplas la tèlman rafine sa fè l konplike e sitwayen yo mal pou konprann li.

Rapò Sekretè jeneral Nasyonzini an prezante bay Konsèy Sekirite a 16 avril 2004 la kapab temwaye kouman sityasyon an konplike : " Apre chita pale ant prezidan pwovizwa a ak Premye minis ki te la a, yo pran desizyon pou fòme yon gouvènman tranzisyon. Le 4 mas 2004, yo mete yon konsèy twa pati sou pye ki gen reprezantan Fanmi Lavalas, Platfòm demokratik la ak kominote entènasyonal la. Le 5 mas gwoup sa a fòme yon Konsèy Saj ak 7 pèsonalite e Konsèy la limenm gen pou deziye yon Premye minis. Konsèy la te gen ladan l reprezantan sektè-kle nan sosyete ayisyèn nan tankou òganizasyon dwa moun, Legliz katolik ak episkopal, inivèsite, sektè prive epi pati politik Konvèjans demokratik ak Fanmi Lavalas. Le 9 mas 2004, Konsèy Saj la chwazi Gerard Latortue kòm Premye minis. Le 17 mas 2004, Premye minis lan nan kolaborasyon ak Konsèy Saj la fòme yon gouvènmantranzisyon ki gen 13 manm, pami yo 3 fanm ; yo chwazi moun sa yo sou baz konpetans pwofesyonèl yo menm pa paske yo se manm yon pati kèlkonk. Depi lè sa a gouvènman tranzisyon an ap fonksyone, l ap mennen aktivite l e li louvri bra bay sosyete sivil la yon fason pou l kab apiye sou yon baz solid. Men sa anpeche li sibi kèk presyon pou l kab konsidere enterè gwoup politik ki pa reprezante dirèkteman nan gouvènman an ".

Sa rive tou sitou konpetans espesyal estrikti enstitisyon sa a pa defini klèman. Konsa ann avril 2004, Sekretè jeneral Nasyonzini an te fè konnen : "jiska tou dènyeman, wòl Konsèy Saj la epi relasyon l ak gouvènman tranzisyon an pa klè ".

3.- Popilasyon an pa ranmase tranzisyon kòm zafè pa l

Kòm gouvènman tranzisyon an pa gen yon lejitimite ki soti nan eleksyon, li te pran prekosyon, li trase yon liy pou l pa depase, pou l pa chanje konstitisyon an. Konsa sou kesyon retou lame a, gouvènman an pito kite sa pou yon ekip ki soti nan eleksyon.

Fason gouvènman tranzisyon an fòme menm jan pou Konsèy Saj la oubyen Konsèy elektoral pwovizwa a (KEP) se rezilta yon antant politik. Manm gouvènman an ki te rankontre misyon FIDH la prezante tèt yo kòm teknisyen ki pa gen anbasyon pèsone. Yo revandike konpòtman sa a e yo kwè sa se garanti pou yon bon jesyon.

Tout pèsonalite sa yo ki fòme ekip gouvènman an, ki diferan, ki pa gen menm sansibilite politik, anpil fwa youn konn anfas lòt e sa konn lakoz blokaj tou. Li difisil pou yon moun li aksyon gouvènman an. Pa gen okenn objektif klè ki fikse.

Anfen, si nou mete sou sa eta administrasyon ayisyèn lan

delabre, sa ki anpeche yo konkretize objektif politik otorite yo te bay tèt yo, nou konprann poukisa aksyon gouvènman an bay lenpresyon pa gen okenn plan, se enpwovizasyon k ap fèt espesyalman nan sa ki konsènen fonksyon leta genyen pou li mete lòd.

C.- Yon gwo kriz konfyans

Pwogram gouvènman an te dve poze jalon pou politik la fèt yon lòt jan yon fason pou yo kab rezoud pi devan yon kriz twa tèt kote sitwayen yo pa fè ni enstitisyon yo, ni responsab politik yo ni kominote entènasyonal la konfyans.

1.- Sitwayen yo pa gen konfyans nan enstitisyon yo

Konstitisyon ki te adopte nan lane 1987 la sou prezidans jeneral Henry Namphi, menm jan ak lòt ki te la anvan yo pa te kab anpeche oubyen menm kanalize anbasyon dirijan pase sou pouvwa yo.

Fason yo itilize enstitisyon leta yo kit e deja pa t e gen kredi pou konsève pouvwa a vin fè popilasyon an plis pa fè enstitisyon sa yo konfyans.

Mete sou sa, kontradiksyon ki genyen ant sa yo rele tradisyon " jakobin " kote enstitisyon yo santralize yon fason egzajere epoutan nan reyaltite a enstitisyon yo pa gen kontwòl vreman sou tout teritwa a, sa vin ogmante santiman yon pati nan popilasyon an ki kwè yo abandone l. " Etabli otorite Leta andeyò Pòtoprens, se yon defi enpòtan tou pou gouvènman tranzisyon an. Gen anpil kolektivite lokal ki pa gen administrasyon nan tèt yo e se gwoup ame ilegal k ap kontwole yo ".

Anfen, enstitisyon ki sipoze la pou pwoteje dwa fondamantal Ayisyen yo, pami yo Polis nasyon la se pi gwo egzanp, se yo an premye ki fayi nan misyon yo e ki tounen pi gwo bouwo poum popilasyon an. Nan rapò nou te site pi wo a, Espè endepandan Nasyonzini an lonje dwèt sou sa l rele " mank oubyen absans yon bon jan kilti Leta lakay anpil dirijan politik ak kad ki nan tèt administrasyon an".

2.- Sitwayen yo pa fè responsab politik yo konfyans

" Sosyete ayisyen an se yon sosyete ki mete anpil moun sou kote ", dapre sa prezidan ayisyen an M. Boniface Alexandre deklare bay responsab misyon FIDH la.

Rich ak pòv, moun nan dyaspora ak moun ki nan peyi a, moun andeyò ak moun lavil, Pòtoprens ak rès peyi a, nan sosyete

AYITI : KI AVNI POU YON TRANZISYON RATE

ayisyen an se tout kantite baryè sa yo ki egziste ant gwoup yo, ant klan yo ant klas sosyal yo.

Nan mozayik sosyokiltirèl sa a, Jean-Bertrand Aristide te reprezante senbòl revanj yon gwoup sou yon lòt. Viktwa l nan eleksyon yo te pèmèt klas popilè yo leve tèt yo devan ti ponyen grannèg ki kenbe peyi a ak tout richès li yo anba men yo depi kreyasyon Ayiti kòm Leta endepandan.

Lesefrape sa a ki make lavi piblik ayisyen an epi tout pwoblèm klè sa yo ki genyen ant de kan ki pa antann yo sou anyen egziste reyèlmanvre e yo pa bay okenn garanti pou yon rekonsilyasyon nasyonal.

Dyalòg nasyonal la " yo deja anonse plizyè fwa " te derape finalman men li toujou rete yon dwoum vid epitou sitwayen yo toujou aleka. Lejitime popilè mouvman lavalas la te genyen nan kòmansman te vin tounen yon lit ant klas olye l te chache tabli yon akò sosyal ak tout popilasyon an, klas politik la ak sektè ekonomik yo. Tranzisyon sa a pa sanble l gen kapasite nonplis pou l leve defi sa a : separasyon lavi politik la an miyèt moso lakoz yon de kan e malgre kèk inisyativ sosyete sivil la, aktè politik yo pa rive depase pwoblèm sa yo. Mete sou sa, gouvènman tranzisyon sa a paf è anyen pou pèmèt Ayisyen yo ranmase tranzisyon an kòm zafè pa yo. Se tankou tranzisyon an pa pou yo, se yon bagay ki fabrike aletranje. Absans yon akò sosyal ak yon api popilè se youn nan pi gwo baryè pou tout chanjman ann Ayiti.

Lòt gwo pwoblèm ki rte ankò se òganizasyon klas politik ayisyen an. Peyi a gen apeprè 80 pati politik ki chita sitou sou pèsonalite chèf yo ak sou de pwogram popilis. Pakèt ti gwoup sa yo sou sèn politik la fè moun pa kab prevwa sa ki kab rive demen.

3.- Sitwayen yo pa fè kominote entènasyonal la konfyans

" Sa fè twa fwa etranje debake lakay nou ", se sa yon obsèvatè lavi politik ak sosyal ayisyen an deklare bay chèf misyon FIDH yo.

Oparavan deja, " Konsèy sekirite a te adopte Rezolisyon 940 (1994), pou otorize debakman yon fòs miltinasyonal 20000 manm pou te fasilite retou rapid otorite lejitim ayisyen yo, kenbe yon klima sekirite ak estabilite nan peyi a epi fè pwomosyon pou yon Leta ki chita sou lalwa. Te gen lòt misyon Nasyonzini ki te rive apre fòs miltinasyonal ant 1994 ak 2001. Yon lòt kote, kominote entènasyonal la te mobilize anpil resous pou fè fas ak sitiyo imanitè a ki grave pi potekole nan devlopman Ayiti ".

Aprè l te fin relve kèk reyalizasyon pozitif ak echèk ki soti nan entèvansyon kominote entènasyonal la, Sekretè jeneral Nasyonzini an te fè remake tou " si se vre sitiyo sa a se rezilta mank volonte politik dirijan ayisyen yo, fò n rekonèt tou demach kominote entènasyonal la te montre anpil feblès ".

Entèvansyon kominote entènasyonal la pa anpeche sitiyo politik, ekonomik ak sosyal peyi a degrade. Anpil aktè ayisyen gen gwo dout nouvo entèvansyon sa a ap pote kichòy, gen moun ki menm lonje dwèt sou li kòm yon " parad " entènasyonal.

Misyon Nasyonzini pou estabilize Ayiti a (MINUSTAH) tabli dapre Rezolisyon 1529 ki te adopte 29 fevriye 2004 la. Dapre chapit VII Konstitisyon Nasyonzini an, Konsèy sekirite a te kalifye sitiyo Ayiti a kòm yon menas pou lapè ak sekirite entènasyonal nan rejyon an. Pasasyon pouvwa a ant fòs militè entènasyonal la (MIF) ak MINUSTAH te dewoule le 1e jen 2004. Alòske prezans misyon an ann Ayiti te prevwa pou 6 mwa ak posiblite pou l rebise, an janvyè 2005, Konsèy sekirite a te mande pou misyon Nasyonzini an rete ann Ayiti toutan sa nesèsè. 25 jen 2005, Konsèy sekirite a pwolonje manda MINUSTAH pou jis 15 fevriye 2006.

Jan yo di sa sou sit entènèt misyon Nasyonzini an ann Ayiti, objektif prensipal MINUSTAH se :

- Pou apiye gouvènman tranzisyon an nan tabli sekirite ak estabilite ki favorab pou eleksyon kredib fèt ak tout sektè ;
- Tabli baz estabilite peyi a nan reyalize pwogrè nan refòm enstitisyon Leta epi nan amelyore endikatè sosyo-ekonomik yo.

II.- RANDEVOU GOUVÈNMAN TRANZISYON AN RATE

A.- Yon mizè san limit

Jan Espè endepandan Nasyonzini an M. Louis Joinet fè sonje l, "makònay dwa sivil, politik ak dwa ekonomik sosyal ak kiltirèl yo se yon kesyon enpòtan ann Ayiti. (...) Premye vyolasyon dwa moun gwo majorite pèp ayisyen an- nou te souliye l- se mizè a. (...) Kèlkilanswa degre lejitimite gouvènman ki la a ta genyen, li eritye yon sityasyon sosyal katastwofik ak yon peyi kote enstitisyon yo ravaje ".

Ann Ayiti, pi gwo tèt chaje sitwayen yo se pou yo manje. " Sa parèt klè nan je tout moun, anpil Ayisyen pa kab manje ", se sa youn nan responsab Acheveche Okap la deklare bay chèf misyon FIDH yo.

Dwa pou moun travay pa egziste nan peyi sa a e chomaj la se yon pwoblèm dikdantan ki pa janm rezoud.

Dwa pou moun rete nan yon bon kay pa respekte. Nan bidonvil yo, moun ap viv pil sou pil, kantite moun k ap viv nan zòn sa yo, gwo lapli ak mank enfrastrikti fè ti kay sa yo toujou sal epi yo danjere. Avèk absans dispansè kòrèk kote pri yo abòdab, dwa lasante a limenm tou se yon rèv, mete sou sa sèvis tankou distribisyon dlo ak elektrisite ap mache mal.

" Ayiti se sèl peyi nan Amerik la ki sou lis peyi yo rele peyi mwen avanse yo. Moso zile sa a ki sou wout devlopman gen apeprè 8 milyon 500 mil abitan, li chita sou 27 750 kilomèt kare. Peyi a fenk soti nan yon sityasyon konfli. Sektè komèsyal ayisyen an efondre. Karant sou san revni peyi a soti nan transfè Ayisyen aletranje yo fè. Endikatè sosyo-ekonomik yo bay tèt chaje nan yon peyi kote twou ki separe rich ak pòv yo laj anpil epi gen yon ti klas mwayèn tou zuit. Anviwon 52% popilasyon an ap viv nan yon sityasyon malsite ".

Devan tablo sa a ki sonm anpil, Sekretè jeneral Nasyonzini an deklare : " nan dènye mwa sa yo, latwoublay politik yo te anpeche plis toujou popilasyon an resevwa sèvis esansyèl yo ". Epoutan se nan domèn dwa ekonomik ak sosyal yo gouvènman an te dwe montre sa l kab fè an premye.

1.- Sitou peyi a ap sibi yon chanjman nan de nivo :

Klas mwayèn nan k ap poze tèt li kesyon sou plas li nan peyi a e ki toujou anvi pati aletranje.

Peyizan yo yo menm ki pa gen okenn mwayen ankò pou yo viv

pa wè lòt solisyon sinon antre lavil ki se yon vre filalang.

Konsa, mwaye nan peyizan yo ap viv Pòtoprens, "Repiblik Pòtoprens " kote yon milyon de san oubyen twa san mil peyizan ap viv youn sou lòt nan bidonvil.

" Akoz politik agrikilti a ki echwe ak anviwònman an ki deteryore, kantite moun k ap viv nan vil yo depase de fwa lavalè depi mitan ane 70 yo. Jounen jodi a vil yo gen prèske 40 sou san popilasyon peyi a, Pòtoprens akeyi plis pase 2 milyon moun. Konsantrasyon popilasyon an ak mizè a nan yon seri ti kounouk kote ki pa gen okenn kontwòl, okenn sekirite, reprezante non sèlman yon sityasyon frajil nan nivo fizik ak sosyal men tou se yon anviwònman kote anyen pa sèten. Akoz chomaj la ki toupatou nan peyi a, anpil jèn ki pa wè devan ki pa wè dèyè vin devlope yon konpòtman radikal, yo sèvi ak zam pou fè vyolans. Sityasyon imanitè sa a ki sanble yon dezaz lakoz popilasyon yo deplase anpil, yon pakèt ayisyen pòv kite peyi a pou al chèche lavi miyò lòt kote ".

Chanjman sa yo k ap fèt ni nan estrikti sosyete a ni nan fason l òganize pa te jwenn sipò pouvwa piblik yo, kit se nan zafè edikasyon, fòmasyon, enfrastrikti, nan politik ekonomik kit nan zafè òganize teritwa a, nan èd sosyal eks....

Dènye monte pri gaz la vin lakoz pri tout lòt pwodui premye nesosite yo ogmante e sa agrave sityasyon ekonomik lan nan tout peyi a.

Jan Sekretè jeneral Nasyonzini an fè remake san an rapò oktòb 2005 lan, "sityasyon ekonomik peyi d Ayiti kontinye viktim anba kriz politik la ". Dapre li, " bezwen popilasyon an genyen pou sèvis sante piblik, edikasyon, dlo potab, sekirite ak jistis ansanm ak enfrastrikti piblik, se bagay ki pa ka rete tann ".

B.- Ensekirite blayi toupatou

1.- Endistri ensekirite a

" Chak ane ki pase, kondisyon sekirite yo ap degrade, sa se konsekans jan PNH la politize, li dezentegre epi nkantite gwoup ame paralèl " chimè yo " ki devlope nan peyi a. Se sou gwoup sa yo ansyen prezidan an te apiye pou l te kab kenbe pouvwa a. Pou fè travay sa a, gwoup sa yo te konn jwenn ti kòb epi yo te gen tout libète pou kaponnen opozan politik yo ak sèten sektè nan popilasyon an kip a te dakò ak politik rejim

AYITI : KI AVNI POU YON TRANZISYON RATE

nan, yo te vin lage kò yo nan krim òganize sitou nan trafik dwòg. Devan sityasyon sa a, anpil Ayisyen te chache gen zam pou pwoteje tèt yo epi konpayi sekirite prive yo k ap aji san kontwòl te ogmante trafik zam lejè yo nan yon nivo moun p ako janm wè nan peyi a ".

Sekretè jeneral Nasyonzi an presize pwoblèm yo anvan tout lòt bagay se pwoblèm ki makònen ak chapant peyi a menm e, malgre prezans kominote entènasyonal la nan zafè sekirite a, klima jeneral la rete ensèten.

Ensekirite sa a ki pa sispann monte epi ki pran plizyè fòm ak tout vyolans li trennen dèyè l la se Leta a l ap konbat.

Pa egzanp, 1e desanm 2004, apre Konsèy Sekirite Nasyonzi an te vote yon rezolisyon pou pwolonje manda MINUSTAH ann Ayiti pou 18 mwa, yo te tire plizyè bal sou Palè prezidansyèl la. Nan moman atak la yo di ki te zèv chimè yo, Premye minis Gérard Latortue t ap resevwa Sekretè d Eta ameriken an M. Colin Powell. Menm jan an tou nan mwa dawout 2004, Sekretè d Eta franse pou Afè Etranje a, M. Renaud Muselier ki t ap vizite katye Site Solèy te kouri kite zòn nan anba kout zam, sa te deklannche yon fiziyad pandan plizyè èdtan ant jandam franse aj chimè yo anvan MINUSTAH te entèvni.

Se popilasyon sivil la ki pi gwo viktim vyolans lan ki pa sispann ogmante. Zak kidnaping, kadejak ak atak yo ap miltipliye. Vil yo, espesyalman bidonvil yo tounen pèlen kote Leta pa anmezi pou garanti sekirite lavi moun ak byen yo. Ensekirite a la chak jou epi li layite toupatou malgre prezans fòs Nasyonzi yo.

1.a.- Fòk yo distenge klè plizyè kalite ensekirite ann Ayiti :

Tou dabò, gen yon delenkans ki konsantre sitou nan vil yo ak nan katye pòv yo. Distans ant Ayiti ak Etazini ki tou pre fè peyi sa a tounen yon kafou enpòtan pou dwòg ki soti nan rejyon Amerik di Sid la pase. Devlopman endistri mafya sa a nan dènye ane sa yo ann Ayiti lakoz vyolans lan ogmante epi l finance gwoup kriminel yo. Delenkans lan te vin pi grav tou paske apre mouvman ki te kapote Aristide la tout prizonye, menm sa ki te fèmen pou krim te sove.

Yon lòt bò, gen yon ensekirite ki soti nan prezans gwoup ame tout plimay ki te patisipe nan dechouke ansyen prezidan Aristide : ansyen militè, opozan ak zam, gwoup mafya k ap chache pozisyon estratejik, ansyen patizan pouvwa a, eks....Pami gwoup sa yo pa egzanp gen " lame kanibal " ki vin tounen " Fwon rezistans Gonayiv " apre sasinay lidè yo, genyen tou sa Espè a rele " nouvo militè yo, se yon seri moun ki gen

nostalji pou ansyen lame a prezidan Aristide te kraze an 1995, sèten nan moun sa yo gen anbisyon pou tounen sou sèn politik la epi gen lòt ki vle pou lame a retounen swa dirèkteman swa sou fòm degize ak prezans yon fòs jandam bò kote fòs polis la.

Anfen, gen yon ensekirite se patizan ansyen prezidan Aristide yo (chimè yo) ki kreye l paske yo kwè yo kwè enstabilite a ap ranfòse pouvwa yo sou kouch moun ki pi pòv nan sosyete a epitou pi devan sa kab favorize retou Fanmi Lavalas oubyen yon òganizasyon politik ki soti anndan l sou pouvwa a. " Gwoup sa yo plizoumwen òganize anba direksyon sa yo rele lidè Oganizasyon popilè gouvènman Lavalas la te mete sou pye " dapre sa Espè endepandan an fè sonje.

Santiman ensekirite a te ranfòse tou ak rimè piblik yo te itilize kòm zouti pou simen latèrè.

Diferans ki genyen ak peryòd Jean-Bertrand Aristide te prezidan an klè dapre responsab gwoup 184, M. Andy Apaid paske nan moman sa a, " se Palè nasyonal, ministè Lajistis ak Enteryè ki t ap planifye krim yo ".

Ensekirite ki tabli ann Ayiti a reprezante yon fren pou devlopman peyi d Ayiti, e sityasyon sa a la depi plizyè lane. Vreman vre, enstabilite politik la ak atak k ap fèt toutan kont moun ak byen yo fè biznismann yo pè envesti lajan yo pou devlope aktivite yo ann Ayiti. Tout aktè ekonomik manm misyon yo rive rankontre pandan sejou yo lonje dwèt sou maling mank respè pou pwopriyete prive moun rejim ansyen prezidan Aristide la te tabli nan peyi a. " Yo pa dwe fè moun ki vle kreye richès yo pè ", deklarasyon Andy Apaid Gwoup 184 la ki vize responsab politik ayisyen yo klèman. Men tou li kwè " moun ki kab kreye richès yo dwe denonse kondisyon lavi a ann Ayiti". Dapre li se sèl fason, nan aji sou de aspè yo nou kab espere mete fren nan sityasyon sa a.

Jounen jodi a, li parèt klè, mank rezilta gouvènman sa a nan volonte l genyen pou l redui vyolans ak delenkans lan bay tèt chaje. Se li menm ki gen responsablite asire sekirite sitwayen yo.

Jan ansyen minis Lajistis la, Mèt Bernard Gousse di manm misyon FIDH la, " tire zam te lejitim paske sa te fèt nan kad batay kont Aristide la, kounye a se pa menm bagay ankò ". Kounye a fòk yo sispann pale, fòk yo aji, sou pwèn sa a pa gen padonab pou politik gouvènman an. Sèten obsèvatè nan lavi politik ayisyen an pa ezite mete dout dout sou kapasite gouvènman sa a pou l mennen yon aksyon byen prepare nan domèn sa a, sa ki pi rès la se ta egajere pwoblèm nan pou jwenn pretèks pou mete zam nan men patizan pa l.

AYITI : KI AVNI POU YON TRANZISYON RATE

Antouka, nan tout chita pale manm misyon FIDH yo fè pandan pasaj yo, sa ki soti montre gouvènman an pa gen kontwòl peyi a. Gang ame yo la pi rèd, dezòd toupatou : gwoup ame ap fè arestasyon, anpil polisye yo revoke pati ak zam, radyo ak inifòm yo, gen gwo kriminel ki patisipe nan konkou pou antre nan polis nasyonal la, eks...Menmsi an jeneral, pa gen yon kòmandman ni yon konpòtman inifòm pami gwoup sa yo, sitiyou an kab pete nenpòt lès itou paske gwoup sa yo ap vyole dwa moun.

1.b.- Egzanp : Lagè gang yo nan Pòtoprens

Oganizasyon ayisyen k ap defann dwa moun yo te lanse yon rèl tèt ansanm 31 desanm 2004 pou denonse otorite yo kip a fè anyen pou rezoud pwoblèm ensekirite a espesyalman lagè k ap fèt ant gang nan katye popilè Pòtoprens yo. Dapre òganizasyon sa yo, temwayaj yo ranmase nan bouch abitan Fòtouwon ak Lasalin nan dat 15 ak 31 desanm fè konnen batay ant gang nan 2 sektè sa yo ta fè plis pase 18 mò e gen plis pase 500 fanmi ki kite zòn sa yo. Nan maten 31 desanm 2004 la, lopital jeneral resevwa 7 moun ki blese ak bal. Batay sa yo t ap fèt pou kontwòl taks mache Kwabosal la. Dapre temwayaj abitan yo, lè gang yo ap opere yo kidnape moun, fòse yo bay lajan, yo boule byen moun, yo vyole fanm epi yo touye moun san kè sote, yo kenbe popilasyon an ann otaj.

Gen 4 komisarya nan zòn nan: youn Lasalin, youn Pòtay Sen Jozèf, youn nan Palman an epi Kafeterya, malgre sa pa gen okenn mezi espesyal yo pran pou frennen vyolans lan, arete koupab yo epi mete sekirite nan zòn nan. Okontrè, gen moun ki akize sèten polisye ki ta nan konfyolo ak gang yo.

Jiska prezan ni responsab Lakomin, ni lapolis, ni gouvènman an oubyen MINUSTAH pa leve ti dwèt devan evènman sa yo, yo lage popilasyon an san defans anba bann ame sa yo.

1.c.- " Operasyon Bagdad la " ak sa l pote kòm konsekans

Nan okazyon anivèsè koudeta 30 septanm 1991 lan, patizan ansyen prezidan Lavalas la Jean-Bertrand Aristide te lanse

yon mobilizasyon ki t ap vin pi grav chak jou jis nan mwa jiyè 2005. Seri atak ak sasinay sa yo ki te kòmanse ofisyèlman 30 septanm 2004 nan divès kwen kapital la se yon operasyon ki te fèt pou destabilizasyon ak pwopagann. Gwoup ame yo ki di yo se patizan Lavalas kidnape pou pi piti 3 polisye epi koupe tèt yo. Soti desanm 2004 rive fevriye 2005, 38 polisye ak 417 moun nan popilasyon an mouri ak bal. An jeneral, eleman ame sa yo detui byen prive ak byen piblik, yo touye, yo vòlè afè moun, fè kadejak sou fanm yon fason pou tabli yon klima latèrè epi paralize aktivite ekonomik ak sosyal la. Zak sa yo ki repete tanzantan konsantre espesyalman nan zòn kapital la : Fò Nasyonal, Waf Jeremi, Bèlè, Vilaj de Dye, Site Solèy, Solino, Pòs Machan, Lasalin, Dèlma 2, Sen Maten, eks...

Soti avril rive jiyè 2005, zak kidnaping yo te ogmante anpil : Rezo Nasyonal Defans Dwa Moun konte ant 10 a 20 ka kidnapin chak jou pandan peryòd sa a. Depi jiyè, sitiyou an te yon ti jan amelyore sitou apre lè yo te deplwaye plis polisye nan kapital.

Pandan dènye mwa sa yo, òganizasyon ayisyen defans dwa Moun yo rapòte plizyè ka moun ki mouri sasinen nan kapital la ak nan rès peyi a.

Lopital inivèsite Leta d Ayiti (Lopital jeneral) resanse ka yo konsa :

Soti 1e rive 30 septanm 2004 : 103 moun mouri ak bal ak 114 blese ak bal

Soti 1e rive 26 oktòb 2004 : 63 mò ak bal ak 127 blese ak bal. Mò yo soti nan katye Bèlè, Site Solèy, Site de Dye, Matisan ak Kafou (katye pòv ki gen anpil patizan Lavalas) ; tandiske moun ki blese yo soti plis nan zòn Matisan, Granri, Avni Poupla, Lasalin, Dèlma 30 ak Dèlma 18.

Pou sèl jounen 26 oktòb 2004 la, Lopital jeneral resevwa 17 mò, 3 soti Bèlè, 5 Fò Nasyonal, 1 Lamanten/Kafou, 5 soti nan lòt zòn yo pa site.

RNDDH fè yon bilan kote l resanse anpil ka vyolasyon dwa moun espesyalman atak kont lavi moun:

Sasinay yo anrejistre	Mas-Avril 2004	Me-Jen 2004	Jiyè-Dawout 2004	Sept-Okt. 2004	Nov-Des 2004	Janv-Fev. 2005	Mas-Avril 2005	Me 2005	Total
Sivil	158	132	67	185	158	74	137	43	954
Polisyè	6	2	11	15	8	15	14	2	73
Kas ble (MINUSTAH)							3	1	4
Total	164	134	78	200	166	89	156	46	1031

Sous: RNDDH, Lopital jeneral, PNH, JILAP, Lopital Sen Jozèf

AYITI : KI AVNI POU YON TRANZISYON RATE

" Bilan sa a pa konte moun ki blese ak dega materyèl ki fèt pandan peryòd la. Li pa konte nonplis ka kidnapin yo kip a sispann ogmante nan peyi a dènye mwa sa yo ", dapre RNDDH. Pou blese ak bal sèlman, Medsen San Fwontyè swaye anviwon 660 blese soti desanm 2004 rive me 2005. Pou sèl jounen 31 me 2005 lan, sant medikal ONG franse a resevwa 18 ka blese ak bal pamiyo gen 5 ki gen pou wè ak dife yo te mete nan mache Tèt Bèf la.

20 dawout 2005 nan Pòtoprens, plizyè inite espesyalize PNH, abiye an nwa, fè yon entèkansyon nan Pak Sent-Bènadèt, katye Matisan nan okazyon yon match foutbòl kote plis pase 6 mil moun t ap asiste. Polisye yo te vle mete men sou kèk bandi lapolis t ap chache. Alòske gen yon endikatè ki t ap idantifye bandi ki te nan match la pou lapolis, bandi yo tonbe tire, yo kreye panik, yo touye endikatè lapolis la. Menm kote a yon echaj kout zam kòmmanse ant lapolis ak bandi yo. Nan yon ankèt RNDDH mennen li rive idantifye 10 mò ak 6 blese men bilan an kab rive nan 30 mò ak 50 blese, dapre RNDDH.

Se pa sèlman nan afwontman ant polisye ak gang yo moun sa yo viktim. Popilasyon zòn nan ki te ame tèt li pou kontre kòn ak bandi nan katye sa a, lè yo aprann lapolis ter sènen bandi yo te kouri sou teren an epi atake bandi ki t ape seye sove yo ak kout manchèt. Nan kafouyaj la, plizyè inosan ki t ap asiste match la te resevwa kout manchèt ak zam a fe.

Kesyon moun k ap chache zam pou defann tèt yo se yon repons popilasyon an bay ensekirite a kip a sispann monte pi wo degre chak jou alòske lapolis montre l enkapab rezoud pwoblèm nan. Dapre RNDDH : " depi ensidan Solino a kote popilasyon sivil la te touye 5 sispèk, gen yon klima tansyon ki tabli nan zòn Matisan, trak ap sikile pou mande abitan yo fè tankou Solino pou yo debarase katye yo ak bandi epi fini ak egzaksyon k ap fèt sou popilasyon sivil la tankou kadejak, vòl ak zam, kidnapin, kase ponyèt moun pou pran lajan, maspinay, kou ak blese, eks... "

Dapre RNDDH, sanble se apre entèkansyon MINUSTAH ak PNH nan katye cho yo, sèten gang ame Bèlè, Solino, Vilaj de Dye, Dèlma 2 ta deplase al refijye nan Matisan ak Gran Ravin. Prezans gang sa yo popilasyon an rele " Ajanten " vle fè katye Matisan tounen yon nouvo zòn " non-dwa " nan kapital la.

2.- Dezame, yon priyorite oubyen yon pawòl van ?

Tout moun manm misyon FIDH yo rankontre mete kesyon dezameman gwoup ame yo ak sosyete a devan kòm mwayen endispansab pou rezoud pwoblèm enstabilite ak ensekirite ann Ayiti.

Ann Ayiti kesyon an delika anpil. Tou dabò, li enpòtan pou n konnen zafè zam ki nan men moun yo gen pou wè ak nesosite pou moun yo defann tèt yo devan ensekirite a pouvwa leta yo pa kab rezoud akoz feblès yo, sa soti tou nan ideyoloji ki anba kreyasyon Ayiti menm, jan sèten moun rakonte l bay manm misyon yo nan vil Okap: "Sonthonax te bay Ayisyen yo yon fizi epi l te di yo: mwen ba nou libète nou!" Ann Ayiti, remèt yon zam se pa yon bagay fasil epi sa vle di anpil kòm senbòl. Anfen, posede yon zam pèsònèl se yon dwa Konstitisyon an rekonèt, "sou plan jiridik, se pa posede zam nan ki pwoblèm nan, men se lè zam nan ilegal paske mèt li pa deklare l lapolis".

Kesyon an kounye a se pou konnen kouman yo pral fè dezameman an sou teren an. Prezidan repiblik la, M. Boniface Alexandre ki rekonèt difikilte yo deklare bay manm misyon yo: "fòk nou fè dezameman an nan dyalòg men pa ak lafòs".

Apre plizyè mwa dilatwa ak diskisyon, gouvènman tranzisyon an pran angajman pou l peye aryere salè militè demobilize ki te patisipe nan pwogram Demobilizasyon-Dezameman ak Reyabilitasyon an. Si dezasyon sa a se yon pa pozitif pou militè demobilize yo kab depoze zam yo, ka sa a parèt piti devan kantite gwoup ame ki egziste ak wòl y ap jwe nan sosyete a.

Yo pa dwe pran kesyon dezameman an pou redui l ak dezameman ansyen militè yo sèlman oubyen dezameman patizan ame Lavalas yo. Ansyen direktè jeneral Polis nasyonal d Ayiti a (PNH), M. Léon Charles, ki te rankontre misyon FIDH la sanble pa wè twò klè menm lè li rekonèt PNH la gen yon wòl pou l jwe. Li fè konnen: "yo pa kab kite peyi a bay bandi ankò".

Si gen pwogram dezameman k ap fèt, pwoblèm sikilasyon zam nan mande yon kanpay nasyonal ki ta fèt nan tèt ansanm ak fòs entènasyonal yo ki gen manda pou sa dapre Rezolisyon 1542 a. Pwogram Demobilizasyon-Dezameman-Reensèsyon (DDR) yo konsène sèlman sèten militè demobilize (Okap-Ayisyen ak Taba). Yo ta dwe fè pwogram DDR yo touche tout ansyen militè ak tout lòt gwoup ame yo epi tanmen yon kanpay pou dezame tout sivil ki gen zam ak gwoup mafya yo. Konsèy sekirite a te menm fè sonje nesosite sa a pandan l ankouraje gouvènman tranzisyon an: " pou l kreye san pèdi tan Komisyon nasyonal dezameman, demobilizasyon ak reensèsyon an, pou yo kab trete pwoblèm tout gwoup ame yo, espesyalman ansyen manm lame yo yon fason global". Konsèy la di tout sa yo pral bay dwe fè pati yon solisyon global epi k ap dire.

Yon lòt kote, gen yon kesyon okenn moun nan gouvènman sanble pa vle poze pou konnen kote diferan gwoup sa yo,

AYITI : KI AVNI POU YON TRANZISYON RATE

rebèl ou non, jwenn tout zam sa yo, epi kouman zam sa yo fè rive sou teritwa ayisyen an. Kesyon sa yo enpòtan anpil si yo vle rezoud pwoblèm sikilasyon zam nan ann Ayiti. Kontwòl fwontyè yo ak machandiz k ap antre yo dwe fèt sere si yo vle pwogram dezameman an bay rezilta epi gen yon konsekans sou sekirite popilasyon an. Sou pwen sa a, manda MINUSTAH pèmèt fòs entènasyonal yo asire kontwòl fwontyè yo bò kote gadkot yo ak Polis nasyonal la.

Si yo ta kreye yon rejis nasyonal pou anrejistre tout moun ki gen zam legal nan men yo, sa t ap pèmèt yo gen yon pi bon kontwòl sou zam a fe k ap sikile nan peyi a. Yon mezi konsa t ap pèmèt yo respekte dwa Konstitisyon an bay moun pou yo gen zam men tou li pèmèt yo redui kantite zam nan epi kontwole trafik la. La a tou, kominote entènasyonal la atravè aksyon tout enstans MINUSTAH yo gen yon wòl pou l jwe.

3.- Wòl MINUSTAH

" Sekirite a pa premye priyorite pou Ayisyen yo sèlman, se pwoblèm kominote entènasyonal la tou "

Juan Gabriel Valdès, Reprezantan espesyal Sekretè jeneral Nasyonziini an ann Ayiti,

8 desanm 2004

Nan zafè sekirite, manda MINUSTAH se pou apiye gouvènman tranzisyon an pou l kab : tabli yon anviwònman estab ; ankadre, restriktire epi refòme Polis nasyonal d Ayiti a (PNH) dapre egzijans entènasyonal yo, mennen pwogram Demobilizasyon, Dezameman, Reyabilitasyon pou tout gwoup ame, sitou pou fanm ak timoun ki asosye ak gwoup sa yo, mete kontwòl sou zam epi pran mezi sekirite piblik ; tabli yon leta ki chita sou lalwa, tabli sekirite ak lòd piblik ann Ayiti ; pwoteje popilasyon an anba menas ki pandye sou tèt li dapre kapasite l yo ak zòn kote l ap viv.

Kapasite sa yo vle di monte yon fòs sivil ak militè ki gen 1 622 polisye sivil ak 6 700 militè ki anba kòmandman dirèk Reprezantan espesyal Sekretè jeneral Nasyonziini an ann Ayiti. 12 janvyè 2005, prezidan Konsèy Sekirite te mande peyi ki konsène nan MINUSTAH a pou yo " founi twoup ak polisye an kantite pou yo kab jwenn kantite yo bezwen pou fòs la " epi l te fè remake " li endispansab pou yo fini ak demach sa a byen vit pou yo kab kontinye garanti siksè operasyon an ". Nan kòmansman fevriye 2005, MINUSTAH te gen ofisyèlman 1 347 polisye sivil ak 5 829 militè. Kòm MINUSTAH pa te janm rive jwenn kantite moun ki prevwa nan Rezolisyon 1529 29 fevriye 2004 la, mete sou sa defi ensekirite a ki vin pi grav pandan dat eleksyon yo ap pwoche, Konsèy sekirite a decide

" ogmante pwovizwaman kantite manm (polis ak militè) MINUSTAH pandan peryòd elektoral la ak peryòd tranzisyon politik k ap vin apre a " pou fè polis sivil la (CivPol) rive 1 897 manm epi fè kantite militè yo rive 7 500 manm.

Ann oktòb 2005, Sekretè jeneral la te fè konnen nan yon rapò " avèk batayon jòdanyen an epi konpayi esrilanckè yo k ap kòmanse travay ann oktòb 2005, seksyon militè a ap manke yon sèl konpayi parapò ak kantite ki prevwa nan Rezolisyon 1608 (2005) Konsèy sekirite a ". Konsènan CivPol la, rapò Sekretè jeneral la di yo deplwaye 85 polisye senegalè nan mwa dawout 2005 epi gen " yon uityèm inite polis ki soti Nijerya k ap rive ann oktòb ".

Alòske tout total fòs yo pako prezan sou teren an epi yo pa kouvri tout teritwa a, MINUSTAH gen gwo defi pou l leve nan zafè sekirite a. Jan nou te sot wè sa deja, ensekirite a ap vale teren, gang yo kontwole lari a epi lapolis pa gen ase bra, desizyon l yo pa respekte akòz pozisyon politik li te konn pran sou ansyen rejim nan epitou akòz koripsyon k ap minen l.

MINUSTAH li menm pa gen yon bèl imaj, pafwa yo konsidere l kòm yon fòs okipasyon men pi souvan yo wè l kòm yon lame an vakans. Popilasyon an ap tann Misyon Nasyonziini an voye mesaj klè bay gwoup ame yo ak aktè k ap fè ensekirite yo: nan premye faz sa a fòk yo ta deja wè patwouy lannuit, prezans militè nan pwen cho yo, ankadreman polis la, arestasyon lidè ak chèf gang yo.

Nan yon premye tan, polis la ak MINUSTAH te sanble kite evènman yo depase yo, kòm egzanp evènman fen ane 2004 yo ak atak ansyen militè yo te mennen nan kèk vil pwovens tankou Leyogàn. Fen ane 2004 la se te yon tès enpòtan kote diferan gwoup ame yo te sonde kapasite MINUSTAH ak PNH la pou yo reyaji.

Inite PNH yo ak fòs MINUSTAH yo te anfas yon seri gwoup nèg ame mobil yo pa te kab ni arete ni metrize.

Se jis vè finisman ane 2004 la ak nan kòmansman ane 2005 lan 2 fòs legal yo te reyaji. Yo te kreye yon sant operasyon tèt ansanm ak PNH 4 oktòb 2004 nan Pòtoprens pou ranfòse kòdinasyon ant PNH ak fòs sivil ak militè MINUSTAH yo.

PNH la te tanmen yon gran vag arestasyon ki konn lakoz anpil yo mete plizyè dizèn moun nan gadavi ak prizon prevantiv pwolonje. Konsa, apre yon seri vizit Rezo nasyonal defans dwa moun (RNDDH ansyen NCHR/Haiti) fè nan 5 komisarya zòn metwopolitèn nan soti 7 rive 13 oktòb 2004, yo te jwenn 171 moun ki te nan sitiasyon prizon prevantiv pwolonje alòske

AYITI : KI AVNI POU YON TRANZISYON RATE

lalwa egzije pou yo fè moun yo konparèt devan jij yo nan yon dèlè 48 èdtan.

Bò kote pa l, MINUSTAH te lanse operasyon nan sètèn katye pou arete chèf gang yo epi enpoze prezans li. Pa egzanp, 7 janvye 2005, yon operasyon tèt ansanm PNH, militè jòdanyen ak manm Inite polis FPU ak CivPol MINUSTAH te pèmèt yo arete 63 moun pami yo 5 kriminel, dapre yon kominike MINUSTAH. Operasyon sa yo ta pral miltipliye nan dènye mwa yo ni kont gang nan kapital la ni kont sètèn gwoup ansyen militè. Pòs kontwòl ak patwouy yo te mete sou pye te pèmèt yo ogmante prezans ekip sekirite MINUSTAH yo epi fè yo pi vizib. Tout aksyon sa yo te fèt pou batay kont ensekirite ak enstabilite a.

Nan dènye entèvansyon yo, fòs sekirite MINUSTAH yo te jwenn bon jan rezistans. Pandan operasyon 7 janvye 2005 lan, 2 ajan MINUSTAH te blese anba bal gwoup ame ki te riposte. Gwoup sa yo pa sèlman mennen aksyon defans, yo konn prepare kèk atak tou ki sanble de gout dlo ak geriya lavil sitou vil Pòtoprens lan favorize sa. Se konsa, 12 janvye 2005, yon patwouy Polis sivil Nasyonzi ki t ap sikile nan Pòtoprens abò yon machin, te viktim kout zam yon gwoup endividi ame te tire sou li nan kwen wout Ayewopò ak riyèl Nazon.

Yon lòt kote, MINUSTAH konn twouve l anfas de evènman kote ajan yo konn sibi atak, tankou polisye MINUSTAH sa a ki te blese, madi 11 janvye sou wout Frè tou pre Petyonvil, ak kout wòch ki te soti nan yon foul an kòlè pandan patwouy la t ap eseye sove yon moun yo ta pral touye paske sispèk li se vòlè. Ensidan sa a se yon makfabrik klima mefyans kote MINUSTAH ap mennen operasyon l yo.

3.a.- Pou kontwole teritwa a pi byen

Misyon Nasyonzi pou estabilizasyon Ayiti a toujou pa fin deplwaye nan tout peyi a. Menm jan otorite ayisyen yo enkapab etann otorite Leta toupatou sou teritwa a, MINUSTAH rete sitou konsantre nan sant vil yo ak nan zòn metwopolitèn Pòtoprens lan sa fè l pa kab kontwole teritwa a kòm sadwa sitou fwontyè yo, alòske se nan zòn riral yo ak andeyò vil yo gwoup ame yo okipe plis espas tankou ansyen militè yo nan Tigwav.

Sitiyasyon sa a vin ranfòse ak difikilte Leta ayisyen genyen pou fè yon bon jan desantralizasyon epi mete reprezantan l nan nivo lokal. Yon bon pati nan komin yo lage de bra balanse nan men yon seri potanta ki pa respekte okenn règ, ki pa pè fè nenpòt alyans pou pran pouvwa a oubyen pou kenbe pouvwa a.

" Zòn gri " sa yo sèvi kòm baz pou diferan gang, gwoup ame oubyen gwoup mafya k ap mennen aksyon malonèt kont popilasyon sivil yo : vòl, sasinay, kadejak, komès moun, tout kalite trafik, eks....Fwontyè a ki tankou yon paswa ranfòse pwoblèm sa yo paske sa pèmèt gwoup sa yo finanse estrikti yo, ba yo ekipman, konsolide yo epi alimante yo.

Gwo defi a pou fòs MINUSTAH yo nan kesyon sekirite se rive kontwole espas vil yo, espas riral yo ak fwontyè yo pandan y ap fè fòmasyon pou fòs polis nasyon la, kò sa a ki pèdi lejitimite l, ki manke bra. Fòs entènasyonal yo pa dwe kite teren an lib pou gwoup ame yo ki gen anpil mwayen materyèl pou yo kenbe yon nivo ensekirite san pran souf. Si MINUSTAH mete yon estrateji sou pye pou kontwole espas vil yo pi byen, kounye a y ap "evalye nesèsite pou deplwaye avyon ki espesyalize nan obsèvasyon pou yo mennen kèk operasyon siveyans ak patwouy nan zòn fwontyè yo ak sou kòt yo, kote an jeneral ki difisil pou moun rive".

Misyon sa yo parèt difisil men yo pa enposib si kominote entènasyonal la kontinye bay sipò epi si refòm ki prevwa yo kòmmanse fèt tout bon vre: kreye yon rejis eta sivil, pwofesjonalize polis la ak lajistis, eks. Paske si retablisman sekirite a se yon eleman fondamantal pou bon fonksyonman Leta a, amelyorasyon enstitisyon ak sèvis piblik yo ap yon eleman favorab pou retabli lòd ak sekirite.

Sa enpòtan anpil paske ensekirite a, ogmantasyon kantite aktè k ap enpoze volonte yo ak lafòs, enkapasite otorite yo pou yo chanje reyalitye a epi kriz pouvwa yo k ap repete tanzantan, tout sa pwovoke yon gwo kriz konfyans nan mitan popilasyon an ki pa wè klè sou avni l.

27 septanm 2005 yon gwoup nèg ame vòlè materyèl elektoral yo nan sant enskripsyon Savanèt (yon komin nan depatman Plato Santral); vòl sa a montre pandan eleksyon yo ap pwoche zak vyolans yo riske vize operasyon elektoral yo. Nivo ensekirite a fè gen gwo dout ki plane sou tèt eleksyon an epi sa fè moun poze kesyon pou konnen si eleksyon sa yo ap lib, transparan kote tout tandans ap kab patisipe.

C.- Eleksyon yo pa sètèn

Fen ane 2005 lan ak kòmansman ane 2006 la ap chaje aköz eleksyon yo paske "diferan pati yo rive jwenn yon antant jeneral sou tranzisyon politik la pou yo fè eleksyon majistra, palmantè ak prezidan nan ane 2005 lan pou rive jouk nan enstalasyon nouvo prezidan k ap soti nan eleksyon yo". Men kèk jou anvan premye dat yo fikse pou eleksyon yo, Sekretè jeneral Nasyonzi an rann ofisyèl sa tout moun te konnen

AYITI : KI AVNI POU YON TRANZISYON RATE

deja: "bon dewoulman pwosesis eleksyon an bite sou gwo baryè nan nivo teknik epi dyalòg politik la pa ko kab demare tout bon". Konsèy elektoreal pwovizwa a oblije ranvwaye eleksyon pou majistra, palmantè ak prezidan an ki te prevwa pou 9 oktòb, 13 novanm ak 18 desanm 2005 lan, yo fikse dat 20 novanm 2005 pou premye tou eleksyon prezidan an ak palmantè yo, 11 desanm 2005 pou eleksyon lokal ak kominal epi 3 janvyè 2006 pou dezyèm tou eleksyon prezidan an ak palmantè yo. Men Sekretè jeneral la fè konnen "gouvènman tranzisyon an pa ko pibliye kalandriye sa a ki deja pran anpil kritik paske l pa reyalis", li pa ko klè si nan dat 6 fevriye 2006, peyi a ap gen nouvo responsab politik ki soti nan eleksyon.

Konkrètman, pa gen rejis eta sivil ann Ayiti esepite, apre depa ansyen prezidan Aristide, te gen yon lis nan Direksyon jeneral enpo (DGI) kote 700 mil moun sèlman anrejistre. Operasyon pou idantifye popilasyon an te kòmanse ak sipò MINUSTAH ki pèmèt yo enskri sou lis elektoral yo "plis pase 2,9 milyon moun swa plis pase 70% sou 4 milyon moun ki gan laj pou vote nan peyi a". Men dapre enfòmasyon ki soti nan Enstiti ayisyen estatistik ak enfòmasyon (IHSI) ki okipe afè resansman ann Ayiti, kantite moun ki kab vote yo ta tou pre 4,5 milyon; sa ki ta fè se 64% moun ki deja enskri dapre chif sa a.

Konsèy elektoral la, yon enstitisyon ki fèt ak moun ki soti nan plizyè sektè diferan e ki deja viv plizyè kriz entèn depi l te fin fòme tèlman ap fonksyone mal MINUSTAH ak OEA te oblije tabli yon lis 10 desizyon ak mezi pou otorite ayisyen yo te pran prese prese. Desizyon sa yo se:

- Bay Konsèy elektoral pwovizwa a yon estrikti ekzekitif serye, pwofesyonèl nan Pòtoprens ak andeyò kapital la;
- Pibliye kalandriye elektoral la
- Pran mezi lalwa prevwa yo nan delè ki fikse yo
- Revize dekrè elektoral la
- Chwazi anplasan ak kantite biwo vòt yo

Jiskounye a, otorite nasyonal yo pa ko mete okenn nan mezi sa yo an pratik.

Devan volonte kominote entènasyonal la pou òganize eleksyon sa yo wè pa wè, prensipal òganizasyon nan sosyete sivil la ki anndan gwoup travay pou refòm eta sivil la ann Ayiti, reyaji avèk fòs. Pandan yon konferans pou laprès yo bay 23 septanm 2005, yo lonje dwèt sou feblès sistèm anrejistreman an espesyalman diskriminasyon ki gen ladan l. An reyalye yo sanble ekate zòn rural yo nan pwosesis la.

Gen rezon pou moun di li twò bonè kounye a pou yo fè eleksyon e si yo fèt kanmenm kesyon valè eleksyon yo ta dwe poze. Sa ta pral yon echèk ni pou dirijan ayisyen yo ni pou kominote entènasyonal la ki te bay tranzisyon an kòm

objektif prensipal estabilize sitiyoasyon politik la nan mete anplas otorite lejitim ki soti nan eleksyon.

Devan yon sitiyoasyon konsa " MINUSTAH kab oblije jwe yon wòl pi aktif nan pwosesis elektoral la epi pote yon sipò lojistik ak operasyonèl ki ale pi lwen pase sa ki te prevwa nan kòmansman ", dapre sa Sekretè jeneral Nasyonziini an prevwa.

Prezidan Repiblik la bò kote pa l, deklare bay manm misyon FIDH yo "pouvwa egzekitif la pap foute bouch li nan pwosesis elektoral la", " sa m sèten, sèke 7 fevriye 2006 m ap pase pouvwa a bay prezidan k ap soti nan eleksyon yo. Mwen pap ret yon segonn anplis, m santi m pi alèz nan Lakou Kasasyon an pase isit la". Sa ki klè, dapre akò tranzisyon an, manm gouvènman tranzisyon an, Konsèy elektoral pwovizwa a, Konsèy Saj la, eks...te asepte pou yo pa al kandida nan eleksyon ki pral fèt yo, sa reprezante yon garanti pou anpeche pouvwa egzekitif la antre bouch li nan pwosesis elektoral la. Men, trennen pye Konsèy elektoral pwovizwa a kapab gate koze a. Menm jan tou, gen lòt kesyon tankou ensekrite a oubyen dezameman an ki pap pral jwenn solisyon tousuit, yo kapab anpeche pwosesis elektoral la mache kòm sadwa.

III.- LAPOLIS NASYONAL DAYITI (PNH) : YON ENSTITISYON KI PEDI KREDI L

Lapolis nasyonal d Ayiti (PNH) pa gen okenn kredi bò kote popilasyon an e sa ap pran anpil tan anvan yo chanje imaj sa a. Sitiyasyon sa a se rezilta politizasyon polis la ki te fèt sou rejim Aristide la ak koripsyon k ap gangrennen enstitisyon an.

Polis sa a yo te prezante kòm yon repons pou ranplase yon lame toupisan ki t ap fè e defè nan politik ayisyen an depi lontan, se yon move ranplasan ki bay menm rezilta a : yon zouti osèvis yon pouvwa.

Nan mwa dawout 2004 ak dawout 2005, manm misyon yo te gen okazyon fè bon chita pale ak minis Lajistis la epi minis Enteryè a. Se minis sa yo ki anchaje sekirite piblik ak sekirite nasyonal. Minis Lajistis la se li menm ki chef Lapolis la.

Gen yon lòt enstans, Konsèy siperyè Polis nasyonal la, ki gen ladan l Premye minis lan, minis Lajistis ak Enteryè, Direktè jeneral Polis la ak Enspektè jeneral an chèf la. Enstans sa a la pou defini gran liy yo.

Distenksyon ant de kalite sekirite sa yo- sekirite nasyonal/sekirite piblik- prezans plizyè aktè nan diferan nivo yo epi ki pa gen menm objektif tout sa lage bwouyay nan tèt moun deyò k ap suiv direksyon PNH la.

Menm jan an tou, dappiyanp ansyen militè yo fè sou djòb lapolis la, kit yo anndan l kit yo deyò, vin simen plis twoublay toujou. Refòm PNH la ki enpòtan anpil pou reysit tranzisyon an pa kab posib nan sitiyasyon sa a.

A.- Nan ki eta Polis la ye ?

" Depi fòs lame d Ayiti te kraze nan lane 1995, PNH se sèl fòs k ap bay sekirite ann Ayiti. Li gen yon total 189 depatman operasyon (10 komisarya depatman, 46 komisarya awondisman ak 133 komisarya komin). Anvan dènnye evènman yo, li te gen 5 000 manm -pami yo 5,6% se fanm- sou yon kantite 6 367 ki prevwa nan yon peyi ki gen 8,5 milyon abitan. Espesyalis yo kwè li ta dwe gen 10 000 manm, swa 1 polisye pou chak 800 abitan, pou l kab reponn nesosite ki genyen nan zafè kenbe legalite ak lòd piblik. (...) Anplis mank resous yo nan dènnye ane sa yo, PNH la te politize yon fason egzajere, koripsyon ap gangrennen l epi yo fè anpil erè nan fason yo jere l. Grad yo t ap bay militan Fanmi Lavalas yo san okenn prensip, Chimè yo te entegre nan ladan l, eksè polisye t ap fè, kadejak, trafik dwòg, tout bagay sa yo te lakoz polisye yo demoralize, yo pèdi konsyans pwofesyonèl yo epi yo pèdi tout kredi nan je popilasyon an.

Akote pwoblèm mank bra a, PNH la te gen pwoblèm lojistik ak materyèl tou (mwayen kominikasyon, enfrastrikti, machin, zam...).

Ansye direktè PNH la te plenyen anpil tou pou yon pwoblèm " kòmandman entèmedyè " ki te anpeche lòd li yo egzekite kòm sadwa. MINUSTAH leve yon lòt pwoblèm tou: tout bagay fèt nan bouch, ann Ayiti yo pa konn afè demach ekri a, sa bay gwo pwoblèm lè pou jwenn prèv pou yon seri dosye.

Alòske PNH la se yon zouti enpòtan nan rezoud pwoblèm ensekirite a kip a sispann galope, men wòl li toujou rete yon pwoblèm: Eske PNH sa a anmezi pou l pote yon amelyorasyon sou teren an oubyen okontrè èske pou kont pa l li pa yon sous ensekirite?

Pandan yon chita pale byen long ak manm misyon FIDH yo, ansyen Direktè PNH la, M. Léon Charles te fè diferans ant plizyè sous ensekirite pami yo " lapolis la li menm se youn ". M Charles, menm jan ak tout lòt moun misyon an rankontre rekonèt polis la te politize epi "li t ap travay pou yon pouvwa " depi 5 ane.

Sa ki pi grav, avèk Leta a k ap dekrenmen, PNH la t ap fonksyone " san okenn kontwòl ", polisye yo lage ak kòd nan kou. Kèk manm MINUSTAH ki gen kontak souvan ak polisye ayisyen yo fè manm misyon an konnen yo konn konstate anpil fwa gen kèk gwo kad PNH la ki gen move dosye (ansyen rejim, trafik dwòg, kidnapin, eks.). Yo tèlman pa klè, dapre sèten manm MINUSTAH, aksyon CivPol yo bay plis rezilta lè PNH pa okouran, anpil fwa gen fuit enfòmasyon.... Reyèlman vre, koripsyon t ap fè ravaj epitou y ap jwi enpinite, " polisye ki pi bandi a, ki pi entrikan, se li ki jwenn grad ", dapre ansyen direktè PNH la.

B.- Enpinite a ak netwayaj anndan Polis nasyonal d Ayiti (PNH)

Ayiti bezwen yon polis fò ki kab fè respekte dwa Ayisyen yo san l pa kreye yon mefyans ki pa janm fini. Pou konfyans sa a tounen, netwayaj ak batay kont enpinite anndan PNH la se yon priyorite.

Espè endepandan Nasyon zini pou dwa Moun ann Ayiti a deja balize teren an e l mande pou yo ta pran mezi sa yo.

" 1e) Sòf nan ka ta gen enfraksyon grav sitou enfraksyon penal, polisye yo te nonmen oubyen yo te bay grad dapre regleman ak estati polis la ta dwe rete nan plas yo kèlkeswa

AYITI : KI AVNI POU YON TRANZISYON RATE

sansibilite politik yo ;

2e) Polisye yo te nonmen oubyen ki te pran grad an vyolasyon regleman ak estati yo, yo ta dwe mete yo sou kote pou yon ti bout tan epi, apre yo vin egzaminen ka yo youn pa youn, yo va deside kenbe yo, transfere yo oubyen revoke yo. Pami kondisyon pou yo ta gade pou dezèyem gwoup sa a gen :

a) enfraksyon grav ki gen pou wè ak disiplin e sitou sa ki gen karaktè penal tankou sa yo jwenn pi souvan yo, yon bò, touye moun san jijman, kidnapin, sitou sa kote moun yo disparèt, maspinay ak kraze zo..., yon lòt kote, ka koripsyon, detounman lajan leta, trafik dwòg ak lòt ankò.

b) sa ki abandone pòs yo pandan y ap fè diferans ant polisye ki bandonnen pòs paske yo fotif ak polisye ki oblije pran egzil anba presyon ".

Dapre ansyen minis Lajistis la, " volonte politik la se pou yo gade devan ".

Ansyen direktè PNH la deklare bay manm misyon yo gen plizyè kategori polisye yo te revoke : sa tout moun te konnen kòm delenkan, sa ki te bandonnen pòs yo epitou " fo polisye " otorite Lavalas yo te mete nan enstitisyon an, ki te jwenn pwoteksyon, ki te pote inifòm nan san yo pa te anrejistre nan administrasyon polis la. Li site tou ka polisye ki te jwenn grad nan dezòd. Nan mwa dawout 2004, demach pou reòganize polis la te konsantre nan tèt polis la, dapre M. Charles. Dosye polisye nan baz yo ta pral trete nan mwa apre yo.

Yon lane apre, nouvo direktè PNH la, Mario Andresol, gen menm diskou a, li rekonèt sa, li lonje dwèt sou prezans move grenn yo anndan polis la e li pran angajman pou netwayaj la " byen fèt ". Minis Lajistis la pale a demi-mo sou prezans kriminèl anndan PNH la ak tout eksè yo fè. Direktè PNH la pale tou sou bann nèg ame abiye an nwa k ap maltrete popilasyon an ki ap fè zak sa yo gwo lajounen avèk ensiy lapolis.

C.- Vyolasyon dwa moun ap pèsiste

Dapre Mesye Necker Dessables, Pwotektè sitwayen yo, " gen anpil ka kote lapolis vyole dwa moun ". Sèten responsab politik menm ale pi lwen pou di " polisye yo pa fè travay yo ". Kòm egzanzp, Majistra Okap la site yon ka ki te rive an 2004 kote yo te arete 18 jèn (12 fi ak 6 gason), bandi te pase nuit lan ap vyole fi sa yo. Lè y al pote plent, polisye yo di yo pa kab fè anyen paske yo pa gen machin. Apre sa polisye sa yo te mande lajan nan yon premye tan pou yo mete gaz epi tou

senpman yo mande peye yo deplasman yo.

Entèkansyon brital PNH yo konn lakoz anpil viktim tou tankou Milderly Valbrun, 4 ane, polisye yo te touye 12 fevriye 2005 pandan yon operasyon kont yon gwoup ansyen militè.

Premye ankèt òganizasyon defans dwa moun yo mennen sou pratik PNH la depi operasyon Bagdad la, fè yo krenn yon retou ak metòd lontan yo tankou fèmen moun nan prizon san jije, maspinay ak move tretman. Yo rapòte tou plizyè ka egzekisyon san jijman. Konsa RNDDH (ansyen NCHR/Ayiti) resanse plizyè ka kote wòl PNH la parèt twoub:

" 19 janvyè 2005, pandan yon entèkansyon PNH nan Site de Dye, Abdias Jean te mouri sasinen alòske yo et fin metrize l ;

- 19 janvyè 2005, tou pre Batima, yon patwouy lapolis arete Wilbert Jeanty, Casimir Pierre, Jean Louis, Samuel Marcellus ak Thomas Fils-Aimé pandan yo t ap soti ayewopò. Depi lè sa a yo disparèt. Tout demach RNDDH mennen nan komisarya Pòtoprens ak alantou yo pa bay okenn rezilta.

- 17 janvyè 2005, Ederson Joseph (alyas Pouchon), ki gen 17 lane mouri sasinen lakay li nan riyèl Estimé (avni Poupila), pandan yon operasyon lapolis ki te fèt apre chèf kabinè Premye minis lan te fin viktim yon atanta nan zòn nan lavèy ;

14 janvyè 2005, vè 8è30 nan aswè, yon patwouy lapolis Gadkot arete

Réjouis Jean Roosevelt nan zòn Sous Kowosòl. Dapre sa paran l yo fè konnen, yo te jwenn kadav li 15 janvyè 2005 anba pon Lamanten, zò wout ray ;

5 janvyè 2005, yon patwouy MINUSTAH arete Jimmy Charles sou Fò

Nasyonal, yo kondi l nan Antigang. Apre l te fin konparèt devan yon jij nan Tribinal de Pè Seksyon Sid nan dat 10 ak 12 janvyè 2005, yo te libere l apre jij Ambroise Gabriel te bay lòd pou sa. Nan demen, le 13 janvyè 2005, yo te dekouvri kadav li nan Lopital jeneral. Sa vle di li pa te menm gen tan rive lakay li ;

4 janvyè 2005, PNH mennen yon operasyon nan Vilaj de Dye. Pou pi

piti gen 7 moun ki mouri pami yo Angela Amazon, yon jèn fi 16 ane ki te nan 6e ane fondamantal ;

13 novanm 2004, vè 2è nan maten, yon gwoup nèg abiye an nwa

debake nan yon kay Matisan 1, Enpas Tanpèt, yo pran Jean Léonel, Junior Derazin, Donald Derazin ak Marie France Dufresne, madanm Junior. A 8è nan maten yo te jwenn kò moun sa yo nan mòg Lopital jeneral ;

26 oktòb 2004, sou Fò Nasyonal, 7 jèn Bèlè te mouri

sasinen ak bal apre yon kòmandò ame abiye an nwa abò yon machin san plak te fin metrize yo, maltrete yo. Yo te al libere sis lòt jèn nan zòn Titanyen apre yon gwoup nèg ame te fin anlve yo. Twa mwa deja pase, rezilta ankèt yo louvri sou ka sa yo pako kab soti ".

CARLI ak RNDDH konsidere CIMO kòm yon inite sekirite ki gen men l tranpe nan plizyè ka vyolasyon dwa moun. Pa egzanp, 2 fevriye 2005, sou Fò Nasyonal, yon patwouy CIMO arete 3 frè, Mervillier Frejeto, Mervilier Fietra, Normil Faniel ak yon jèn fi Ketia Thibaud. Yo te fèmen 4 moun sa yo nan ansyen prizon Fò Nasyonal sou akizasyon "asosyasyon malfektè", polisye te maltrete yo pandan plizyè èdtan, yo boule yo ak boutèy plastik. RNDDH te ranmase temwayaj moun sa yo e l te konstate tras boule sou kò Madmwazèl Thibaud.

Depi mwa avril 2005, RNDDH anrejistre plizyè lòt ka egzaksyon kote ajan PNH an koz :

" 17 avril 2005, polisye Landry Milbain, ki afekte nan Primati touye Markès Marcellus nan Dèlma 33, Vilaj Betani. Viktim nan se yon chofè kamyon dlo, polisye a touye l paske l te manke frape yon pitit ajan an. Depi lè sa a polisye a nan izolman ;

Madi 17 me 2005, vè 2è apremidi, yon gwoup nèg abiye an nwa ki te abò yon Nissan Patrol krible yon jèn gason anba bal apre yo te fin mete yon sache nwa nan tèt li an prezans moun ki t ap pase ak abitan nan 2e ri Wilson Pako. Vè 4è apremidi, yon anbilans PNH te leve kadav la san prezans jij de pè. Sa a se yon ka egekisyon ilegal ki fè sonje yon seri zak moun te kwè ki te fini nan peyi a.

Komisarya Kafou tout moun konnen sou non Omega gen repitasyon kòm kote yo maspinen, maltrete prizinye anpil. 6 me 2005, yon ekip RNDDH te vizite komisarya sa a e yo te chita pale ak 30 prizonye ki te nan gadavi ; prizonye sa yo denonse move tretman yo sibi. Delegasyon an konstate :

- Sèten prizonye te gen tras kou sou kò yo. Se ka Yves ak Vedez yo te arete 29 avril 2005 ;
- Nikenson Jean-Baptiste, yo arete l 26 avril 2005, li pa te kab kanpe nan moman vizit delegasyon an ;
- Ralph Ramvil, yo te arete l 2 me 2005, yo frape l nan pati siperyè l e l te gen difikilte pou l pipi ;
- Gen kèk prizonye ki gen pwoblèm nan zorèy;
- Kout baton ak move tretman se bagay k ap fèt chak jou nan komisarya Dèlma 33. Lè yo te vizite komisarya sa a 4 me 2005, te gen 58 moun nan gadavi, gen nan yo ki te la depi 9 avril 2005.

Dapre RNDDH, zak sa yo ap fèt chak jou nan komisarya ak sou-komisarya nan zòn Pòtoprens ak alantou yo. Moun yo arete yo, kèlkeswa sa yo repwoche yo, yo kenbe nan prizon espere pou paran yo kab vin negosye. Anpil prizonye pami yo kidnapè, dilè dwòg ak asasen rive achte libète yo nan sèten komisarya".

1.- Dezòd nan Penitansye nasyonal

RNDDH te mennen ankèt tou sou yon lòbèy ki te pete 1e desanm 2004 nan prizon sivil gason yo Pòtoprens, ki rele Penitansye nasyonal. Dapre òganizasyon an lòbèy la pete apre yo te fin dejwe yon plan ki t ap marinen pou prizonye sove. Entèkansyon inite espesyalize PNH ki te vin pote ranfò bay responsab prizon yo pase mal: ajan ki soti nan Konpayi Entèkansyon pou mete Lòd (CIMO) ak Gwoup Entèkansyon PNH (GIPNH/Swat Team) debake nan prizon an yo louvri kout zam san reflechi epi touye 7 prizonye, yo blese 17 ak bal epi yo bat 29 lòt yo te fin metrize. Sis polisye te blese pandan akwochay la.

2 desanm 2004, yon jou apre mitinri a, prizonye ki tye blese yo pa te janm ale lopital oubyen nan yon lòt sant medikal, yo te kite yo kouche nan dispansè Penitansye a. Se jis nan maten 2 desanm nan direktè medikal prizon an te kòmanse chache ka ki pi grav yo pou l voye yo al pran swen Lopital jeneral. Li te deja twò ta pou 3 prizonye ki mouri paske yo te blese grav. Sa te vin fè 10 prizonye ki pèdi lavi yo nan evènman sa yo. Sa ki pi frape moun nan bagay sa a, sou 10 prizonye ki mouri yo, 9 te nan prizon prevantiv depi plizyè mwa. Jouk nan mwa mas 2005, moun toujou ap tann rezilta yon ankèt otorite yo te pwomèt sou evènman yo.

D.- Li nesèsè pou PNH la pwofesjonalize

" Polisye yo pa la pou rale zam tire pou dan ri, men m bezwen moun ki byen fòme ", se sa ansyen minis Lajistis la Bernard Gousse deklare bay manm misyon an.

Ansye minis Enteryè a bò kote pa l deklare " gouvènman tranzisyon an pap atenn objektif monte yon polis byen prepare anvan 7 fevriye 2006 men fò yo mete baz pou sa " epi avèk sa yo kapab " garanti yon ti kras sekirite anndan enstitisyon an ". Rezilta yo pap rive tousuit men nan yon tan ki pi long.

Yo te mande MINUSTAH èd, se konsa nan mwa dawout 2004, misyon an te mete yon pwogram sou pye ki gen de pati: 4 mwa fòmasyon teyòrik nan akademi Polis la (ki vin tounen yon lekòl pou regwoupe ofisye ak ajan teren) epi yon peryòd 2

AYITI : KI AVNI POU YON TRANZISYON RATE

mwa sou teren. Y ap bay yon moun tit polisye a sèlman lè l fin suiv 6 mwa fòmasyon sa yo, y ap fè ankèt tou andeyò fòmasyon an epi ap gen seyans resiklaj pou polisye ki la yo. Gen anpil travay ki pou fèt, an pwofondè, pou chanje mantalite yo. Paske, ajn majistra Okap Ayisyen an di l " nou gen yon move eritaj ann Ayiti : moun ki pote yon zam, li kwè li sou tèt tout otorite yo, se yon kesyon mantalite ". Anfen rekritman an se yon eleman fondamantal nan pwosesis la. Men tou, kontwòl sou moun k ap antre nan polis la kab poze pwoblèm, jan sa te rive nan Jakmèl. Komisè gouvènman Jakmèl la, M. Lamour te deklare bay manm misyon yo " pwosesis rekritman an tèlman mal fèt, gen moun ki ann afè ak lajistis ki reyisi egzamen pou antre nan polis la ".

Kidonk, li enpòtan anpil pou fòmasyon sa yo kòmanse san pèdi tan, malerezman sa pa rive fèt kòmsadwa, jan nou konprann sa nan rapò Sekretè jeneral Nasyonzini an fè bay Konsèy sekirite a : " akòz gwo menas k ap peze lou kont sekirite a, lapolis sivil MINUSTAH a te oblije konsantre fòs li pou bay PNH la yon sipò nan operasyon yo, sa te vin redui kapasite pou ranfòse polis la epi ba l fòmasyon ".

Sepandan, konsènan pase men ki pou fèt nan Polis nasyonal la, bilan gouvènman tranzisyon an se yon desepsyon : PNH la rete yon sous ensekirite ki bay tèt chaje epitou kèk polisye yo retire anndan enstitisyon an, yo antre lakay yo ak zam yo san kè sote.

IV.- KI LAME POU AYITI : YON ANSYEN OUBYEN YON NOUVO ?

A.- Konsekans demobilizasyon lame an 1994

Deba sou lame a lakoz yon gwo polemik anndan klas politik ayisyen an: ki sa y ap fè ak ansyen militè yo epi, pa anba, èske yo dwe retabli lame d Ayiti ou non.

Lè yo retounen nan listwa pou gade jan lame te konn antre kò l nan lavi politik peyi a, lè yo gade pèsonalite ak ak istwa moun ki ap mennen deba sa a, kesyon lame a pa inosan.

" Apre l fin retounen sou pouvwa a, prezidan Aristide ki te viktim yon koudeta militè an 1991, te siyen yon dekrè pou kraze fòs ame d Ayiti. Men apre dekrè sa a, yo pa te chanje atik nan konstitisyon an ki pale sou egzistans lame a. Mete sou sa, militè yo te demobilize san yo pa te pran okenn mezi pou ranmase zam ki te nan men yo epi mete yon pwogram reensèsyon anplas oubyen tabli yon plan dedomajman sou fòm pansyon retrèt. (...) Sa te yon sous gwo mekontantman pami manm lame yo epi sa te simen jèm pou yon seri twoub sivil ki ta pral rive apre ".

Lame a pa te kraze reyèlman vre ni devan lalwa ni nan reyalite a. Konstitisyon an rekonèt egzistans lame a epi gen moun ki ap di yo toujou manm li. " Lame a la ", se sa kòmandan Manno, chèf ansyen militè yo Okap Ayisyen fè manm misyon an konnen. Ansyen militè a sa yo pa kache ankò, yo fonksyone aklè.

Militè demobilize yo te jwe yon wòl enpòtan nan dewoulman rebelyon ki te kapote ansyen prezidan Aristide la e jodi a ansyen militè yo ap jwe yon wòl enpòtan nan jesyon plizyè pati nan peyi a. Yo tèlman rekonèt pwa yo nan balans lan, yo kanpe fèm sou revandikasyon yo.

" Fòk nou rekonèt yo te ranvwaye ansyen militè yo lakay yo san okenn mezi dedomajman ", dapre M. Joinet. Dayè, manm gouvènman tranzisyon an pran dispozisyon pou ranpli devwa yo nan dosye sa a, yo rekonèt militè demobilize yo te viktim yon abi an 1994, yo gen dwa reklame 10 ane aryere salè Leta dwe yo, dapre pawòl ansyen minis Enteryè a.

Aksyon gouvènman tranzisyon an pa pote limyè nan pwoblèm nan e " yo prevwa yon komisyon ki pou etidye kesyon pansyon retrèt ansyen militè yo epi fè rekòmandasyon bay gouvènman ki pral soti nan eleksyon yo sou posiblite reòganize fòs lame d Ayiti ".

28 desanm 2004, gouvènman ayisyen an fè premye vèsman aryere salè pou militè demobilize ki swete patisipe nan pwogram Demobilizasyon-Dezameman-Reensèsyon an (DDR) ki chita nan Taba, apre yon rankont ant yon misyon gouvènman an ak yon gwoup manm ansyen FADH (Fòs Lame d Ayiti) ki soti Oka yak Okap-Ayisyen 27 desanm 2004, jan sa di nan yon kominike youn nan pòtpawòl Misyon Nasyonzi pou estabilizasyon Ayiti a. Dapre MINUSTAH, peyman sa yo fèt "sou baz yon lis ministè Finans ki montre dènye salè militè yo te touche an 1994 ".

Ansyen militè ki te prezan yo, 30 pou Okap ak 140 pou Okay te egzije pou yo peye militè demobilize yo tout sa yo pa te touche depi 1994 kòm dedomajman kont yon desizyon yo di ki pa chita sou konstitisyon an, yo mande peye yo aryere salè ak pansyon retrèt pou 10 ane sa vle di peryòd 1994-2004.

Ekip gouvènman ki la a toujou di " se pa misyon pa l pou l retabli lame, sa se responsablite otorite ki pral soti nan eleksyon yo ".

Bò kote pa li, MINUSTAH di li apiye demach pou vèsè lajan pansyon bay militè ki pa te fè krim, misyon an di li kab jwe wòl abit e l ap bay sipò lojistik " pa egzanp li kab bay mwayen transpò tankou elikoptè.

13 mas 2005, 325 manm ansyen lame a (FADH) remèt zam yo ofisyèlman. 280 militè Okap yo ak 45 ki te soti lòt kote nan Nò a se premye gwoup ki te antre nan pwogram DDR la. Nan okazyon sa a, kòmandan Manno, chèf ansyen militè yo te mande gouvènman an pou l mete "yon kad enstitisyonèl pou reentegre ansyen militè yo " paske dapre li " desizyon yo pran pou remèt zam nan dwe pèmèt lapè retounen ".

B.- Kouman demen pral ye ?

Andeyò kapital la, kote yo tabli an gran kantite, nan kòmansman tranzisyon an militè demobilize yo te bay tèt yo konpetans lapolis pou kenbe lòd. Ni minis LAjistis la ki responsab PNH la, ni chèf lapolis la, pa kache enkyetid yo devan sityasyon sa a.

Menm si yon bon pati nan moun FIDH rankontre yo rekonèt sityasyon an amelyore sou teren an, kesyon sa y ap fè ak ansyen militè yo konplike politik gouvènman tranzisyon an. Non sèlman gen kesyon sekirite a men tou paske nan peyi sa a, depi lontan li toujou difisil pou deparye lame ak lapolis.

AYITI : KI AVNI POU YON TRANZISYON RATE

Ayiti viv pandan 190 ane san polis men avèk yon lame ki ranpli wòl polis la, apre sa li viv 10 ane ak yon polis san lame. Lame a te kraze " de fakto " en 1994 akòz wòl pilye sekirite li te konn jwe pou diktatè ayisyen yo. Ansyen prezidan Aristide pa te divòse ak pratik politize fòs sekirite yo pou chita pouvwa l, men li te kraze yon lame ki pa te anba kontwòl li pou l ranplase l ak yon polis li te kreye mezi pye l.

Kòm Espè endepandan Nasyonzini an fè li, nou kab poze kesyon: "Ayiti ak pèp li a ap viv petèt yon moman enpòtan nan istwa yo. Eske yo pral pran tan, vire paj la epi fòme yon bon jan kò polis, sa vle di yon polis ki fò men ki demokratik ? "

Pou kounye a, chwa gouvènman tranzisyon an fè, se entegre yon pati nan ansyen militè yo anndan PNH la apre yon tan fòmasyon. Ta gen anviwon 200 ansyen militè anndan polis la jodi a.

Sepandan manm misyon FIDH yo konstate, menm anndan gouvènman tranzisyon an, pozisyon yo depaman sou avni lame a.

Ansyen minis Lajistis la, Mesye Bernard Gousse di li konstate Ayiti te gen yon lame polisye epi apre sa te gen yon polis militè, sou baz sa a, dapre M. Gousse, li pa yo bezwen kreye yon " doublon " pou PNH la. Li poze kesyon sou nesosite yon lame nan yon peyi kòm Ayiti.

Ansyen minis Enteryè a, jeneral Abraham, li menm pa kache sa, li anvavè retou lame a apre tranzisyon an, men fòk se " sou yon baz pwofesyonèl ", k ap gen kòm misyon defann teritwa a, batay kont dwòg ak teworis. Dapre li, retou lame a dwe fè pati yon pwogram gouvènman e yo dwe planifye l kounye a. Men li fè konnen desizyon pou refòme lame a pa kab pran nan sitiyoasyon nou ye la a ak yon gouvènman tranzisyon, se sèl yon Egzekitif ki gen lejitimite elektoral ki kab deside sa.

Tout pozisyon ak enterè depaman sa yo nan tèt Leta a pa ankachèt, men yo kreye yon ensètitud ki kab konplike restriktirasyon PNH la ak tranzisyon an.

Paske jan Dwayen Lekòl Dwa Okap la, M. Charles Manigat di manm misyon FIDH yo: "lame a pa gen pwoblèm obeyisans, li sèlman fofile kò l antre nan dezòd pouvwa sivil yo kreye ".

V.- LAJISTIS: ENPINITE A SE YON DEFI KI DEVAN MOUN CHAK JOU

"Jistis leve tèt yon peyi"
Bonifas Aleksann, prezidan Repiblik la

A.- Koripsyon ak move fonksyonman

"Yon enstityasyon ki malad anpil anpil", "bòlèt", "yon jwèt komik" popilasyon an pa fè l konfyans, se yon pèdi tan ki pa gen eksplikasyon, sitirans ak koripsyon tout sa se pawòl ki lonje dwèt sou aparèy lajistis la pandan chita pale manm delegasyon FIDH yo te fè pandan vizit yo Ayiti. Tout jij ki te pale ak delegasyon an lonje dwèt sou lajistis kòm restavèk pouvwa ekzekitif la, manke fòmasyon ak enfòmasyon, move eta materyèl travay yo, yo pa pibliye ni aplike okenn desizyon lajistis, asistans jidisyè a pa fèt byen. Dosye k ap disparèt, eks.

Lis pwoblèm fonksyonman ki gen nan aparèy lajistis la long epi l bay kè sote lè n gade swaf jistis ki genyen depi lontan ann Ayiti. Si move fonksyonman ak difikilte ki genyen yo pa menm jan tout kote gras ak kèk jij ki pran responsablite yo, ki bay ekzanp devouman, men yon global rezilta jistis la nan peyi a pa bon menm.

Sitiyasyon makawon sa a vin ajoute sou kraze brize oubyen piyay ki te genyen lè ansyen prezidan Aristid te ale a, yo fè piyay nan anpil komisarya, nan palè jistis ak anpil prizon kote yo detwi achiv, dosye ki te devan jij, kraze prizon fè prizon yo sove. Okap, dife kriminèl yo te mete nan pakè a nan lane 2004 la, se te pou yo te kapab disparèt tout dosye frajil yo.

Mete sou sa, koripsyon se yon pwoblèm ki la dikdantan ann Ayiti e ki pa janm rezoud. Menm si anpil jij vle montre koripsyon an pa pi grav pase sa nan jistis la, sitiyasyon sa a, prezidan peyi a rekonèt li, lè yo poze l kesyon sou koripsyon ak move mès ki gen nan jistis la nan peyi a, li reponn : " Mwen pa kab di se pa vre ".

Koripsyon sa a k ap vale teren bay kòm rezilta yon jistis pou yon ti ponyen moun kote moun ki pa gen mwayen, yo mete yo sou kote, se yo ki viktim.

Prezidan peyi a di, nan move kondisyon jij yo ap travay la bay koripsyon an okazyon pou layite l. Se vre lajan yo touche a piti-dapre sa prezidan di- Sa pouse jij yo fè pri chak afè y ap regle deyè do lalwa (fè konsta, deplase yon polisye, yon jijman, eks.)

Dapre pwòp pawòl ki soti nan bouch yon responsab òganizasyon dwa moun " se vann yo vann jistis ". Tout sistèm

nan an dekonpozisyon, sa fè jistis la malad grav : anpil ka pa fin abouti, fòmalitye yo prèske pa janm respekte epi dosye yo mal prepare.

Nan sans sa a, batonye lòd avoka Pòtoprens lan lonje dwèt sou jij de pè yo kòm moun ki pote lamayòl nan " dekonpozisyon sistèm jistis la ". Sitiyasyon te vin tèlman grav, nan mwa jen 2004, minis Jistis la te fè yon nòt soti pou egzije jij de pè yo pou pa mande plis pase 100 dola (500 goud) pou yon senp konsta sivil.

Malgre sa, dapre komisè gouvènman Okap la " jij de pè yo pèsiste, defwa yo mande jiska 4.000 dola (20.000 goud)!. Sa se koripsyon! Komisè a di anplis, nan dezòd k ap fèt kounye a, jij de pè sa yo bay tèt yo dwa ak konpetans yo pa genyen, yo fè tout kalte jijman.

Kidonk, jan yon avoka k ap travay pou yon òganizasyon dwa moun di delegasyon FIDH la "nan klima koripsyon sa a, se mete moun nan prizon epi apre yo negosye ". Sanble abitud mete moun nan prizon san rezon epi lage yo pou lajan ao kontinye sou gouvènman pwovizwa a. Bagay la senp, se kenbe moun nan prizon pou nenpòt rezon pou fanmiy li kapab peye jij la yon lajan pou mete lage l, epi jij la limenm peye konplis li yo ki nan polis la. Magouy la tèlman fasil, kenbe moun nan prizon prevantiv fin tounen yon abitud sa vin fè sistèm jistis la plen rabouch.

M. Lamour ki se komisè gouvènman Jakmèl site yon ka kote akoz pa gen mwayen deplasman li pa te kab ale nan komisarya Benè (zòn sid vil Jakmèl) kote 4 polisye kenbe yon moun nan prizon e y ap fòse l ba yo lajan. Lè M. Lamour rive sou plas, li te konstate " vyolasyon libète moun nan vre " e li te pini lotè zak la.

Jistis ayisyen an ap soufri yon gwo diskredi. Poutèt Ayisyen yo pa konn anpil bagay sou Lajistis ak jan pou yo defann dwa yo, laperèz ki anvayi moun ki viktim yo, lonbray sispèk pou ansyen chèf ak lòt moun ki te makònen ak yo retounen sou pouvwa ankò, tout sa fè sitiyasyon an pi difisil. Mete sou tout sa, depi lè ansyen prezidan Aristide te ale a moun k ap travay nan lajistis yo, - tankou jij yo- pa chanje. Tout òganizasyon dwa moun yo ann Ayiti gen kè sote pou jan sa ye a, yo pè tou pou kèk jij pa pwofite djòb yo a pou sabote pwosedi jistis yo (nan fè disparèt tout prèv, tankou jan sa ye nan ka ansasinay Jean L. Dominique ak Jean Claude Louissaint, sanble gen 164 pyès ki manke nan dosye a. gade sa nan paj 36 lèt tou louvri RNDDH (ansyen NCHR Ayiti) te voye bay minis Jistis la 8 desanm 2004 pase a.

Menm jan an tou, nan tout nivo nan tèt aparèy jistis la, aktè lajistis ayisyen yo detounen pwosedi yo, menm jan ak anpil jij de pè ki gen abitud chak jou ap fè de bagay ki depase konpetans yo, gen anpil pakè tou ki detounen pwosedi yo rele " ekzekwati " a pou yo pa egzekite sèten desizyon jij pran pou libere moun ki nan prizon.

Ansyen minis Jistis la M. Bernard Gousse di manm misyon FIDH yo li te chita pale ak tout komisè gouvènman yo pou l te fè yo sonje travay yo gen pou fè epi li di l deja deplase anpil nan yo. Dapre li, se komisè yo ki anchaje pou mete aksyon piblik an mouvman, yo dwe pran responsablite yo. Li rekonèt gen anpil nan yo ki kenbe menm vye abitud lontan yo.

An reyalye yo vire do bay jistis la, pèsonn tou pa dispoze al devan lajistis lè gen yon diskisyon, yo fè sa sèlman lè yo pre pou peye lajan. Nan kondisyon sa a, moun vin pi pa fè jistis la konfyans nan peyi a, yo pito bay tèt yo jistis, pafwa ak brutalite e sa kreye lòt twoub nan sosyete a.

B.- Batay kont enpinite a

Batay kont enpinite, pou gen pinisyon pou tout krim kote yo pase dwa moun anba pye, se yon batay gouvènman tranzisyon an te di l ap bay priorite. Akò politik 4 avril 2004 la bay gouvènman sa a yon responsablite byen klè sa k pote gouvènman an angaje l pou : " pran yon seri desizyon prese prese pou fini ak sitirans nan tout sans epi kòmmanse pase men nan jistis la ", mete kanpe yon komite ki pou, yon bò, mennen ankèt sou ka tout moun ki disparèt, sa yo kidnape, moun yo assinen, sa yo fè kadejak sou yo, sa yo touye san jijman ak tout lòt vyolasyon dwa moun ak byen moun ki fèt nan dènye ane sa yo, yon lòt bò, evalye travay Ofis Pwoteksyon Sitwayen (OPC) fè sou sa deja.

Demach pou bay amnisti

3 sekatanm 2005 lan, gouvènman tranzisyon an prezante devan Konsèy minis yo yon pwojè amnisti pou tout patizan gouvènman ki sot pase a ak tout moun ki nan prizon pou krim yo te fè soti 17 desanm 2003 rive 29 fevriye 2004. Amnisti sa a ap " total kapital" l ap valab " ni pou nèg ak zam ki t ap goumen kont pouvwa Aristide la ni pou nèg ak zam ki t ap eseye pwoteje pouvwa a tou ".

Nan dat 9 sekatanm 2005, Konsèy Saj la la mete yon kominike deyò pou l fikse pozisyon l sou pwojè dekrè amnisti a yo di ki se yon pwojè " selera " epi " tout pawòl ki ladan l yo choke moun, yo sanble ak yon ochan pou enpinite."

Pozisyon Konsèy Saj la sou pwojè amnisti a pa nan voye wòch kache men : pwojè sa a " se yon souflèt pou istwa batay kont gouvènman lavalas la " e li kache yon seri lojik nou pa kab asepte tankou :enpinite, pran move zak ki fèt yo tankou bagay banal, tradisyon politisyen yo "; pwojè sa a " vle montre tout krim se menm ", " yo chita sou move konsta ki defòme zak ki fèt yo ", " li fèt pou yon seri moun byen kalkile" " li pa respekte Akò politik 4 avril 2004 la ki tabli manda gouvènman pwovizwa a. "

Gouvènman an te oblije bandonnen pwojè dekrè amnisti a akoz pakèt pale anpil li te pwovoke, te gen anpil pwotestasyon kont pwojè sa a, se pa sèlman Konsèy Saj la, plizyè sektè nan sosyete sivil la te denonse l tou kòmmanse sou òganizasyon k ap defann dwa moun yo. (Gade sit entènè www.rnddh.org.)

1.- Enpinite a la chak jou

Gwoup ame ilegal yo se majònon nan vyole dwa moun: gang k ap travay pou politisyen oubyen non, ansyen militè, bandi ki gen zam k ap travay pou politisyen mafya, eks.

Zak vyolasyon gwoup sa yo komèt yo tou se rezilta feblès leta a ki gen obligasyon veye sou sekirite moun ak byen nan zòn ki anba otorite yo. Men li klè tou, gouvènman ki la a pa fè menm jan ak gwo otorite rejim Lavalas la ki te gen men yo tranpe dirèkteman nan zak vyolasyon dwa moun grav.

Sa pa anpeche, anpil moun nan leta ki pa gen gwo grad (tankou polisye yo) toujou koupab nan yon seri vyolasyon grav sou dwa moun: touye moun san rezon, san jijman, abitud fè moun pase mizè, maltrete yo, avili yo, arete yo, kenbe yo nan prizon san rezon. Kantite moun nan leta ki kondane pou zak sa yo toujou rete tou piti devan kantite move aksyon ki fèt yo.

Leta gen gwo responsablite nan sitiyaasyon sa yo. Se yon seri ka kote leta nan yon sitiyaasyon pou l aji san rezèv kèlkeswa sitiyaasyon materyèl oubyen sitiyaasyon sekirite enstitisyon yo: kenbe moun nan gadavi, kite moun nan prizon san jije, maspinen moun, trete moun tankou bèt, koripsyon, eks...

Mete kanpe touswit tout fòmalitye pou gen disiplin, ouvè ankèt, vizite komisarya yo, prizon yo, sèvis administratif, desizyon sa yo endispansab si yo vle batay kont enpinite a ki la chak jou.

Nan sans sa a, otorite ki la yo menm jan ak gouvènman ki gen pou vini yo pa ka pa gen yon politik klè kont enpinite, kit se enpinite ki makònen ak chapant sosyete a kit se enpinite chak jou a sinon efò ki fèt nan lòt branch yo kapan minen akoz mannèv lotè vyolasyon dwa moun yo k ap toujou chache chape anba men lajistis.

Defi yo anpil pou aparèy jistis la alòske li montre li enkapab mache byen, li enkapab pou refòmè tèt li, li pa ka bay jistis san paspouki.

2.- Chèche refòm Lajistis, yo pa wè refòm

Kit se nan yon tan ki pa twò lwen oubyen ki lwen, refòm sa a dwe fèt kanmenm e li dwe touche tout chèn penal la : depi lè lapolis ap fè pwosè vèbal yo jouk li rive lè y ap bay pinisyon oubyen santans yo. Èd lòt peyi konn bay nan domèn nan toujou touche yonn oubyen yon lòt nan etap yo san yo pa manyen l nan tout kò l, oubyen yo fè l sou aparans sa fè rezilta èd yo jodi a ou pa wè yo oubyen yo manke fè efè.

2.a.- Ki refòm?

Endepandans pouvwa jidisyè a dwe nan mitan politik refòm nan pou asire bon fonksyonman enstitisyon an. Pou sa fèt, depataje pouvwa ekzekitif la ak pouvwa jidisyè a dwe chita sou dwa granmoun (otonomi) li ni nan nivo enstitisyonèl ni nan zafè lajan. Tout moun misyon FIDH la rankontre yo dakò sou sa men yo ensiste tou pou otonomi nan zafè lajan an fèt byen yon fason pou yo kab goumen tout bon vre kont koripsyon ak tout magouy li trennen dèyè l.

Mete yon bidjè serye a dispozisyon sistèm nan dwe mache ak règleman ak prensip pou kontwòl entèn ni sou fason lajan an ap depanse ni pou pwosesis pou jij yo ak tout lòt ajn ki nan sistèm nan vin pi maton. Sou pwèn sa a, ansyen minis Ljistis la mèt Bernard Gousse pale de : fè konkou pou anplwaye moun pou batay kont zafè moun pa, prepare lwa pou asire endepandans pouvwa jidisyè a, modènize kòd penal la, reouvè ankò lekòl ki fòme jij yo pou lane 2005 lan, pou yo vijilan lè y ap nonmen jij yo, koperasyon ak lòt peyi, koperasyon ak òganizasyon entènasyonal yo, eks...

Lè n rive nan detay refòm nan, nou remake se yon chanjman total k ap fèt nan jistis Ayiti a, se pa yon senp ti pase men. Yo vle bay enstitisyon an tout zouti ki nesèsè yo pa te mete anplas lè yo t ap transpòte sistèm jistis franse a bò isit : mete regleman ak prensip pou Lekòl jij yo ak lòt enstitisyon kote yo fòme jij yo, avoka yo, grefye yo ak komi pakè yo; Mete règleman pou Konsèy siperyè majistrati a pou yo ka òganize epi kontwole otonomi pouvwa jidisyè pou retire l anba pouvwa ekzekitif la; fòk yo klè sou wòl ak fonksyon majistrati a pou kapab gen transparans nan demach pou nonmen jij yo ak jan sa ap mache sitou lè y ap retire oubyen eklèsi wòl ak fonksyon jij de pè yo ki toujou anba lòd ni pakè ni syèj, eks....

Fòk yo alimante chèn penal la tou nan amelyore demach ankèt

ki dwe founi prèv: konsa, devlopman medsin legal la ki pèmèt yo prezante prèv syantifik yo se yon eleman enpòtan pou lajistis bay nan bon kondisyon sitou nan yon peyi kòm Ayiti kote gen anpil vyolans. Tout gouvènman ki pase yo toujou fè kòm si yo pa konprann wòl Enstiti mediko-legal (IML) la depi l kreye an desanm 2002, poutan enstiti sa a gen yon wòl enpòtan li kapab jwe nan pote prèv serye. Responsab ONG URAMEL la (Inite rechèch ak aksyon medik-legal) ki te chita pale ak delegasyon FIDH la di malgre IML la ap mache, "li toujou manke yon eleman enpòtan nan demach pou fè otopsi oubyen konsta medico-legal", sa bloke tout travay doktè yo, jij yo, avoka URAMEL yo ta vle fè pou pèmèt IML la mache. Sa k pi mal la, lèt (sikilè) ki pou sètifye fòmilè ki pral pèmèt yo ekri papye pwosedi yo pako janm siyen depi 2 lane.

Sou kesyon sa a, Espè endepandan Nasyonzini an di nan yon rapò nan mwa janvyè 2005 lan : " se menm bagay pou papye ki gen règleman ki pale sou dwa granmoun IML la, dwe genyen yon konsèy administrasyon k ap gen ladan l reprezantan ministè ki sou tèt li yo (sante piblik, lajistis), se dwayen fakilte medsin nan Inivèsite Leta d Ayiti a ki prezidan l, l ap gen yon administratè jeneral ki pral fè jesyon chak jou nan 2 sèvis yo (tanatoloji ak medsin moun ki vivan), ki la pou travay ak ekip medsen lejis yo ki fòme pou sa". Sa lakoz 2 medsen lejis Espè endepandan Nasyonzini an t ap pale a ap tann depi 2 lane pou yo kòmanse travay; epoutan fòmasyon ak materyèl peyi Lafrans bay yo t ap ede yo fè yon gwo pa tout bon nan pote solisyon pou yon pakèt afè nan jistis la. Otorite ann Ayiti yo t ap fè yon pa pozitif ki enpòtan nan batay kont enpinite si yo te adopte tèks ki gen pou wè ak IML la : siyen lèt ki sètifye fòmilè rekizisyon ak lòt papye legal yo; adopte dokiman règleman yo ki pou mete IML la anba lalwa; sèvi ak dokiman ki fikse kalandriye fonksyonman enstiti a.

Refòm nan chèn penal la dwe gen ladan l fè polis jidisyè a vin pi pwofesyonèl espesyalman nan byen prepare pwosè vèbal ekri ki konplè epi ki respekte lalwa.

Refòm sa a dwe mete an valè kèk bagay kòm zafè lang lan (franse ak kreyòl) ak difikilte ki toujou genyen nan demach ekri yo men tou de kesyon ki gade tout peyi a tankou tabli yon bon rejis eta sivil, repare tout biwo leta yo oubyen tou reòganize leta a nan tout peyi a.

Si yo pran tout koze sa yo alalejè oubyen si refòm nan fèt sou aparans sa pral yon gwo echèk pou politik batay kont enpinite a.

3.- Yon Komisyon Verite ak Rekonsilyasyon?

A kote refòm ki nesèsè nan Lajistis la, anpil moun swete pou yo ta fòme tou yon Komisyon Verite ak Rekonsilyasyon ki

AYITI : KI AVNI POU YON TRANZISYON RATE

prevwa nan misyon gouvènman pwovizwa a " mete yon komisyon kanpe ki pou: yon bò, fè ankèt sou tout ka moun ki disparèt, kidnapin, ansasinay, kadejak, touye moun san rezon ak tout lòt zak vyolasyon dwa moun ak vyolasyon byen moun ki fèt nan dènye ane sa a yo, yon lòt bò, evalye travay OPC fè sou sa deja".

Demach sa a ki se yon demach espesyal pou ti bout tan sa a, t ap pèmèt yo ede viktim yo jwi dwa pou yo jwenn laverite, jistis ak reparasyon.. Jan Espè endepandan Nasyonzini an te di a " Premye minis lan te fè yon anonse sou prensip pou fòm komisyon an, san l pa bay detay sou regleman yo, sa fè kesyon an toujou rete san repons pou konnen èske se ap yon komisyon otorite yo ap mete oubyen k ap soti nan sosyete sivil la. Se pèp ayisyen an ki pou decide ".

Eske yon estrikti konsa kapab itil nan moman sa a? Pou anpil moun FIDH rankontre se gwo dout ki genyen : " isit, komisyon yo se yon pakèt bèl boubèl ", dapre sa yonn nan yo di.

"Nan mwa mas 1995, prezidan Aristid te pran yon dekrè pou kreye yon Komisyon nasyonal Verite ak Jistis, travay li se te mennen ankèt sou vyolasyon dwa moun pandan gouvènman militè a soti 1991 rive 1994, epi pou yo te bay responsab lajistis yo rapò final. Apeprè 6.000 moun ki te viktim pote plent. Nan mwa fevriye 1996, komite a te mete yon rapò deyò ki te egzijè yo repare tout domaj ki te fèt yo ak refòm nan enstitisyon Leta yo. Si rezilta travay sa yo parèt yon jan ki ka satisfè moun, komite a pa t kapab bay yon bon jan plan pou dedomaje viktim yo senpman paske li te manke mwayen ".

Eske yon dezyèm eksperyans kapab bay pi bon rezilta? Anpil moun doute epi yo fè konnen, plis tan ap pase san komite a pako sou pye, se plis l ap pèdi rezondèt li. Mete sou sa, pa gen antant sou manda komisyon an alòske nou deja rive nan finisman tranzisyon an (kilès k ap ladan l, kijan l pral travay, ki pouvwa l ap genyen, kantite lajan k ap nan bidjè l, sou ki peryòd li pral travay, tout sa se pwen ki pou eklès).

Gen sèten ONG ki kwè yon komisyon konsa pral retade oubyen bloke yon seri afè ki deja devan jij enstriksyon, yo ta prefere pito pou ta gen yon estrikti ki fèt ak plizyè ONG pou monte dosye, sa t ap bay lajistis jarèt. Plizyè òganizasyon tankou Sant Ekimenik Dwa Moun (CEDH), Komisyon episkopal nasyonal Jistis ak Lapè (JILAP) ak Ayiti Solidarite Entènasyonal (HSI) te defann lide sa a, e se sa ki fè yo te kreye Komisyon sitwayen pou aplikasyon Lajistis (CCAJ). Komisyon sa a dwe, yon bò, travay pou yon bon refòm fèt nan aparèy lajistis la, yon lòt bò, fè ankèt epi monte dosye sou ka vyolasyon yo kwè ki " ijan " sizanka afè sa yo ta kab bay yon lide sou tout ka vyolasyon ki fèt sou dwa moun ann Ayiti.

Se yon fason tou pou sosyete sivil la ankouraje lajistis la refòmè tèt li epi " akonpaye l " nan demach la. Tout ka CCAJ prezante pou l defann yo se ka ki konplike : afè sasinay Jean Dominique ak Brignol Lindor a pèdi nan koridò kabinè enstriksyon, anpil pyès nan dosye yo disparèt, temwen mouri sasinen, moun yo te arete yo asasinen yo. Estrateji akonpayman sa a gen anpil limit ak enjistis ki toujou make sistèm jistis ayisyen an.

4.- Trase ekzanp se yon metòd pou batay kont enpinite

Pa gen manti nan sa, fason yo trete dosye ki pi senbolik yo kapab ede pou pèmèt pèp ayisyen an rebran konfyans nan Lajistis sitou si pwosè yo respekte tout regleman entènasyonal yo tankou : pa gen paspouki, dwa pou moun gen defans, respè regleman ak demach lalwa yo, eks. Espè endepandan Nasyonzini an di " pou lajistis kapab bay bon ekzanp :

a) Li pa dwe panche yon bò;

b) bay asirans premye ka ki rive devan lajistis yo chita sou dosye ki solid ".

Epoutan, jan lajistis te trete premye ka yo -ak paspouki, gwo ponyèt- fè yo pèdi valè yo kòm bon ekzanp.

4.a.- Afè Louis Jodel Chamblain an se yon move siyal pou lit kont enpinite a.

Lè yo libere Louis Jodel Chamblain, 11 dawout 2005 lan montre klè kouman enpinite a byen chita ann Ayiti, sa fè Jisit ayisyen an rate yon okazyon pou l te egzèsè pouvwa lalwa ba li pou li trase egzanp nan batay kont enpinite.

Ansyen atache Chamblain te ann afè ak lajistis poutèt li te tranpe nan anpil zak vyolasyon grav kont dwa moun : yo akize l nan masak Raboto nan lane 1994, nan dife kriminèl ki te boule plizyè dizèn kay ann site Solèy nan lane 1993, lanmò komèsan Antoine Izmary lane 1993. Li te soti nan prizon gras ak desizyon Lakoudapèl Pòtoprens te pran sou baz tout fòmalitye yo pa t ranpli, yon desizyon ki vin fèmen yon bann lòt pwosè ki t ap fèt kont li kote Lajistis ayisyen an montre tout feblès li yo; akizasyon mal prepare, dosye yo gen pwoblèm fòm, pakè manke fè santi l la, pa gen konfyans nan temwen yo, oubyen yo pa konn anyen nan sa k pase yo, eks.

Jan yo lage Chamblain an estonmake tout òganizasyon k ap defann dwa moun yo epi anbasadè ameriken an, James B. Foley te kritike desizyon sa a, li konsidere liberasyon ansyen

AYITI : KI AVNI POU YON TRANZISYON RATE

attache a kòm yon "wont pou peyi a."

4.b.- Ekzanp : Afè Antoine Izmerly

Te gen yon sesyon espesyal asiz kriminel ak asistans ki fèt Pòtoprens soti 16 pou rive 29 dawout 2004, lè sa a, yo te tandè sis ka, pami yo te gen senk ka yo t ap jije dèyè do akize yo (pa kontimas). Sèl ka Antoine Izmerly a pwochè a te fèt devan akize yo : Louis Jodel Chamblain, ansyen nimewo 2 FRAP la ak ansyen kapitèn Jakson Joanis, ansyen kòmandan sèvis antigang lè evènman sa yo te pase a. 17 dawout 2004, apre 2 jou pwochè, jiri a deklare Louis Jodel Chamblain ak Jakson Joanis inosan nan akizasyon ki te sou do yo pou lanmò patizan Aristide la, komèsan Antoine Izmerly.

Antoine Izmerly te depanse anpil lajan nan kanpay elektoral ansyen prezidan Jean Bertrand Aristide. Apre koudeta 1991 lan, li te prensipal responsab KOMEVEB (Komite mete men pou verite blayi) ki te gen kò premye objektif pou fè limyè sou koudeta militè a epi mennen demach pou retou lòd konstitisyonèl la. Nan dat 11 septanm 1993, KOMEVEB te chante yon mès nan legliz Sakrekè Tijò pou te fè sonje masak 11 septanm 1988 la. Lè l te bò 6è nan maten, dapre yon rapò Komisyon nasyonal Verite ak Jistis te mete deyò, militè ki pa t gen inifòm sou yo, atache ak plizyè gwo chèf FRAPH te gaye kò yo nan tout kwen arebò legliz la. Anpil moun te viktim, yo bat jounalis yo, arete yo mennen yo nan lapolis antigang, se Jakson Joanis ansyen kapitèn ki te kòmandan lè sa. Apre sa yon valè 10 nèg konsa zam nan men trennen Antoine Izmerly soti deyò legliz la avè l, mennen l nan ri Jose Marti se la yo touye l ak yon bal nan tèt.

Kòm se yon ka ki grav e ki gen anpil enpòtans, RNDDH (ansyen NCHR Ayiti a) ak CARLI poze kesyon sou rezon ki fè ministè piblik la te prese konsa ak dosye a alòske li te klè pou tout moun akizasyon an te mal prepare. Nan 8 temwen pati akizasyon an te site devan tribinal la, se yon sèl ki te konparèt, pou li menm se erè yo fè ki fè non l nan lis sa a, li pa konn anyen nan koze sa a. Epoutan, dosye a gen anpil temwayaj ak lòt eleman kòm prèv, pati akizasyon an pa t menm vini nan tribinal la ak bagay sa yo lè pwochè a. Sa k pi di a se paske gen pawòl ki fè kwè gen yonn pou pi piti nan manm jiri a ki ta genyen zanmitay ak FRAPH. Poutèt Joanis te rann tèt li kèk jou sèlman anvan yo anonse jijman an sa fè moun sispèk gen yon magouy ki te prepare.

" Nan dat 26 out 2004 la, Konsèy Saj la fikse pozisyon l kote l di li regrèt " dèske vèdik la gentan pwononse san ministè piblik la pa mande pou afè a al devan lakou kasasyon. Yo te kapab mande sa nan 3 jou fran, apati dat jijman an te soti a

jan lalwa di sa. Yon demach konsa t ap gen anpil valè, li t ap fè wè moun nan pouvwa yo gen volonte politik pou sèvi ak tout mwayen posib lalwa mete, se t ap nan lide pou garanti enterè sosyete a epi rejte tout lojik enpinite".

Devan tout pwoblèm sa yo pwochè a genyen prensipalman temwen ki te dwe la yo ki pa la, ministè piblik la te dwe mande pou jijman an ranvwaye jan sa prevwa nan atik 286 kòd enstriksyon kriminel la. Okontrè, tribinal la te refize demann lan sou pretèks, pa gen anyen ki di temwen yo ap vini la a ankò. Sou pwèn sa a Espè endepandan an di " Sa a se kòm si yo bliye yon bagay enpòtan : akize a se yonn nan chèf rebèl yo ki te fenk sot pran zam, ou kapab konprann krentif temwen yo. Kidonk ranvwaye afè a t ap yon okazyon pou jij yo chache konnen tout rezon ki fè temwen yo pa prezante oubyen tribinal la li menm, si l ta wè rezon temwen yo bay la pa kenbe, li t ap sèvi ak pouvwa atik 287 kòd enstriksyon kriminel la ba li pou l fè tout oubyen yon pati nan temwen yo prezante. Sèl Joanis ki toujou nan prizon paske l gen akizasyon nan lòt afè ki devan lajistis. Men pou RNDDH, " vèdik la se yon egzant klè ki montre kouman enpinite a tabli nan peyi a pou l trangle l ". Pwochè sa a te yon okazyon favorab pou pouvwa jidisyè a te fè tout Ayisyen wè volonte l genyen pou l chanje pou l tounen yon enstitisyon k ap mache, ki endepandan, ki lejitim, k ap sèvi enterè lajistis ak viktim yo. Okontrè, maskarad jijman an sa a montre yon fwa ankò jan pouvwa jidisyè a fèb, jan l pa kab fè travay li epi jan li anba zòd.

Kèk lòt afè k ap tann jijman

Gen plizyè afè, gwo afè politik k ap tann lajistis : sasinay jounalis Jean Dominique ak Brignol Lindor, masak Raboto, pakèt moun yo touye Lasiri yo eks...

Afè Jean Dominique ak Jean Claude Louissaint an revòlte moun: konsa, depi yo te asasinen yo 3 avril 2000 nan lakou estasyon Radyo Ayiti Entè a, demach pou rive òganize epi fè yon pwochè te jwenn anpil blokaj, feblès ak move fonksyonman sistèm jistis la parèt klè. Nan yon lèt RNDDH voye bay minis Lajistis la, li konte kantite bagay ki pi pa parèt klè nan ankèt la ak nan enstriksyon an : Tout machin asasen yo te sèvi ki te nan Direksyon polis jidisyè a (DCPJ) disparèt ; Jean Wilner Lalane, yonn nan pi gwo sispèk lapolis te arete yo, mouri pandan yo t ap fè l yon ti operasyon, epi yo pa janm jwenn kadav li ki te nan mòg lopital kote yo te kite la pou jij enstriksyon te ka fè ankèt sou li; M. Panel Renelus alyas ti Panèl, yon lòt sispèk yo te arete, yo te asasinen l nan komisarya polis Leyogàn nan malgre jij enstriksyon an te fè demach pou yo te voye l nan prizon Pòtoprens; jij Claudy Gassant ki t ap mennen ankèt sou dosye a, te chape pou li

AYITI : KI AVNI POU YON TRANZISYON RATE

kite peyi a paske l te plizyè menas ak atak. Anplis de sa, sanble nan 196 pyès ki te fè dosye a 164 disparèt nan grèf Lakou Kasasyon, sa fè jij yo ki vin sou dosye a aprè Kasasyon fin bay jijman l, jwenn 32 pyès sèlman.

Tout bagay sa yo ranfòse enkyetid kay fanmi viktim yo ak tout òganizasyon k ap defann dwa moun yo pou jan kèk manm lapolis ak lajistis ayisyen konplis nan pwoteje asasen yo ak moun k ap pase lòd pou fè ansasinay yo, yon fason tou pou yon pwosè pa janm rive fèt. Tout magouy ak trennen pye ki fèt nan dosye sa a ki te ijan pou gouvènman an ki di li gen volonte pou batay kont enpinite, se mak fabrik politik gouvènman pwovizwa a menm: Anpil pwomès, yon ti kal aksyon.

Nan ka jounalis Brignol Lindor a sanble tèt koupe ak ka Jean Dominique lan : tout ansasen ki fè zak la ak sa ki voye fè l yo la, y ap monte desann anba je jistis ki pa gen volonte pou mete men sou yo. Akize yo menm ap chèche kaponnen fanmi viktim yo pou yo ka vag sou dosye a. Manm delegasyon FIDH yo te rankontre ak reprezantan legal fanmiy Lindor a. Li rapòte kantite menas ak presyon l ap sibi. Senk lane apre bagay sa yo fin pase ankèt la toujou ap make pa sou plas, posiblite pou ta gen yon pwosè ap vin pi lwen chak jou. Epoutan, menm jan ak afè Jean L. Dominique lan, afè Brignol Lindor a rete yon tès epi si yo fè yon pwosè serye sa ap trase yon egzanp tout bon jan gouvènman sa a te swete.

Anfen, pou lane 2005 lan, afè " Lasiri a " te fè aktyalite nan sektè lajistis la: arestasyon Premye minis Yvon Neptune 27 jen 2004 poutèt li ta tranpe nan masak la epi jan y ap òganize pwosè a lakoz anpil polemik.

Nan dat 9 fevriye 2004, nan dènye moman gouvènman lavalas la, Yvon Neptune te ale Senmak kote ki te gen yon ajitasyon popilè kont pouvwa a. Pa menm 2 jou apre vizit sa a kote li te repete gouvènman an gen volonte pou mete " lòd " Senmak sanble tou li te bay lòd la, lapolis, inite espesyal polis nasyonal la : kò Antiteyoris (Cat Team), kò entèvansyon pou mete lòd la (CIMO) ak yon gwoup sivil ki gen gwo zam, manm òganizasyon Bale wouze, yo anvayi katye ki rele Lasiri a Senmak. Debakman fòs sekirite sa yo ak atache yo te tounen yon espedisyon espesyal ki al kraze brize tout moun ki rete nan katye sa poutèt yo se patizan "Rasanbleman militan konsekan Senmak " (RAMICCOSM) òganizasyon sa te gen zanmitay ak opozisyon an lè sa a. Kantite moun ki mouri oubyen disparèt te plis pase senkant (50), plizyè dizèn moun blese ak anpil kay boule. Atak nèg ak zam sa yo te vin tounen " yon masak san parèy, gason pa kanpe ", dapre kèk temwen ki pale ak manm misyon FIDH la.

Ansyen Premye minis la gen chay sou do l poutèt yo sispèk li kòm moun ki t ap ankouraje beny san sa a kote tout nèg ak zam sa yo aji depase mezi pou fè masak la. Si l parèt M. Yvon Neptune te gen pouvwa swa legal oubyen de fakto sou fòs ki te patisipe nan zak sa yo, responsablite li kòm Premye minis kapab dwe eklèsi: nan ka sa a M. Neptune te dwe konnen oubyen ta dwe gen enfòmasyon sou zak ki t ap prepare a e li te kapab pa kite sa fèt oubyen pini koupab yo. Okontrè sanble yo pa t pran okenn mezi swa disiplin, swa mezi lajistis oubyen politik pou pa t kite sa rive oubyen pou pini move zak sa yo.

Oganizasyon pwosè a te pran reta akòz yon goumen sou konpetans jij yo nan Senmak pou trete dosye a, mennen ankèt, fè jimman sa. Ankèt la te kanpe ap tann desizyon Lakou Kasasyon ki gen dosye a nan men l depi 12 jiyè 2004. Lakou Kasasyon panche sou dosye a 8 novanm 2004, nan fevriye 2005 li pa te ko janm pran yon desizyon. Blokaj dosye a nan Lakou Kasasyon gen move konsekans sou pwosè a : jan yo kenbe Yvon Neptune ak lòt akize yo nan prizon mete dlo nan moulen moun k ap fè akizasyon yo kòm kwa y ap pèsekite manm ak patizan ansyen gouvènman an, tandiske pou viktim yo, dwa yo genyen pou jwenn verite ak jistis se yon bagay k ap trennen.

Grèv grangou Yvon Neptune ap fè a epi lè yo vin mete l nan lopital MINUSTAH nan nuit 10 ouvè 11 mas 2005 vin agrave sityasyon an, tansyon an vin monte pi wo degre.

Finalman, 25 me 2005 Yvon Neptune parèt devan jij enstriksyon Senmak la, Madan Cluny Pierre-Jules ki remèt òdonans kloti enstriksyon an 15 septanm 2005 lan. Odonans lan louvri pòt pou yo òganize yon pwosè a devan tribinal kriminèl Senmak, san asistans jiri, se pakè ki gen pou bay dat pwosè a kote yo pral deside sou ka 30 moun ki tranpe nan zak la tankou ansyen minis Enteryè lavalas ak minis Jistis lavalas la Jocelerme Privert, ak Calixte Delatour, ansyen Sekretè d Eta Sekirite piblik Jean Gérard Dubreuil, ansyen depite Amanus Mayette, ansyen direktis PNH la, Jocelyne Pierre, ak 2 lòt gwo chèf nan lapolis la Rody Bertomieux et Jean-Robert Esther.

Jis nan dat 20 septanm 2005, gen yon kantite moun ki tranpe nan masak Lasiri a lapolis poko janm arete yo. Odonans kloti sou masak Lasiri a rive nan yon moman kote lajistis peyi a ak gouvènman pwovizwa a anba gwo presyon kominote entènasyonal la, sitou Etazini k ap mande pou yo libere Yvon Neptune san kondisyon. MINUSTAH te menm di gen chans pou Yvon Neptune ta mouri, si yo pa voye al pran swen nan yon lopital aletranje, nan dat 9 dawout 2005, Reprezantan

AYITI : KI AVNI POU YON TRANZISYON RATE

Sekretè jeneral la ann Ayiti a M. Juan Gabriel Valdès, mande pou libere Yvon Neptune pou 2 rezon: paske yo kenbe l nan prizon san jije pandan twò lontan ak eta sante l ki pa nòmal.

Antouka, M. Yvon Neptune genyen toujou gen posibilite pou l fè apèl kont òdonans kloti a. Desizyon pou voye akize yo devan tribinal kriminel san asistans jiri a vyole atik 50 konstitisyon an ki di klè "dapre konstitisyon an ak lalwa, jiri a la pou afè kriminel lè gen moun mouri ak lè se krim politik". Se pou tout sa ki ekri nan lalwa respekte nan tout tribinal nan peyi a, sa a gen premye plas. Nan sitiyasyon sa a, toujou gen dout si ap gen yon pwochè vreman epitou Yvon Neptune sanble nan prizon pou kèk jou ankò.

Lajistis dwe trase ekzanp an premye kont tout moun k ap vyole dwa moun. Jan Espè endepandan an fè wè sa, "si yo kapab arete yon Premye minis (M. Yvon Neptune), yo ta dwe kapab tou arete yon Jean Tatoun ki sove nan prizon k ap paze libelibè epoutan nan pwochè Raboto a li te kondane pou pase tout vi l nan prizon, oubyen yon Ravix Rémissainthe, aprè l fin mete tèt li kòmandan ansyen militè yo ki mande pou fè geriya ". Jean Tatoun, bon non l se Jean Pierre Baptiste, ansyen gwo chèf FRAPH, li te kondane pou l fè travay fòse pandan tout lavi l nan prizon paske l te patisipe nan masak Raboto a. Nan mwa avril 1994, plis pase 20 moun te mouri, plizyè dizèn moun te blese lè nèg nan lame d Ayiti ak manm FRAPH te atake katye popilè sa nan Gonayiv kote ki te gen anpil patizan Aristide.

Nan mwa novanm 2000 pandan yon pwochè ki te jwenn sipò kominote entènasyonal la, tribinal la te kondane 16 moun yo te jwenn ki koupab nan masak Raboto a, gen 37 lòt yo te kondane dèyè do yo, ladan yo ou jwenn Louis J. Chamblain. Dapre lalwa peyi a, tout moun yo jije dèyè do l gen dwa mande yon lòt pwochè devan l pou l kapab defann tèt li kont akizasyon ki sou do l yo. Jean Tatoun te fè pati prizonye ki te sove nan prizon Gonayiv la nan mwa dawout 2002 lè sa a se lame Kanibal ki te nan tèt mouvman sa. Depi Aristide ale a Jean Tatoun parèt tèt li plizyè fwa kote ki gen anpil moun, menm Pòtoprens li pwonmennen san l pa pè anyen.

C.- Pou fini

Menm jan ak tout lòt estrikti Leta yo nan peyi a, Lajistis ayisyen an gen gwo feblès. Tout fason, jodi a li pa kapab leve defi kriz peyi a : Pou jistis la fonksyone chak jou pou respekte tout dwa moun epi batay kont enpinite chak jou. Se sèl yon volonte politik san fay, ki jwenn yon ankadreman espesyal nan lajan ak materyèl bò kote kominote entènasyonal la, petèt sa ta kapab chanje yon fason pou yo fin ak virewon sa

jistis la ap naje ladan depi plizyè lane.

Pandan tout jou yo te pase ann Ayiti a, delegasyon FIDH la pa janm santi gen volonte politik sa a nan peyi a. Donk, si diskou ofisyèl y ap fè pou moun ki deyò yo bay yon sèten espwa, pa gen aksyon ki fèt. Konsa, zafè refòm Lajistis la sanble se yon ansyen esloganann Ayiti. Nan mwa dawout 2004, prezidan peyi a menm rekonèt devan delegasyon FIDH la " y ap pale pawòl sa yo depi 15 lane men anyen pa janm fèt " Malgre yon lane pase, gouvènman pwovizwa a sanble pa fè yon pa anplis menm jan ak sa k te la anvan yo.

Reyèlman vre, ti lajan ki nan bidjè nasyonal la pou Jistis ayisyen an, trennen pye ak afè ki devan lajistis, difikilte pou moun ki bezwen jistis yo jwenn jistis, koripsyon ki blayi nan enstitisyon an, enpinite a k ap kontinye, tout sa vin fè demach tranzisyon an pi frajil. Mete sou sa, refòm ki gen pou fèt yo divize twòp. Konsa li klè nan jou k ap vini yo, lapolis gen pou benefisye yon èd entènasyonal nan mwayen ak fòmasyon, l ap bon anpil. Si èd entènasyonal la pa rive jwenn tout aktè nan chèen penal la, lapolis, jij yo, li posib li pap bay bon rezilta n ap tann nan.

Kenbe yon bidjè piti konsa pou aparèy lajistis la ak lapolis, dapre pawòl ansyen minis Jistis la, " lapolis la pran pou kont li anviwon 550 milyon goud sou 590 milyon, sa fè wè " yo pa tèlman fè ka jistis la nan peyi a jodi a".

Minis Jistis ki vin apre a fè delegasyon FIDH la konnen nan dat 16 out 2005 " sa ki verite, pi gwo pwoblèm jistis la nan peyi a se yon pwoblèm lajan. Leta pa janm mete lajan deyò pou jistis la... ". Se yon konsta ki grav apre 2 lane tranzisyon.

Eske gen lachas dèyè yon sektè?

Lè yon gouvènman tonbe ak fòs zam, li posib pou gen dezòd, vanjans. Ant neseseite ki genyen pou batay kont enpinite ak fè lachas kont yon sektè, fwontyè a kapab etwat anpil.

Manm misyon FIDH yo, nan chita pale avèk otorite yo ak moun nan sosyete sivil la, yo manyen kesyon ki gen pou wè ak sèvi ak aparèy leta a, tankou lajistis nan lide pou tire revanj.

"Nou pa fè okenn arestasyon politik. Moun nou arete yo se moun ki vyole dwa moun. Sitwayen ki pase lalwa anba pye dwe arete epi jije", se sa Prezidan peyi a di delegasyon FIDH.

Laplipa moun delegasyon FIDH la pale ak yo, esepite Pwotektè Sitwayen an, fè nou konnen ann Ayiti jodi a nou pa ka pale de lachas dèyè moun ki ta òganize nan tèt Leta ak konkou aparèy lajistis la.

Ansyen minis Enteryè a ki minis Afè Etranjè kounye a, M. Abraham, di li menm "Si gen zoranj pouri nan panye a, fò w retire yo "; men li kwè aksyon sa a " pa dwe fèt sou yon baz politik ak patipri, sa dwe fèt nan respè regleman ak pwosedi ki prevwa pou sa ".

Epoutan, menm prensip ak demach lalwa sa yo pa te respekte nan plizyè ka, kòm lè yo te arete minis Enteryè Aristide la M. Privert.

Lè delegasyon FIDH la poze kesyon sou arestasyon Privert la ki te fèt nan yon lè lalwa entèdi epi san yon bon manda, ansyen minis jistis la Me Gousse reponn : M. Privert te rele m vè 2è nan maten pou mete m okouran menas y ap fè l, minis lan ajoute : " si nou te tann 6è nan maten li ta kab gen tan mouri ".

Menm jan samdi 2 oktòb 2004, lapolis debake nan radyo Karayib FM nan lè emisyon "Ranmase" lè sa a gen 3 chèf Lavalas ki te la : Joseph Yvon Feuillé, prezidan Sena a, Louis Gérald Gilles, ansyen senatè, ak Rudy Hériveraux ansyen depite. Yo te arete 3 mesye sa yo, mete yo nan gadavi prese prese, akizasyon pa yo : yo se moun ki mete lòt moun ap fè kraze brize Pòtoprens depi 30 septanm 2004.

Pou yo te kab anpeche Yvon Feuillé sèvi ak iminite palmantè l pou konteste arestasyon an, lapolis te pale de flagran deli ak gwo zam lagè nan machin li. Di yon moun gen zam pa sifi kòm prèv pou di li gen responsablite moral nan zak briganday ki simen dèy nan kapital la. Espè endepandan di nan afè sa a li konsidere "Sèvi ak zak flagran deli a pa mache kole ak bon fonksyonman jistis la". Alafen, yo te lage akize yo.

Afè Yvon Neptune nan, dènye Premye minis Aristide se yon siy enpòtan ki montre batay ant patizan Aristide yo ak ansyen opozan yo : pou patizan Aristide yo, akizasyon ak arestasyon Yvon Neptune se lachas k ap fèt kont patizan lavalas yo, yo di ka sa a se yon moso ki parèt deyò; pou opozan yo menm, Yvon Neptune dwe parèt devan jij pou l reponn sou zak li nan sa ki pase nan Lasiri yo, pou l di si se li tout bon vre ki t ap pase lotè masak la lòd.

Pou anpil reprezantan sosyete sivil ann Ayiti a, "Arestasyon Neptune nan se yon bagay ekstraòdinè pou jan istwa peyi a ye". Mennen yon responsab politik nan tribinal pou l di sa l konnen sou zak vyolasyon dwa moun se yon gwo pa. Yo konsidere apatenans politik Neptune pa enpòtan paske yo swete pou tout lotè vyolasyon dwa moun reponn pou zak yo fè devan lajistis, yo te mèt patizan lavalas, patizan gouvènman, ansyen opozan kont Aristide, ansyen militè yo oubyen gang ak zam yo. Sa ki klè, toutotan pwosedi jiridik ki tanmen yo pa respekte lalwa kòm sadwa, lotè zak vyolasyon dwa moun yo ap toujou sèvi ak akizasyon " lachas " pou yo chape anba men lajistis epi y ap jwenn vwa ki pale pou yo. Lè yo respekte demach legal yo sa bay garanti pwosè yo ap fèt kòrèk san paspouki konsa se sèl koupab yo ki pou gen kè sote, konsa y ap ekate tout posiblite pou fè abi.

Pou fini, gen yon distenksyon ki pou fèt dapre si w nan zòn ki sou kontwòl gouvènman oubyen non. Konsa, nan Nò peyi a ak nan Plato santral, kote otorite yo pa kontwole, e ki gen gwoup ame sityasyon an kapab debouche sou regleman kont. Konsa tout gen kèk òganizasyon k ap defann dwa moun ki jwenn enfòmasyon e ki ankete ka kèk patizan lavalas ki te oblije kouri pou yo pa tonbe anba men nèg ak zam. Se gouvènman an ki pou pran responsablite l nan sak konsène lòd piblik pou pa gen dezòd ankò nan peyi a.

VI.- VYOLASYON DWA MOUN ANN AYITI

De lane apre depa Jean Bertrand Aristide, bilan nan kesyon dwa moun ann Ayiti pa pi bon pase sa epi aksyon gouvènman tranzisyon an pa pèmèt retabli totalman dwa Ayisyen pou yo jwenn sekirite, egalite san diskriminasyon devan lalwa, yon jistis san paspouki, respè entegrite fizik ak moral. Konsta sa a pa soti sèlman bò kote gouvènman tranzisyon an, men se pwodui egzèsis pouvwa Aristide la ak lavalasyon yo, se pwodui kilti enpinite ki te pran nesans sou rejim diktati ki te pase yonn apre lòt nan tèt peyi a, se pwodui mank kredibilite nan aksyon gouvènman yo epi se pwodui lotè vyolasyon dwa moun ki pouse kon djondjon sou sèn ayisyen an. Poutan lè manm misyon FIDH yo rankontre prezidan an nan lane 2004 la, pou M. Boniface Alexandre,” se premye fwa genyen respè dwa moun konsa ann Ayiti “. Pou Rezo nasyonal defans dwa moun (RNDDH, ansyen NCHR/Ayiti), pawòl sa a plis sanble ak sa gouvènman tranzisyon an ta vle, men reyalyte a pa chanje nan pwofondè dapre RNDDH “ Aristide pa la ankò, men sitiyaasyon an rete menm jan “.

A.-Yon sosyete dechire ak vyolasyon dwa moun k ap fèt depi plizyè dizèn lane

1.- Eritaj lavalasyon an

Ranvèsman rejim lavalas la pèmèt mete yon pwen final, dechouke sistèm kriminèl ki te tabli kò l tankou yon enstitisyon ki te bay klan ansyen prezidan an otorite, avantaj lajan ak kontwòl politik. Opozan tout kalite te sibi kaponnay, arestasyon e menm egzekisyon. Pouvwa a te fè represyon kont tout mouvman kontestasyon e l te itilize patizan l yo kòm oksilyè lajistis, kòm milisyen ak gwoup represyon, sa ki te plonje peyi a nan latèrè. Fenomèn milisyen òlalwa (espesyalman chimè yo) mete ak politizasyon enstitisyon leta yo epi kòripsyon toupatou, tou sa te bay metòd represyon rejim lavalas la yon karaktè dezòd jeneral ak yon lodè revanj rasyal ki raple nou aspè pi popilè diktati Duvalier yo ak “ tonton makout “ li yo ki t ap simaye dèy nan peyi a. Dapre Komite avoka pou respè libète moun (CARLI), “ sa ki sitou make twa dènye ane sa yo (2001-2004), se yon deteryorasyon nan kesyon dwa moun, libète chak moun ak prensip demokratik yo ”.

Zafè sèvi ak enstitisyon leta yo pou fè represyon te rann otorite ak konpetans Leta a fèb. Anpil ajan leta yo, oksilyè epi patizan ak zam k ap aji sou responsabilite pouvwa politik Fanmi Lavalas te komèt anpil vyolasyon dwa moun ak lòt zak vyolans tankou ekzekite moun dèyè do lajistis, arèstasyon

gwo ponyèt, kenbe moun nan prizon san jijman twò lontan, kidnapin, atak kont jounalis ak sendikalis, zak maspinay, presyon epi chantaj. Lajistis restavèk la te ekzamine de twa grenn sèlman nan ka sa yo epi sa ki pi rès, prèske pa gen kondanasyon ki vin pini lotè vyolasyon sa yo. Ekzekitif la te mete men sou ansanm chèn penal la : yon polis ki lage kò l nan politik, yon pouvwa lajistis ki sou zòd pouvwa politik la epi ki kòwonpi nan yon degre depase, absans dwa pou pote plent, aplikasyon pèn san prensip. Nan peryòd sa a kote se move zak ki te pase kòm bagay nòmal, sosyete ayisyèn nan te vin pi fèb pase nan okenn lòt peryòd.

Fenomèn pouvwa gwo ponyèt (yon apre lòt), yonn ap dechouke lòt, te rann tout travay memwa ak lit kont enpinite a difisil. Resansman vyolasyon dwa moun ki te fèt depi sou diktati Jean Claude Duvalier a sèlman parèt konplike. Lotè vyolasyon dwa moun yo toujou an libète e byen souvan yo toujou ap mennen aktivite yo sou sèn politik ak sou sèn piblik ayisyèn nan. Kilti enpinite a, enstitisyon leta yo ki osèvis gwoup politik yo, yon jistis ki bloke, yon sitiyaasyon sosyal ak ekonomik ki se yon dezaz epi trafik dwòg la k ap ogmante te lakoz sosyete ayisyèn nan ap pwodui vyolans politik ak vyolasyon dwa moun nan tout chapant li.

Anplis de sa, enstitisyon lalwa prevwa ki pou lite kont enpinite pou krim pase yo, se yon bann kokiy vid, lè yo pran lapenn pou yo kreye yo. An reyalyte, si yo te kreye Komisyon nasyonal Verite ak Jistis (CNVJ) ki te dwe ankete sou krim ki te komèt pandan rejim militè a, men yo pa janm monte Komisyon nasyonal reparasyon anfavè viktim koudeta militè 1991 la. Epi yo pa janm aplike rekòmandasyon CNVJ te adopte yo, sa ki retade plis ankò lit kont enpinite a.

2.- Ranvèsman prezidan Aristide ak vyolasyon dwa moun

Depa prezidan Aristide, jou ki te 29 fevriye 2004 la, make pi wo degre vyolans lan te ka rive depi retou Fanmi Lavalas sou pouvwa. Depa sa a te lakòz nonsèlman pouvwa a ak patizan l yo komèt anpil zak vyolasyon dwa moun , men tou divès aktè ki t ap goumen pou pran pouvwa a : ansyen militè, gwoup ak zam, kèk patizan ak zam opozisyon an, gwoup mafya te pwofite enstabilite a pou regle zafè yo oubyen okipe tèren an. Soti nan mwa oktòb 2003 pou rive fevriye 2004, Komite avoka pou respè libète chak moun (CARLI), atravè “ hot line “ li a sèlman, resanse apeprè 366 ka vyolasyon dwa moun. Espè endepandan an pale de sitiyaasyon an konsa :

AYITI : KI AVNI POU YON TRANZISYON RATE

” Enstabilite politik ak enstitisyonèl, pèp la k ap vin pi pòv sou plan sosyal ak ekonomik ak frajilite kondisyon sekirite yo te ranfòse klima absans lalwa ak enpinite a epi pwovoke yon ogmantasyon vyolasyon dwa moun ak lòt zak vyolans, pami yo nou jwenn ekzekisyon san lajistis pa okouran, arèstasyon ilegal, kenbe moun nan prizon prevantiv twò lontan, kidnapin, atak kont jounalis, komès moun, vyolans seksyèl sou fanm ak tifi epi divès gwoup k ap sèvi ak timoun kòm sòlda _menm si yo pa anpil_. Tout gwoup sa yo, kèlkeswa afilyasyon politik yo, te komèt vyolasyon e yo te viktim move zak. Anpil lotè atak sou dwa moun te rejwenn mouvman rebèl la e yo toujou an libète. ”

Nan finisman lane 2003 a, manifèstasyon kont pouvwa anplas la t ap ogmante chak jou pi plis. Manifèstasyon te fèt nan vil Okap, Tigwav ak Gonayiv an premye, yo te toujou sibi atak nan men chimè yo epi lapolis te kraze yo ak anpil vyolans :vyolans polisye yo, arestasyon gwo ponyèt, detansyon ki pa legal, e menm asasina konn make rasanbleman opozisyon an. Jou ki te 28 fevriye 2004 la, apre yon manifèstasyon kont gouvènman an, lapolis te arete 5 moun nan zòn Kanapevè e li te kondui yo nan komisarya Pòtoprens. Li te vin lage yo yon jou apre, sa ki fè Ofis pwoteksyon sitwayen (OPC) te di polisye yo te fè arestasyon ki pa legal, kenbe moun nan prizon san jije epi vyole pou pipiti 16 atik nan Konstitisyon an, nan kòd enstriksyon kriminèl la ak lòt enstriman entènasyonal ki angaje peyi d Ayiti. Sa ki te vize espesyalman se libète chak moun, libète sendika yo, libète pou moun fè reyinyon ak asosyasyon, libète manifèstasyon. Nan dat 24 janvyè 2004 la, lapolis te arete san okenn manda 12 sendikalis nan lokal Kòdinasyon sendikal ayisyen an (CSH) poutan, tankou atik 48 Kòd enstriksyon kriminèl la di sa paske yo pa t bare yo ap fè okenn zak ki pa legal. Apre yo te fin pase 5 jou nan gadavi nan lokal Brigad Antigang, yo te transfere yo nan prizon sivil Pòtoprens lan, Penitansye nasyonal, kote, malgre entèvansyon OPC pou vyolasyon *habeas corpus* (entègrite fizik) yo, lapolis te toujou kenbe yo an detansyon prevantiv jouk nan dènye moman rejim lavalas la.

Jou ki te 7 janvyè 2004 la, anpil zak vyolans rive nan Pòtoprens. Moun yo pa idantifye te atake yon manifèstasyon kont gouvènman an. Twa moun te jwenn lanmò ak bal epi plizyè etidyan ak patizan gouvènman an te blese nan lesefrape. Jou ki te 18 janvyè 2004 la, 6 moun te pran bal nan yon manifèstasyon opozisyon an.

Nan Senmak, jou ki te 15 janvyè 2004 la, aktivis gouvènman epòk la te atake yon manifèstasyon opozisyon an. Twa manifèstan te blese ak bal, yon lòt fwa ankò. Men, si represyon an te makawon tankou nan Tigwav, gwoup

opozisyon an kontre kòn ak patizan Fanmi Lavalas yo ak medya ki pwòch li yo. Se konsa, menm jou a, patizan opozisyon an te boule lokal radyo Piramid nan lokalite Senmak. Yo te mete dife lakay M.Freno Kajis, Komisè gouvènman an. Jou ki te 18 janvyè 2004 la, nèg ak zam yo pa idantifye louvri kout zam sou manifèstasyon opozisyon an nan Pòtoprens, yo blese 6 moun.

2.a.- Etidyan yo

Etidyan yo te jwe yon gran wòl nan mobilizasyon kont gouvènman an nan finisman ane 2003 a, men tou yo peye sa trè chè nan sa ki gen pou wè ak vyolasyon. Tankou jan direktis IMED la temwaye l, "polisye yo te vin arete etidyan ak manifestan ki te pran bal jis andedan lopital Kanapevè".

Jou ki te 5 desanm 2003, chimè yo te fè atak sou Fakilte Syans Imèn (FASH) ak Enstiti nasyonal administrasyon, jesyon ak etid siperyè entènasyonal (INAGHEI) pou anpeche etidyan yo òganize yon manifèstasyon kont gouvènman lavalas la. Yo blese 25 moun pami yo 5 ak bal. Chimè yo te pote baton, bout fè, revolvè. Yo bat etidyan, pwofesè epi yo sakaje lokal fakilte yo anba je ajan lapolis nasyonal la (PNH) ki te parèt tankou konplis tèlman yo pa t fè anyen pou anpeche sa. Pandan atak la, yo kase 2 pye Rektè Inivèsite a, M. Pierre Marie-Paquot ak kout fè.

Jou ki te 8 janvyè 2003, Erick Pierre, yon etidyan nan twazyèm ane Fakilte medsin ak Famasi mouri sasinen anba bal arebò Simityè Kapital la. Pòt pawòl polis nasyonal la nan epòk la, M Jean Dady Siméon, prezante etidyan an tankou yon senp viktim ensekirite ki blayi sou tout peyi a. Kèk tan avan asasina a, etidyan yo te monte yon drapo nwa sou tèt Fakilte a pou egzije depa prezidan Aristide.

2.b.- Atak Kont Laprès

Depi asasina jounalis repite ayisyen an, Jean Léopold Dominique, 3 avril 2000 la, epi asasina jounalis Radyo Eko 2000, Brignol Lindor, nan Tigwav, 3 desanm 2001 an, prè endepandant Ayisyen nan t ap viv (de) moman difisil. Prezidan Aristide akize l kòm kwa li ta va ap travay ak sila yo k ap monte konplo pou ranvèse rejim li a. Près la te twouve l definitivman nan direksyon kote pouvwa t ap vize pou l tire.

Chak gwoup te kanpe byen rès sou pozisyon yo nan fen ane 2003 a. Sa te lakòz represyon an ak zak gwo ponyèt ogmante kont jounalis kèlkeswa tandans yo : zak kaponnay, agresyon kont jounalis, atak ak kout zam kont lokal anpil medya.

AYITI : KI AVNI POU YON TRANZISYON RATE

Nan mwa dawou 2003, Pè Fritz Sauvagère, kire pawas Leyogàn ki se reskonsab lokal Fanmi Lavalas, mete jounalis Radyo Visyon 2000 ak jounalis Radyo Pasyon FM deyò nan yon mès an prezans prezidan Aristide. Apre sa, li atake prè endepandan la ak anpil fòs. Kèk jou aprè, yo kidnap Peterson Milord, kòrespondan Radyo Vision 2000 nan Leyogàn epi yo boule kay li. Finalman, yo te vin libere l.

30 septanm 2003, douzyèm anivèsè koudeta 1991 lan, se te yon okazyon pou patizan pouvwa Jean Bertrand Aristide la pou yo lanse menas kont medya endepandan yo, yo rele yo " media Makout ak Boujwa ".

Nan mwa oktòb 2003, Senatè Jean Claude Delice ak Depite Amanus Mayette antre ak fòs nan mitan yon manifestasyon kont Aristide nan vil Senmak ak yon machin ki gen ensiy " laprès " sou li. Nèg ak zam te desann machin nan epi yo tire kout zam anlè pou gaye manifestasyon an. Lè yo sèvi ak ensiy laprès pou fè represyon se yon zak malonèt ki te gen klèman objektif pou lage diskredi sou prè endepandan lan epi fè sekirite jounalis yo toujou pi frajil.

Nan mwa jen 2003 ak kòmansman lane 2004 la, medya yo te toujou viktim nan lesefrape ant opozisyon an ak pouvwa lavalas la. Nan dat 16 ak 17 desanm 2003 moun yo pa idantifye te atake Radyo Pyramide ak Radyo Solidarite, 2 radyo ki pwòch gouvènman an. Yon lòt bò radyo Maxima ak radyo Vision 2000 ki t ap konteste otorite lavalas yo sibi menm sò a menm lè a tou.

Jou ki te 13 janvyè 2004 la, alòske manifèstasyon yo te kontinye ap fèt chak jou, plizyè nèg ak zam detwi ekipman 8 radyo prive : Radyo Commerciale, Radyo Plus, Radyo Kiskeya, Magic Stéréo, Radyo Galaxie, Signal FM, Mélodie FM, Radyo Timoun, yon lòt fwa ankò, nan radyo sa yo gen tout kalite tandans : gen nan yo ki te pwòch pouvwa a tandiske gen lòt ki te konn kouvri manifèstasyon opozisyon an san pwoblèm.

Nan mwa oktòb 2003, RNDDH (ansyen NCHR/ Ayiti) te souliye koze sa a : Pandan 32 premye mwa dezyèm manda prezidan Aristide la, 32 jounalis te pran ekzil. Yo te menase oubyen atake prèske 100 nan yo, mete sou sa menas kont tout prè la ansanm, yon kenzèn medya te oblije fèmen pòt yo pou yon ti bout tan oubyen sispann pwogram enfomasyon yo, epi okenn plent lajistis kont menas, agresyon ak asasina sa yo pa abouti.

Bilan atak yo fè kont laprès sou rejim Jean Bertrand Aristide la lou anpil. Yon mwa pa pase pou yon jounalis pa kite peyi a apre l fin sibi zak entimidasyon, agresyon, anpèchman oubyen

menas. Enpinite lotè zak malonèt yo benefisyè lese nou konprann se yon estrateji byen kalkile bò kote gouvènman epòk la pou mete baboukèt nan bouch laprès ak tout moun ki t ap konteste pouvwa a- menmsi se pa menm jan an, medya pwòch lavalas yo te sibi yo menm tou zak vyolans bò kote patizan opozisyon kont Aristide la. Pandan peryòd sa a kote tout aktè politik yo kanpe byen rèd sou pozisyon yo, se laprès akòz divèsite l ki viktim vyolans la plis. Atravè prensipal zouti deba piblik la epi nan absans yon palman ki ta reprezante diferan sektè yo, mete sou sa absans yon dyalog sosyal reyèl, se te yon pwojè " baboukèt jeneral " ki t ap prepare pou yo te kab poze lapat sou sèl espas lib pou chita pale fèt.

Plent manm jiri yo, M. Fournet Désir, Madam Delisca Fabre et Madam Marie Eugénie Boucicaut, te pote kont defansè dwa Moun yo parèt san fondman paske manm ONG ki konsè yopa te janm site non yo, pa menm yon sèl fwa. Yon lòt bò, desizyon Dwayen Tribinal Premye enstans Pòtoprens lan te pran lè l chwazi yon jij nan Tribinal pou timoun nan pou tandè yon afè koreksyonèl se yon vyolasyon prensip.

B.- Dwa moun pandan tranzisyon an: Kòman pou n soti nan bòn volonte pou rive nan aksyon konkrè?

"Jiska prezan pèsonn pa ka pretann yo vyole dwa yo, nou pase lòd nan sans sa a ".
Boniface Alexandre, prezidan pwovizwa ayisyen

1.- Mekanis pwoteksyon dwa moun ann Ayiti Haïti

Deklarasyon inivèsèl dwa moun antre nan konstitisyon 1987 Repiblik d Ayiti, sa ki ba l yon karaktè erga omnes. Jan Espè endepandan pou Ayiti a, Louis Joinet, te konstate l, sanble otorite yo pa rive atake vyolasyon dwa moun yo kòm sadwa, patikilyèman akòz feblès enstitisyon piblik ki responsab pou garanti respè dwa sa yo epi bay jistis.

1.a.- Ofis pwoteksyon sitwayen (OPC)

Biwo sa a gen pouvwa pou l mennen ankèt, fè rekòmandasyon ak pwopozisyon pou refòm. Li pa ka fè kontrent.

Li gen 4 inite (yon seksyon plent ki gen limenm plizyè lòt inite: pwoteksyon libète chak moun, dwa timoun, dwa fanm, eks.) men li gen sèlman 4 anplwaye!

Biwo a gen sèlman de reprezantan pa depatman alòske chèf biwo a pretann l ap lite kont santralizasyon. Yo dwe fè lyezon ak

AYITI : KI AVNI POU YON TRANZISYON RATE

biwo santral la men Pwotektè a rekonèt manke mwayen kidonk manke efikasite.

Mank efikasite a parèt pi grav ankò lè nou konnen "enstitisyon ki anchaje pou pwoteje dwa moun, tankou Ofis pwoteksyon sitwayen (OPC) te pèdi tout kredibilite yo poutèt yo pa kapab atake vyolasyon dwa moun k ap fèt sou defansè dwa moun yo, sou opozan politik yo ak jounalis yo", dapre sa Espè endepandan an, M. Joinet fè sonje. Ant premye oktòb 2000 ak premye oktòb 2001, OPC te resevwa sèlman 212 plent, pami yo gen 60 li pa te trete, swa paske OPC pa t konpetan, swa paske "viktim nan kite sa tonbe oubyen ankò li pa montre l enterese kontinye ak dosye a akòz li pa fè okenn demach nan sans la" Anviwon 80% dosye OPC resevwa pandan 12 mwa sa yo pa t jwenn solisyon pandan ane a epi chif yo pa t diferan pou ane avan an.

1.b.- Yon Biwo nan Wo Komisarya dwa moun?

Nan mwa dawout 2004, biwo sa a te gen sèlman Reprezantan Wo Komisè Nasyonzini pou dwa moun, M. Cisse-Gouro, ki te gen kòm asistan yon avoka ayisyen. Menmsi kantite moun yo fè yon ti ogmante depi lè a, sanble apwòch prensipal Wo Komisarya pou dwa moun ann Ayiti se pa "double" wòl yo ant seksyon dwa moun nan MINUSTAH, PNUD epi pwogram li genyen konsènan yon Leta ki chita sou lalwa epi sitou chèn penal la, ak kapasite Wo Komisarya a. Pandan lane 2005 lan, seksyon dwa moun nan te louvri biwo nan prensipal vil peyi a epoutan kantite total anplwaye seksyon an pa t rive 30 yo te prevwa a. Seksyon dwa moun MINUSTAH, PNUD ak Wo Komisarya yo pa t devlope kapasite pouf è ankèt solid sou teren, ni yo pa pibliye rapò sou zak malonèt yo sof rapò Espè endepandan an ak bilten seksyon dwa moun nan MINUSTAH.

Lè n ap gade tout vyolasyon dwa moun k ap fèt ann Ayiti chak jou, ranfòsman kapasite ankèt kominote entènasyonal ann Ayiti se yon nesosite ki ka akonpaye pi byen ankò pwogram ki ekziste deja sou lajistis ak lapolis. Bezwen enfòmasyon ak esplikasyon ki soti bò kote Nasyonzini enpòtan anpil lè n konsidere klima rimè ak enfòmasyon ki pa klè k ap sikile ann Ayiti.

2.- Sityasyon dwa moun nan bay enkyetid

Nan yon konferans pou laprès reprezantan Wo Komisarya Nasyonzini an Mèt Thierry Fagard, te bay jou ki te 14 oktòb 2005 la, li deklare: "Sityasyon dwa moun ann Ayiti se yon katastwòf. Devan konsta sa a, li enpòtan pou gen entèvansyon ki fèt pou pwoteje popilasyon yo nan verifiye komisarya yo, prizon ak tribinal yo tanzantan". Dapre li, "genyen vyolasyon dwa moun grav k ap fèt toutan".

Gouvènman tranzisyon an, ki prèske rive nan bout manda li, gen yon bilan politik nan kesyon dwa moun ki pa reprezante anyen prèske: pouvwa politik la sanble pa itilize vyolans pou fè lide l pase, men aktè vyolans yo ki pouse kon djondjon pa pèmèt yon amelyorasyon serye nan garanti dwa Ayisyen yo. Kòm nou te wè l, prezans prèske 7500 militè ak polisye etranje pa pèmèt tou ensekirite a ak vyolans lan diminye kòm sadwa.

Pou òganizasyon defans dwa moun yo, pratik sa yo ap kontinye epi vyolasyon dwa moun ap fèt pi rès.

2.a.- Vyolasyon dwa lavi moun

Egzekisyon san fòmalitye, ansasinay oubyen tantativ ansasinay ap multipliyè yon fason ki bay tèt chaje. Ant mas 2004 ak me 2005, RNDDH te rasanble 1031 ansasinay, pami yo 954 sivil, 73 polisye ak 4 kas ble (sòlda MINUSTAH). Jou ki te 31 me 2005 lan, nèg ak zam te atake mache tèt bèf. Yo bloke pòt yo epi anpeche machann yo soti anba gwo menas ak zam, apre sa a yo mete dife nan mache a.

Bilan moun ki mouri ak pèt materyèl nan zak kriminel sa a lou anpil: 11 moun pèdi lavi yo anba dife epi 2 lòt te mouri lè yo rive lopital la, tandiske plis pase 4 mil machann pèdi komès yo.

Pou sèl mwa fevriye 2005 lan, CARLI te resanse 31 ansasinay oubyen tantativ ansasinay. Ajan PNH la te sanble lotè 25 nan ka sa yo. Nèg ak zam ta responsab 12 lòt yo : chimè, ansyen militè, gwoup ak zam, delenkan. Se tandans sa ki bay plis tèt chaje, nan kòmansman ane 2005 lan, patikilyèman avek eleksyon yo k ap rive la. Nou ka bay kòm ekzanp : ansasinay 15 moun pandan PNH la t ap mennen yon operasyon jou ki te 25 fevriye 2005 lan nan ri Senmaten nan Pòtoprens oubyen ansasinay 4 polisye ki te kantone nan sou komisarya ayewopò Pòtoprens, jou ki te 6 fevriye 2005 lan. Zak sa yo montre nou kòmman touye moun se yon pratik banal ann Ayiti.

Ka egzeksyon san rezon, dèyè do lajistis manm sèvis sekirite yo komèt bay anpil tèt chaje espesyalman nan sa ki gen pou wè ak respè dwa lavi- Direktris IMED la, madam Kethlie Julien site ekzanp ansyen depite Jocelyn Saint Louis. " Li te sibi arestasyon jou ki te 8 mas 2004 la epi yo t ap pral jwenn kò l jou ki te 28 mas la, nan lari delma 33. Chen t ap dechire l ti moso pa ti moso.

2.b.- Atak sou libète moun ak sou kò yo

Kenbe moun nan prizon san jijman se yonn nan atak sou libète moun ki rive pi souvan. Non sèlman PNH la pratike l

AYITI : KI AVNI POU YON TRANZISYON RATE

men tou tout gwoup ak zam epi gang yo fè l tou. Se konsa RNDDH (ansyen NCHR/ Ayiti) verifye gen " prizon sekre ki ekziste yon bann kote espesyalman nan komin yo ". Daprè RNDDH, gwoup ak zam epi moun ki swadizan di yo se otorite lokal yo (KAZEK, AZEK) posede ti prizon pèsone yo. CARLI bò kote pa l resanse 3 ka konsa pou mwa fevriye 2005 lan kote se ajan kò entèvansyon pou kenbe lòd (CIMO) ki reskonsab yo.

Pratik egzajere kenbe moun nan prizon prevantiv pandan yon tan long, se yon lòt sijè ki bay defansè dwa moun yo pi gwo tèt chaje a. Pratik polisye yo nou sot site toutalè a konsènan pratik maspinay, chantaj e menm ekzekisyon deyè do lajistis dewoule anpil fwa pandan yo mete viktim yo nan gadavi twò long andeyò lalwa.

2.c.- Atak sou libète laprès, libète lapawòl ak libète pou moun fè manifestasyon

Nan mwa fevriye 2005 lan, atak yo te vize espesyalman jounalis ak medya yo. Ansinay nèg ak zam fè sou Harold Brézault, jounalis jounal Le Nouvelliste jou ki te 7 fevriye a epi tantativ ansinay polisye fè dapre temwen sou Raoul Saint Louis kòmantatè politik radyo Mega Star jou ki te 4 fevriye a, rete yon gwo tèt chaje pou libète laprès- entèvansyon PNH jou ki te 8 fevriye a nan lokal radyo Mega Star san motif ofisyèl ranfòse soupson konsènan konpòtman lapolis vizavi medya yo k ap denonse move zak fòs lòd yo oubyen k ap kòmante lavi politik la.

Konsa tou, jou 7 fevriye 2005 lan, Direktè jeneral Konsèy nasyonal telekomunikasyon an (KONATEL) M. Jean Michel Bwaron te egzije radyo Solidarite chanje frekans li. Chanjman frekans sa a ki sanble pa gen anyen pou wè ak kesyon teknik, parèt pi etranj ankò apre 6 lane egzistans ak fonksyonman l, sitou radyo Solidarite gen tan gen yon odyans nou pa ka neglije. Motivasyon yon desizyon konsa sanble tèt koupe ak gwo presyon pou mete baboukèt nan bouch laprès epi anpeche moun di sa yo panse.

Jou ki te premye sekatanm 2004 la, ansyen militè te okipe lokal radyo Timoun nan vil Jakmèl. Zak sa se yon atak klè sou libète laprès ak sou divèsite enfòmasyon yo.

Pou nou fini, Laraque Robenson redaktè epi animatè nan radyo Kontak FM (Ti Gwav) mouri jou ki te 5 avril 2005 lan apre l te fin bay anpil san. Msye te pran yon bal jou ki te 20 mas 2005 la, nan moman MINUSTAH t ap mennen yon operasyon pou mete ansyen militè yo deyò nan lokal komisarya polis vil la yo te okipe depi plizyè mwa.

2.d.- Atak sou libète manifestasyon

Fason brital lapolis te gaye manifestasyon patizan Lavalas yo jou ki te 28 fevriye 2005 lan, ki te lakoz lanmò 3 moun ak bal, reprezante yon itilizasyon demezire lafòs bò kote lapolis.

Miltiplikasyon ensidan ak zam nan manifestasyon yo reprezante pou lotè zak vyolans sa yon limit pou libète manifestasyon. Se konsa, jou ki te 29 mas 2005 la, kèk patizan ansyen prezidan Jean Bertrand Aristidee te konte manifeste nan okazyon 18èm anivèsè adopsyon konstitisyon ayisyen an nan lane 1987. Poutèt yon bann ensidan ki te pase, MINUSTAH te oblije ansèkle katye Belè kote manifestasyon an ta pral fèt la.

2.e.- Vyolans sou fanm

Malgre Ayiti ratifye konvasyon " Belèm do para " ki oblije leta peyi OEA anpeche vyolans sou fanm epi lite kont vyolans sou fanm, sityasyon fanm yo ann Ayiti bay anpil tèt chaje.

Nan kad pwogram reyabilitasyon ak ankadreman fanm ki viktim vyolans yo, òganizasyon defans dwa fanm " Kay Fanm " te trete pandan peryòd soti oktòb 2003 pou rive novanm 2004, 272 ka fanm ki sibi vyolans bò kote mari yo, bò kote chimè yo, manm gang ak kriminèl. 113 viktim te sibi atak kont kò yo pami ka sa yo 66 bò kote mari yo e 33 bò kote chimè epi nè ak zam.

Nan menm ribrik sa a, Kay Fanm te fè yon ti lis 14 lòt ka, pami yo gen 5 fanm ki blese ak zam blanch (kouto, manchèt, ponya) e gen 9 fanm ki te sibi lòt domaj nan kò yo.

Konsènan atak sou lavi moun, Kay Fanm te anrejistre 29 ka. Pami krim sa yo, gen yon ka kote yon mari touye madanm li-Tandiske gen 14 ka kote mari te eseye touye madanm yo. Nèg ak zam menm touye 15 fanm.

Pandan peryòd ki soti nan oktòb 2003 rive novanm 2004 la, Kay Fanm prepare kòm sadwa dokiman sou 85 ka vyòl. Pandansetan li te anrejistre yon bann lòt ka li pa rive monte dosye pou yo kòm sadwa; konkrèman pami ka li monte dokiman pou yo a, nou jwenn 23 fanm, 62 ti fi ak jenn fi gen 29 nan viktim yo ki sibi kadejak anba plizyè nèg yon sèl kou.

Vyòl se yon pratik alamòd ann Ayiti. Sityasyon sa a reprezante espesyalman yon gwo tèt chaje k ap vale teren nan Pòtoprens kote lajounen kou lannwit nan tout katye kapital la, ni fanm ni jenn fi viktim agresyon seksyèl. Gwo lajounen, endividi ale dirèkteman lakay viktim yo nan zòn Avni Travay, Tijo,

AYITI : KI AVNI POU YON TRANZISYON RATE

Kanapevè, pou fè kadejak sou yo. Se pa sèlman yon kesyon banditis, paske viktim yo rapòte lotè zak sa yo pa vòlè anyen nan kay yo te atake yo epi vyòl yo te vize dirèkteman ti fi ak jenn fi. Gen nan viktim yo ki gen sèlman ant 3 zan al pou 10 zan.

Kidnapin ak vyòl se 2 bagay ki mache ansanm. Nan kèk ka Kay Fanm resanse, nèg ak zam opere nan machin vit fime e yo atake sitou elèv lekòl. Yo fè kadejak yo nan machin pandan y ap siyonnen lavil la. Nan katye popilè Matisan, Tibwa, Gran Ravin, ravin Pistach, Site Solèy, Site Letènèl, Kafoufèy eks.... Yo fè kidnapè jèn fi ak fanm epi vyole yo pandan tout tan yo kenbe yo a, Konsekans fizik ak sikolojik move zak sa yo pa piti : depresyon, twoub sikolojik, maladi veneryèn epi enfeksyon seksyèl kontajye tankou sifilis, gwòs fòse avanlè, eks.....

Se konsa 4 ti fi 13 zan te vin ansent apre yo te fin sibi vyòl. Lè n ap gade epidemi SIDA ann Ayiti, ogmantasyon vyòl yo pote risk trè serye pou viris la gaye kò l epi pou gen plis timoun ki fèt ak viris VIH la. Vyòl ki fè plis bri yo konsène ti fi ak jenn fi. 72 % nan ka yo anrejistre yo konsène timoun, 27 % lòt se fanm majè. Sa montre kòman li difisil pou denonse vyòl la lè viktim lan se pa yon ti fi oubyen yon jenn fi, men yon majè.

Lalwa pa toujou rekonèt vyòl la tankou yon enfraksyon penal. Adopsyon yon lwa pou te antre krim sa nan lejislasyon penal la te toujou rete an sispan nan mwa fevriye 2005 la. Pran sanksyon kont vyòl konjigal (mari sou madanm yo) pa ta sipoze fè pati pwojè lwa sa a malgre kantite ka ki rive souvan. Gouvènman tranzisyon an yon lòt bò, te mande tout doktè sektè prive kon piblik pou yo bay sètifika medikal pou agresyon seksyèl. Espè endepandan an souliye " Mezi sa enpòtan anpil. Li pral pèmèt redwi ak bon jan prèv enpinite yo konstate twò souvan nan domèn sa a.

Fanm yo sibi vyolans tou nan fwaye yo. Prèske mwatye nan ka ansasinay oubyen tantativ ansasinay se rezilta agresyon mari sou madanm yo. Agresyon fizik san pa gen blese reprezante 62 % nan ka yo. Fanm yo konn mouri, pran baton ak move jouman bò kote mari yo oubyen pwòch paran yo. Kay fanm te prepare 45 ka menas sa yo.

Ogmantasyon vyolans sou fanm yo mache ak vyolans k ap fèt nan peyi a- Vyolans ki domine nan regleman kesyon politik yo antre tou nan vi prive yo- itilizasyon zam pou fè presyon ak vyolans sou fanm yo rive pi souvan akòz sikilasyon ak itilizasyon zam se bagay ki kouran, lotè vyolans sa yo pi alèz nan aktivite yo lè yo konnen anyen pap rive yo.

Reyalite sa yo montre pawòl sa a se tout bon " Plis zam = plis

vyolans sou fanm ". An konsekans, dezameman gwoup ak zam yo, dezameman popilasyon an epi yon pi bon kontwòl sou zam yo ap genyen yon bon jan konsekans sou sityasyon fanm yo ann Ayiti.

2.f.- Sityasyon nan prizon ak lòt sant detansyon yo

Misyon ankèt la te vizite plizyè prizon espesyalman nan Senmak, Jakmèl ak Akayè. Laplipa prizon sa yo se ansyen kazèn lame yo te reyamenaje, fè yon pase men nan yo- PNUD ap dirije depi plizyè lane yon pwogram reyabilitasyon ak swivi pou prizon ayisyen nan tèt kole ak administrasyon penitansyè nasyonal ayisyen (APENHA) ak Direksyon administrasyon penitansyè a.

Menm jan nan komisarya ak gadavi yo, prensipal pwoblèm prizon yo se detansyon prevantiv pwolonje. Depi yo fin pase devan jij, koupab yo konn pase plizyè ane nan prizon ap tann santans yo. Sityasyon sa depaman ak prensip " delè rezonab "pou jij yo rann jistis jan atik 9 paragaf 3 Pak entènasyonal ki konsène dwa sivil ak politik (PIDCP) prevwa sa a epi anplis, sa lakoz prizon yo twò chaje.

Dapre RNDDH jouk nan dat 5 me 2005, 93,43% moun ki nan prizon te nan sityasyon prevantiv pwolonje. Men nan Petyonvil " sou yon total 108 fanm, tout te nan sityasyon prizon prevantiv pwolonje ", dapre sa RNDDH prezise.

Ann Ayiti yo pa respekte separasyon ant moun k ap tann jijman ak moun ki kondane dapre atik 10 paragaf a) PIDCP a.

Komisarya yo konn sèvi pafwa kòm kote yo gade prizonye, ki fin kondane malgre atik 442 kòd enstriksyon kriminèl la ki presize "kay arestasyon yo ak kay jistis yo pral depaman nètale ak prizon ki la pou moun prije pèn ". Menm jan an tou, si yo ta sanble vle respekte prensip separasyon fanm ak gason nan prizon yo, misyon ankèt la te remake anpil fwa minè (timoun) nan menm selil ak majè (granmoun). Mank mwayen oubyen espas disponib pa toujou lakoz pratik sa pliske nan moman vizit manm misyon yo nan prizon Senmak la, selil pou fanm yo te vid, yo te ka mete yon minè ki te nan menm selil ak majè yo nan selil vid sa a.

Kondisyon liyèn ak sante yo parèt espesyalman trè frajil paske manke mwayen epi moun k ap jere prizon yo manke fòmasyon. Pa ekzanp, si Direktè prizon Jakmèl la pa monte Pòtoprens, prizonye yo pap jwenn manje. Si pou yon rezon oubyen pou yon lòt vwayaj la pa ta rive fèt, kantite manje a ap diminye e pafwa konn pa gen ditou. Wout la ki konn koupe souvan lè gen siklòn konn lakoz deboulay tè epi fè manje a

AYITI : KI AVNI POU YON TRANZISYON RATE

rive anreta deja, men sa pa t genyen twòp gwo konsekans gras ak prevwayans direktè prizon Jakmèl la. Sitiyasyon nou jwenn pi plis nan prizon yo ann Ayiti, se fanmi prizonnye yo ki responsab pi fò manje, pwodwi ijyèn ak swen medikal yo. Enfimri yo misyon ankèt la te vizite yo sanble sèlman ak yon espas 4 mèt bare nan lakou prizon yo : pa gen mèb, pa gen materyèl, ou pa bezwen mande pou medikaman.

Sitiyasyon fanm ak timoun ki nan prizon sanble frajil. Nan mwa desanm 2004 la, ONG nan kesyon defans dwa moun te ankete sou sitiyasyon de gwoup sa yo nan prizon pou fanm Petyonvil la. Sou 76 prizonnye fanm, gen 8 minè ki gen ant 14 a 16 zan alòske lwa 7 sèktanm 1961 entèdi pou mete minè ki gen pi piti pase 16 zan nan sant detansyon pou majè. Sou 76 prizonnye fanm 83% nan yo t ap tann jijman tandiske 6 nan yo te ansent.

Fanm ansent yo prèske pa jwen doktè pou suiv yo epi manke moun konpetan pou kalite ka sa yo. Ankradremman ak fòmasyon ajan penitansyè yo pou kalite prizonnye frajil sa yo pa adapte e sa te mennen nou deja nan de sitiyasyon grav.

Se konsa, nan mwa fevriye 2003 a de òganizasyon : Kay Fanm ak Sant Enfofanm te denonse ka Natacha Jean Jacques, yon jenn fi 17 tan ki te akouche nan prizon nan mwa oktòb 2002, apre yon ajan medikal penitansyè te vyole l nan mwa fevriye menm ane a.

Natacha Jean Jacques te nan prizon san jijman depi jou ki te 6 mas 2000 la nan Fò Nasyonal, nan nòdès Pòtoprens, poutèt li te ponyade yon endividi pami yon gwoup agresè. Agresè sa yo te vle fè revanj kont Natacha ak manman l poutèt yo te rele lapolis apre yo t ap eseye vyole jenn fi a.

2.g.- Sekirite nan prizon yo: Rebelyon ak fwit

Defi ki pi enpòtan ki konsène prizon yo se, san diskisyon, kesyon sekirite nan tout nivo. Enfrakstrikti ki gen fay pèmèt fwit ak rebelyon an foul. Se konsa nan mwa fevriye 2004 la, gras ak ranvèsman Aristide, tout prizonnye nan tout prizon peyi a te pran lafwit e gen nan prizon yo ki te detwi (Gonayiv). Nan lespas 3 mwa, pi gran prizon peyi a, Penitansyè nasyonal Pòtoprens lan te viv yon rebelyon ki te pwovoke lanmò 10 prizonnye, jou ki te premye desanm 2004 la, epi sibi atak yon kòmandò ak zam gran lajounen, jou ki te 19 fevriye 2005 lan, sa ki te pèmèt 481 prizonnye pran lafwit, sa ki reprezante 20% prizonnye ki te prezan nan etablisman sa a.

Ankèt RNDDH (ansyen NCHR/Ayiti) mennen imedyatman apre evènman yo montre se 6 nèg pou plis ak gwo zam lou, gran

lajounen, nan lè pwomnad ki te fè atak la. Atak la tèlman fèt ak fasilite, san gwo kraze brize, epi plizyè temwayaj fè tout moun kwè asayan yo te benefisyè anpil konplisite andedan prizon an. MINUSTAH pale tout de " mank serye nan dispozitif sekirite yo " ak " konplisite nan sistèm penitansyè a ".

Yon lòt bò, RNDDH (ansyen NCHR/Ayiti) te konstate pami prizonnye ki te sove yo, genyen ki te mele nan divès krim oubyen vyolasyon dwa moun tankou anlèvman, ansasinay, vyolans nan kad operasyon Bagdad la, koze Lasiri a oubyen nan trafik dwòg. " Plis pase 20 ansyen ofisye lapolis ki te mele nan yon seri krim te sove tou " dapre sa RNDDH (ansyen NCHR/Ayiti) fè konnen.

3.- Kaponnay yo ap pèsiste

Sitiyasyon anachik nan pwovens ayisyèn yo lakoz tout kalte derapaj epi premye viktim yo se popilasyon sivil yo.

Konsa, evènman ki te dewoule nan zòn Jigote, ki chita nan komin Senmichèl Latalay nan depatman Latibonit, nan Nòdès Ayiti, se espesyalman siy chirepit k ap dewoule san opinyon piblik nasyonal ak entènasyonal la pa okouran. Nan mwa avril 2004 la, lesefrape ant bann opoze patizan Lavalas ak patizan Fwon rekonstriksyon nasyonal dapre sa yo di, lakoz 3 moun mouri tandiske 3 lòt te blese ak bal, yo piye epi mete dife nan 163 kay san konte bèt ki pèdi lavi yo. Zak destriksyon sa yo se rezilta lesefrape ant gwoup sa yo pou kontwòle enstitisyon lokal yo (komisarya, KAZEK tribinal, eks.....) yon fason pou yo kòmande popilasyon yo ak gwo ponyèt. Si yo kontwòle enstitisyon lokal yo, sa ap pèmèt yo fè chantaj sou komèsan ak peyizan yo, arete lwijanboje yo epi mete yo nan prizon, jije epi rezoud konfli yo anfavè moun ki bay plis kòb la, tout sa san lejitimite e san lajistis pa di yon mo- RNDDH (ansyen NCHR/Ayiti) ak POHDH menm eksplike " Biwo KAZEK la sèvi kòm : kazèn, prizon anèks biwo kontribisyon (DGI), sant maspinay ak kote yo bat moun, kenbe yo nan prizon, fè chantaj sou yo, eks... "

Evènman Jigote yo rive plis akòz vid enstitisyonèl ki blayi sou komin riral yo (seksyon kominal yo) olye divizyon politik.

3.a.- Ekzanp Tigwav la

Vil Tigwav te sibi yon represyon espesyal nan dènye moman rejim Aristide la. Tankou Okap, yo te entèdi moun fè manifestasyon nan vil Tigwav depi mwa desanm 2003. Gwoup chimè ki soti Tigwav ak vil Leyogàn ki tou pre te atake, kaponnen epi menase plizyè moun nan yon manifestasyon. Depi 2001 te gen gwo lesefrape ant pouvwa anplas la ak opozisyon an nan lokalite sa a : manifestasyon, atak, kaponnay ak ansasinay te toujou kontinye ap fèt depi lè a nan tou de kan yo. Pou fanmi

AYITI : KI AVNI POU YON TRANZISYON RATE

Lavalas, yonn nan reskonsab ki te pi aktif yo, se te kire pawas Leyogàn nan, Pè Fritz Sauvagère. Jou ki te 23 desanm 2003 a, Pè a te lanse gwo menas vyolan kont laprès endepandant la epi kont jounalis Radyo Vizyon 2000 ak radyo Pasyon FM, yon radyo vil Leyogàn, nan yon mès, an prezans prezidan nan epòk la, Jean Bertrand Aristide. Relijye a parèt tankou yon "Lwi Jan Boje lavalas ". Sa vle di yon bandi, yon òlalwa...(RNDDH (ansyen NCHR/Ayiti)- kominike pou laprès, nan dat 29/08/2003). Pè Sauvagère te toujou ap fè menas epi ankouraje vyolans ak mechanste. Li klè kon dlo kòk se limenm ki te prepare zak vyolans ki te blayi sou vil Tigwav ak vil Leyoàn jis lè Aristide pati, nan fen fevriye 2004 la.

Jou ki swiv depa Aristide la an fevriye 2004 se yon okazyon pou chimè yo, pou yo pwofite de vid politik la epi tabli plis dezòd. Objektif prensipal la se kontwole popilasyon yo ak latèrè. Manm misyon yo te rasanble temwayaj ki fè deskripsyon klima vyolans ak enpinite ki te blayi sou Tigwav pandan peryòd sa a. Se yon okazyon tou pou tout kalite lotè vyolasyon dwa moun pou yo fè presyon sou viktim yo pou enpinite a ka dire plis toujou.

Misyon an te ale Tigwav jou ki te 31 jiyè 2004 la pou l te tande viktim yo. Li te tande 7 ka pami 52 ka vyolasyon dwa moun Pastè Laguerre te resanse nan komin Tigwav.

Pastè Laguerre t ap mande yon koperasyon ki pi aktif bò kote komisè polis Tigwav la, M. Luc Pierre, ki ta sanble lage, nan fen mwa jen 2004, 5 moun yo te sispèk nan ansasinay pami yon gwoup anviwon 30 prizonye.

Yon lòt bò, si yo kòmanse klase ka agresyon yo, jan yo kapab, li rete difisil pou yo detekte ka vyòl ak agresyon seksyèl yo epi anpil fwa viktim yo pè denonse vyolans yo sibi. Pastè Laguerre ap okipe 7 ka, pami yo yon ti fi ki gen 6 zan ak yon fanm ki gen 48 tan nan yon menm fanmi. Konsènan ansasinay yo, yo te konte 7 ka nan Tigwav ak 2 nan Grangwav.

Soti me 2003 rive jen 2004, Pastè Denis Laguerre te siyale 7 ka disparisyon (3 nan Grangwav, epi 4 nan Tigwav), men selon popilasyon Tigwav la, si yo t ap fè ankèt, yo t ap jwenn prèske 50 ka pou tout lokalite nan komin Tigwav la.

3.b.- Temwayaj kèk viktim

T.A., 26 zan, etidyan, selibatè, nan komin Tigwav, pitit L.A ak C.J. chimè te asasine manman l ak papa l nan lannwit 28 ak 29 mas 2000 la, poutèt yo se manm Mouvman pou Devlopman Nasyonan (MDN), yon pati opozisyon kont Aristide ki gen Hubert Deronceray kòm dirijan.

D.M. frè defen an, se yon reskonsab rejyonal òganizasyon popilè Koze Pèp, yon òganizasyon pwòch mouvman politik Fanmi Lavalas. Yo sispèk msye kòm lotè doub ansasinay la. Jou prezantasyon msye devan tribinal depè Tigwav, chimè yo te antre nan tribinal pou twouble dewoulman jijman an. Asayan yo te eseye kaponnen jij la e yo te fè anpil dega materyèl.

Depi T.A. te fin pote plent pou ansasinay la, sa gen 4 ane, lotè ansasinay paran l yo te toujou ap fè l menas : se konsa, jou ki te 14 jiyè 2004, bò minwi, moun tire sou tèt lakay li. Nan landemen, T.A. pote plent epi li enfòmè jij enstriksyon ki sou dosye ansasinay paran l yo. Nan menm sware a jou ki te 15 jiyè a, bò 1 nè nan maten, " nèg ak manchèt fè wonn kay mwen ouvètman. Yo trennen manchèt yo atè pou tout moun ka tande bri yo " 5 vwazen asiste sèn nan. T.A. konprann lè sa a asayan yo " t ap pouwiv li ". Li te oblije kite kay li avèk frè l ak sè l ki te sou kont li. Nan moman misyon ankèt la t ap rankontre T.A., frè l yo ak sè l la te toujou nan mawon epi yo pa t gen kote pou yo rete. Sitiyasyon sa a menm lakoz yonn nan frè l yo viktim twoub sikolojik grav.

A.D., 32 zan, yon sèvant, Fòlibète, komin Tigwav. Nan lannwit 22 ak 23 me 2004 la, " chimè lavalas ki te soti Pòtoprens " mare l ak kòd epi ansasinen 5 moun nan yon menm fanmi. Apre sa, chimè yo mete dife nan kay la. A.D., paran pwòch viktim yo rive lage kòd la, pran lafwit epi refijye l kay paran l. Limenm ak lòt manm fanmi an sanble tètman jwenn presyon yo deside antere mò yo san jij depè pa menm gen tan wè kò yo pou l te bay yon sètifika lanmò. Kèk tan apre nèg ak zam ki di yo se manm Fanmi Lavalas te vin chèche l. Poutèt yo pa t jwenn li, yo tire sou kay li. Depi evènman sa a madan A.D. " oblije tounen domestik ", l ap viv separe ak timoun li yo epi li pa ka rann yo vizit swa paske l pè pou yo pa rekonèt li epi sibi vyolans, swa paske l pa konn kote yo rete. Sanble A.D. ta va fòse travay kòm domestik pou l " peye dèt li te fè pou l antere manm fanmi l yo ki te mouri sasinen.

Sitiyasyon sa a twouble l anpil, li nan yon gran detrès moral ak fizik. Li pa konnen si lajistis la sou afè a, men li pa vle temwaye devan otorite lajistis yo, pi mal ankò devan lapolis, pou l pa viktim vanjans.

C.C, 23 zan, elèv lise, abite nan Fòlibète, nan komin Tigwav. Poutèt menas, 4 frè l yo te refijye Pòtoprens. C.C sanble te wè asayan yo t ap tire manm fanmi l e l ta ka rekonèt yo. Jou ki te mèkredi 28 jiyè 2004 la, bò minwi, moun li pa konnen an kagoul debake sou abitasyon l. Yo tire anlè, yo bat manman l ki te gen 60 tan lè sa a epi yo menase l pou yo konnen kote C.C te ye; sanble yo te jwenn bon ransèyman pliske yo te konnen non kèk manm nan fanmi an (frè, C.C., manman, eks...). Avan yo te pati, yo te fouye kay la e answit yo te sakaje l apre yo te fin pran yon

AYITI : KI AVNI POU YON TRANZISYON RATE

foto C.C. Pandan yo t ap sakaje kay la, yo te pran san yo pou detwi tout dokiman ofisyèl yo te ka twouve. Depi evènman sa, C.C pa pran chans antre lakay li. Li nan sere. Li pa ka ale nan lise a oubyen kay zanmi l. Poutèt li pè reprezay, li poko pote plent kont agresyon sa a.

R.N, 26 zan, etidyan, moun komin Tigwav, yo asasinan l nan lari jou ki te 29 fevriye 2004 la. Tant li F.N., 50 tan, li te aprann sekritè kontab, li genyen yon ti komès. Li rakonte " jou ki te 29 fevriye bò 11 zè nan maten, R.N te soti pou l al wè manman l. Se yon vwazin ki te wè tout sa k te pase ki te rakonte m swit la. Nan ri Touden Louvèti, nèg ak zam pase nan yon pikòp, sanble yo t ap tire [menm machin B.D. ak Pastè Denis Laguerre mansyone nan temwayaj yo chak fè]. R.N te pran yonn nan bal yo nan mitan tèt. Li te mouri nan lari a ". Li pa t pote plent " poutèt li pè reprezay chimè yo ki toujou toupatou ", l ap tann lajistis pini koupab yo epi bay reparasyon " paske sa nesèsè. M menm fè dèt pou m te peye fineray yo. Depi lè sa a m ap travay pou m ranbouse yo ".

R.P., 31 an, mekanisyen e G. J., 26 zan, koutiryè, li te gwo vant nan moman evènman yo. Li te abite nan Chabann, nan komin Tigwav. Yo te viktim nan zak maspinay nan komisarya Tigwav la.

R.P. " Jou ki te 2 avril 2003 a, bò minwi m tandè yon moun ki di : " se lapolis! Ouvri pòt la epi soti de men anlè! " Nou te 6 moun nan kay la, madanm mwen Génèse Joseph te pami nou. M soti an dènyè. Yon polisye mande m: " Ou menm, R.P? " M reponn: wi. Menm moman an, yon gwoup polisye tonbe sou mwen, yo minote m epi yo kòmanse sote epi kanpe sou tèt mwen. Te gen anviwon 15 polisye ak CIMO la (brigad entèvansyon rapid lapolis, tout moun konnen yo pou britalite yo). Plis yo fouye kay mwen, yo chèche zam ak minisyon. Men m di yo "zewo, zewo, zewo pa gen anyen lakay mwen".

Yonn nan polisye yo di lè sa "kite sa tonbe". Pandan moman sa a lòt yo t ap bat madanm mwen ki te ansent, malgre m te di yo sa. Yo te dezabiye nou e yo te mete kagoul nan tèt nou. Nan moman sa a yonn frappe m nan gòj. Answit, yo te mennen nou nan komisarya Tigwav la kote yo te retire kagoul la nan tèt nou. Lè sa se mwen ak madanm mwen, yo pa t mennen lòt moun yo. Depi lè sa a yon kalvè 7 jou kòmanse pou R.P. ki sibi zak maspinay san rete. "Se sitou 2 nan yo ki t ap pase lòd e ki t ap poze m kesyon: komisè Evantz ak enspektè Jean Mary Dominique."Yo sispèk enspektè a te touye ak tout san fwa l, jou ki te 8 septanm 2001 an, M. Ronald François, manm òganizasyon "Mouvman Revandikatif Ayisyen pou Devlopman ak Demokrasi" (MORAD). Olye pou l ta gen kè sote epi pou lajistis ta tandè l nan dosye a, M. Jean Mary Dominique ki te

yon senp polisye (ajan 4) te jwenn pwomosyon kòm enspektè ak transfè pou Tigwav.

Pou moman m ap pale avè w la, sanble yo pa janm tandè l pou reskonsablite l nan yonn menm nan dosye yo. R.P kontinye : " Yo te repwoche m m t ap fè dezòd nan vil la, m se yon danje pou sekirite leta epi paske m pa t vle wè gouvènman, sèlman paske m te manm Mouvman Kreyen pou yon Ayiti tou Nèf (MOCHRENA). Pandan tout tan sa epi toujou nan komisarya a, yo frappe m ak kadna, amòtisè, jant machin, yo ban m kout pwen, kout pye, kout baton ak baton bizbòl."

R.P dekri teknik tèsyonè yo itilize pou yo maspinen l : "Yo te itilize gwo kadna soude nan pwent baton fè tankou yon mato, yo te frappe l byen fò avè l nan pwatrin, nan do, nan kòt. Yo te itilize amòtisè machin, amòtisè ki fèt ak lam. Te menm gen yonn nan polisye yo ki te frappe l ak jant machin. Se yon polisye ki rele Ronald ki te fè sa. Li te responsab sikilasyon Miragwàn. Li te ajan 4 lè sa a, m kwè l toujou la. Men yo te bat mwen tou ak kout pye, kout pwen, baton, baton bizbòl... Te menm gen yonn ki te kase nan do m men yo te kontinye ak baton kase a... M te vle mouri... " Premye jou prizon an, madanm li G.J te pran anpil kou tou " Se menm polisye yo ki te fè sa. M te wè yo, m tap di yo ase, epi yo retounen sou mwen..." yo te transfere madanm li lopital ann ijans akoz yon emoraji apre l te fin sibi vyolans pandan arestasyon gwo ponyèt la, andeyò lalwa nan komisarya Tigwav la. Pandan gadavi a, polisye yo te fè l pase yon jounen anba gwo solèy nan lakou komisarya a. Li te pèdi konesans akoz maspinay li te sibi yo. Afòs li gade solèy la nan eta sa a, li pa t ka wè. Polisye yo te reklame tou 1500 dola ayisyen nan men paran R.P. pou liberasyon l. Apre 7 jou maspinay ak soufrans, yo te transfere l nan prizon kote l te pèdi konesans ankò. " M te pèdi konesans pandan 8 tè avan yon moun te mennen m lopital. "

R.P., akoz mak maspinay li te sibi yo, li pa ka travay ankò e li trouve l nan yon eta detrès fizik ak sikolojik vizib : " M plis vle lanmò pase lavi. M prèske pa wè akoz kou m pran nan tèt. Pou m mache se avèk yon baton e m gen doulè nan tout kòm. M pèdi konesans souvan pafwa menm nan lari lè m ap mache. M ta bezwen èd. " L ap sibi presyon toujou " men endirèkteman, moun k ap vin di m fò m pa pale de sa ki te rive m nan. "

M.D. 31 lane, enjenyè nan konstriksyon. Yon gwoup chimè ak zam touye l ak yon bal nan tèt jou ki 28 fevriye 2002 a nan ri Sempòl nan komin Tigwav.

B.D. 30 tan plonbye, frè viktim nan ap temwaye sou sikonstans ansasinay frè l: "Michael te sot wè zanmi l nan lokalite Kay lè yon bann chimè ki te sot Tijin e k ap sikile nan yon pikòp Toyota san plak te kòmanse tire kout zam pi ba ri sempòl la. Tout moun

konnen machin sa a e yo rele l "latristès" paske chimè yo itilize l pou simen latèrè. (Menm machin Florence Noel ak pastè Denis Laguerre te pale nan temwayaj yo chak fè). Michael te kanpe nan lari a e li t ap pale avèk kèk zanmi. Menm jan avèk yo Michael pa t nan aktivite politik, men sa k t ap pase yo, konpòtman bandi sa yo pa t mennen l byen ditou. Se pou sa yo pa t vle kache lè machin nan ap pase. Se nan moman sa a kout zam yo soti nan pikòp la epi Michael te pran yon bal nan tèt. Temwen yo kapab idanyifye bandi yo ki te nan pikòp la, yo pa konnen egzaktman kilès ki te tire bal mòtèl la tout moun konnen yo, se chimè ki itilize machin sa a pou egzekite aksyon yo."

Fanmi M.D poko pote plent men yo prepare yon dosye e yo vle dosye a byen prepare avan yo tanmen demach nan lajistis. Se petèt pou sa B.D ak fanmi l pa resevwa menas pou moman an, men tankou B.D di : " bandi ki sot Leyogàn yo la nan zòn la... " Menm jan ak lòt viktim ki te pale yo, li pwobab pou fanmi B.D resevwa menas depi l al pote plent.

N.C., 45 kan, yon komèsan, te pran yon bal nan chak janm li, jou ki te 29 janvyè 2004, bò midi, alòske l te twouve l nan mache Tigwav la.

W.P. se pitit gason N.C, li prezan pou l rakonte nou evènman yo pou manman l ki toujou lopital Ntrelia Célestin.

Jou ki te 29 janvyè 2004 la, N.C ale nan mache pou al achte. Bò midi, nèg ak zam avanse sou li epi yo tire yon bal nan chak janm li. Pandan li te kouche atè a e li te blese anpil, moun ki te sou kote l yo konseye l fèmen je l epi fè konmsi l mouri. Malgre sa N.C louvri je l e li rekonèt kèk manm Fanmi Lavalas tout moun konnen tankou Jean Leconte, Ti Yanyan, Ti Antoine. Tout moun konnen nèg sa yo rete Leyogàn. Yo t ap mache a pye ak gwo zam lou nan men yo (fizi daso, M16, ak M14).

Lè 3 nèg sa yo fin ale, yo transpòte N.C lopital Tigwav kote l te pase 4 mwa. Sanble nèg ak zam yo te vize l yon fason espesyal. Yo panse l t ap nan aktivite politik, pliske yo te trete l de " manman baz konvèjans ", bagay li demanti dapre pitit gason l lan W.P.

Nan demen, 29 fevriye 2004, menm nèg yo te fè tantativ pou antre lopital la. Prezans senpatizan opozisyon an pou garanti sekirite yon bann moun ki soti nan kan yo e ki pran bal nan peryòd la, te fè yo chanje lide. Aprè echèk sa a 3 nèg yo kontinye bay presyon malgre sa epi yo rive pran kontak ak 2 pitit gason N.C pou menase yo, kaponnen yo pou yo pa pote plent e pou yo pa devwale idantite lotè yo. Devan refi 2 jèn gason yo, manm Fanmi Lavalas yo menm pwopoze peye pansman ak frè

lopital pou N.C yon lòt fwa ankò, 2 jèn gason yo te refize chantaj sa ak anpil kouraj. Men menas sa yo te fè yo pè pote plent pandan yon ti tan malgre dosye plent lan te byen prepare. Manman an ki kouche lopital la gen konsekans ki lou pou 2 jèn liseyen sa yo ki pa jwenn okenn èd. Yo pa gen kòb epi lopital koute chè, yon lòt bò presyon nèg ak zam epi vyolans avèg sa a twomatize yo.

Sitiyasyon sekirite a nan Tigwav te vin konplike lè ansyen militè yo te okipe komisarya yo nan dat 30 dawou 2004 la. 100 a 150 ansyen militè sou kòmandman ansyen sèjan Ravix Remissainte chase yon dizèn polisye ki te nan komisarya a e yo deklare : "Nou pral bay vil la sekirite ". Gen temwayaj ki fè konprann ansyen militè yo t ap pwoteje yon bann bandi ki gen kòm chèf Dadi Ostiné alyas ti Kennle ki te sove nan penitansye nasyonal 1er janvyè 2004 la ak bann Roldofe Louis, alyas woud, sou pretèks yo konsidere yo kòm militan ki te konbat rejim lavalas la. RNDDH (ansyen NCHR/Ayiti) fè konnen; " Roldofe Louis (Woud), te prezante l Tigwav pèsònèlman ak zam nan men l pou libere Tidye (tout moun konnen l sou non sa) kit a va mele nan ansasinay polisye Léandre Louis Jean ak Willy Lafrance, Kafou Barèt lokalite premye seksyon kominal Bino (premye plèn) nan Tigwav, jou ki te 6 janvyè pase a. Gwoup ak zam sa yo teworize popilasyon Tigwav la ak moun ki itilize wout nasyonal #2 a. Yo bloke bout wout sa lè yo vle, yo dechèpiye moun k ap pase yo."

Devan sitiyasyon sa MINUSTAH ak PNH te lanse finalman yon operasyon tèt kole pou te reprann kontwòl komisarya Tigwav yo. Jou ki te 20 mas 2005 lan, 7 mwa apre ansyen militè yo te kòmanse pran komisarya yo, MINUSTAH fè yon entèvansyon militè nan Tigwav. Entèvansyon an vire an lesefrape e sa lakoz lanmò yon kas ble esrilankè ak twa blese pami fòs Nasyonzini yo tandiske gen 2 ansyen militè ki mouri tou. Yon jounalis radyo lokal, radyo Kontak F.M nan, Laraque Jean Robenson, mouri pandan lesefrape a akòz li te bay anpil san apre li te fin pran bal. " Se manda nou ki fè nou pran desizyon libere pòs polis sa yo, nan pèspektiv eleksyon yo, pou gang ak zam yo pa menase popilasyon an ", deklarasyon reprezantan espesyal Sekretè jeneral la ki se chèf MINUSTAH tou ann Ayiti, Juan Gabriel Valdes, ki rekonèt anba anba gang ak zam yo t ap teworize vil sa ki gen 70 kilomèt ki separe l ak Pòtoprens.

C.- Defansè dwa moun yo ann Ayiti

Sitiyasyon defansè dwa moun yo ann Ayiti bay anpil tèt chaje. Menm si atak yo pa soti nan palè nasyonal la ankò epi pou ensttasyon leta fè swit, defansè dwa moun yo toujou ap riske lavi yo ann Ayiti.

AYITI : KI AVNI POU YON TRANZISYON RATE

Miltiplikasyon aktè vyolans ogmante menas kont defansè dwa moun yo e espesyalman kont sa yo k ap lite kont enpinite. Pou anpeche defansè yo nan aksyon yo, aktè vyolans yo itilize kaponnay, menas, anlèyman e pafwa ansasinay.

1.- Sityasyon avan 29 fevriye 2004

Lè Jean Bertrand Aristide te retounen sou pouvwa a, defansè dwa moun yo te kòmanse resanse vyolans yo epi pwoteje viktim krim lame te komèt yo. Si nan kòmansman Fanmi Lavalas te sanble dakò ak travay memwa, jistis epi lit kont enpinite sa, mouvman an pa t pran tan pou l te kreye yon lòt kò milisyen chaje ak delenkan, chimè yo pou l kab kontwole popilasyon an epi atake defansè dwa moun yo pouvwa a konsidere kòm danjere.

Konsa, nan mwa oktòb 2003, Jean Claude Bajoux ak Silvie Bajoux, reskonsab Sant Ekimenik dwa moun (CEDH) ki gen syèj li nan Pòtoprens depi 1979 te sibi atak nèg ak zam nan moman yo t ap antre lakay yo. Entèkansyon gad ak zam ki te tire anlè te pèmèt yo fè asayan yo kouri, yo te pran mezi pwoteksyon sa yo aprè nèg ak zam te pran kay misye ak madam Bajoux daso nan mwa jiyè 2002 a. Sou menas revolvè yo te pran madam Bajoux ak anplwaye ki te prezan ann otaj. Apre yo te fin fouye kay la nan chèche dokiman epi yo wè Msye Jean Claude Bajoux pa t la, yo te pati pandan yo t ap lanse menas kont misye ak madanm Bajoux poutèt yo angaje nan defans dwa moun.

Apati moman rejim lavalas la santi l menase ak kontestasyon toupatou, atak kont defansè dwa moun yo te ogmante. Se konsa, manm Komite Avoka pou Respè ak Libète chak moun (CARLI) te sibi anpil menas poutèt yo te louvri " hot line " yo a, yon liy telefòn espesyal ki pèmèt viktim vyolasyon dwa moun yo denonse zak yo sibi.

2.- Sityasyon defansè dwa moun sou gouvènman tranzisyon anment de transition

Depi depa ansyen prezidan Aristide, konpòtman gouvènman an ak defansè dwa moun yo amelyore: Li sanble pa anpeche travay ONG ki ap defann dwa moun yo e pafwa menm li kolabore avèk yo aklè oubyen anbachal. Prezidan pwovizwa Repiblik la M. Boniface Alexandre te renouvle pozisyon sa nan rankont li yo ak manm misyon yo.

Tout fwa kèk reskonsab ONG regrèt gouvènman an pa sezi opòtinite tranzisyon an pou reyini tout ONG yo pou te prezante yo priyorite l yo ak politik li nan domèn dwa moun. Nan san sa a, Renan Hedouville sekretè jeneral CARLI konsidere : "otorite politik yo abandone defansè dwa moun yo pou kont yo. Nou

pa t gen okenn rankont ak otorite yo, ki pa t janm reponn non plis divès demand nou te fè yo ".

Poutan, menas ki pi serye pou defansè dwa moun yo pa soti bò kote pouvwa anplas la, men bò kote divès aktè enstabilite yo ann Ayiti : "ansyen lavalasyon, chimè, ansyen militè ak rebèl yo ap menase nou chak jou ", dapre sa Renand Hedouville, sekretè CARLI, deklare. Manm lapolis oubyen administrasyon an ki te mele nan vyolasyon dwa moun atake tou ONG yo k ap denonse move zak sa yo. Se konsa, CARLI viktim plizyè atak denye mwa sa yo. Jou ki te 24 mas 2004 la, sibtilite jij depè tribinal dèlma a, ki te gen plizyè nèg avè l te lanse menas lanmò kont plizyè anplwaye nan lokal òganizasyon an menm poutèt non yo te site nan yon rapò CARLI te pibliye nan mwa fevriye 2004 konsènan yon afè vyolasyon dwa moun; jou ki te 22 avril 2004, nèg ak zam ta fè yon vyòl nan lokal òganizasyon an menm e zak sa a te gen pou wè ak seri apèl ki t ap menase pèsonel ak reskonsab CARLI yo. CARLI kontinye resvwa menas bò kote ansyen polisye James Montas òganizasyon defans dwa moun nan te denonse pou patisipasyon l nan yon kadejak. Yo te arete misye, men li te rive sove kite penitansye nasyonal nan moman depa Aristide la. Ansyen polisye a kontinye menase detanzantan viktim nan ak ekip CARLI.

Se sèten, piblikasyon lis non lotè vyolasyon dwa moun yo CARLI fè yo, kit sa ki sispèk, kit sa yo verifye yo, kapab lakoz òganizasyon an sibi reprezay tout kalte. Nan kontèks ayisyen an kote twò souvan denonsyasyon piblik zak yo sèvi kòm kondanasyon, pratik sa a ka anjandre konfizyon ki pap mennen n byen ditou.

Misyon FIDH la te ka konstate kalite atak yo fè sou defansè dwa moun yo pliske, pandan prezans li ann Ayiti, nan lannwit 1e pou rive 2 dawout 2004 la bò 3zè nan maten, nèg ak zam tire sou kay M. Jean Claude Bajoux ak madanm li Sylvie Bajoux, 2 reskonsab Sant Ekimenik Dwa Moun (CEDH). Malgre yo te rele lapolis depi bò 3zè20 konsa lapolis syantifik te vin fè konsta jis bò 10 zè nan maten. Atak sa a ki te vize reskonsab CEDH yo te fèt nan moman 5èm fowòm pou refòm nan jistis penal la t ap fini kote M. Jean Claude Bajoux te pòtpawòl epi nan moman misyon ankèt FIDH la te prezan ann Ayiti, montre nou aklè kòmman klima vyolans la ak santiman enpinite a blayi sou peyi d'Ayiti.

Yon lòt bò, plizyè defansè dwa moun, nan divès òganizasyon defans dwa moun espesyalman M. Vilès Alisard (RNDDH (ansyen NRHR/ Ayiti), M. Renan Hedouville (CARLI) ak Eliphète Saint Pierre (POHDH), te sibi kaponnay poutèt yo te pran pozisyon sou kèk pwoblèm nan dewoulman asiz kriminel

ki te fèt nan Pòtoprens soti 16 pou rive 20 dawou 2004 la.

Yo te lonje dwèt sou moun sa yo poutèt yo te montre yo gen dout sou kèk manm jiri ki ta sanble nan paspouki pou relasyon yo ta genyen avèk Louis Jodel Chamblain, Jackson Joanis epi avèk FRAPH. Poutan, deklarasyon Nasyonzini sou defansè yo, nan atik 6 c) di : chak moun gen dwa, li menm pou kont li oubyen nan asosyasyon ak lòt moun, "pou l etidye, diskite, apresye epi evalye respè tout dwa moun yo ak libète fondamantal yo, nan teyori ak nan pratik. Ak mwayèn sa yo epi lòt mwayen ki nesèsè, li gen dwa tou atire atansyon piblik la sou kesyon an epi garanti dwa defansè dwa moun yo genyen, nan atik 8 & 2, pou yo "sòmèt bay enstitisyon leta yo, ni bay òganis ki okipe zafè piblik yo, kritik ak pwopozisyon ki touche amelyorasyon fonksyonman yo, epi siyale tout aspè travay yo ki riske bloke oubyen anpeche pwomosyon, pwoteksyon ak reyalyasyon dwa moun ak libète fondamantal yo."

Pouswit pou difamasyon manm jiri, M. Founet Désir, madame Marie Deliscar Fabe ak madame Marie Eugénie Bossicot te fè kont kèk defansè dwa moun, parèt san fondman paske manm ONG ki te konsène yo pa t janm site non yo, pa menm yon sèl fwa. Yon lòt bò, dwayen tribinal premye enstans Pòtoprens la te deziye yon jij nan tribinal pou timoun lan pou tandè yon afè koreksyonèl. Sa se yon vyolasyon prensip yo e li depaman ak dekrè 22 dawou 1995 sou òganizasyon jistis la e ki modifiye lwa 18 sektanm 1985 la.

3.- Sityasyon defansè yo nan pwovens yo

Si pi fò òganizasyon defans dwa moun ki chita Pòtoprens yo travay libelibè. Sityasyon defansè dwa moun yo nan rès peyi a bay plis tèt chaje toujou. Debakman ansyen militè fè sou vil Jakmèl, Tigwav epi Gonayiv demontre apa Pòtoprens, tout lòt vil peyi a tonbe nan dezòd la nan nivo lokal ki fè de pye defansè dwa moun yo nan yon sèl grenn soulye. Konsa, misyon ankèt la te ale Tigwav jou ki te 31 jiyè 2004 la e li te koze avèk Denis Laguerre, manm òganizasyon COSOJUBRIL.

Yo t ap pèsèkite Pastè Denis Laguerre poutèt li te fè trennen asasen Brignol Lindor ak lotè anpil lòt move zak devan lajistis. Chimè ak lòt gang yo te menase l e yo t ap chèche l. Li te oblije al kache pandan plizyè fwa, nan mwa novanm 2003 ak janvyè 2004. Jou ki te 28 fevriye 2004 la, chimè te ale lakay li e yo te chache touye l. Li te rive sove epi kache kò l. Nan lavèy epi nan jou apre depa Jean Bertrand Aristide yo, chimè Tigwav ak Leyogàn te ravaje vil la. Yo te sible aktivis opozisyon yo men yo te teworize popilasyon an tou avèk krim epi vyolans sou tout kalite moun. Viktim yo ak fanmi yo t al jwenn tou natirèlman Pastè Denis Laguerre pou temwaye epi chèche trennen devan

lajistis lotè krim kont paran yo. Kidonk, Pastè Denis Laguerre te livre tèt li nan gwo travay resansman vyolasyon dwa moun komin Tigwav.

4.- Wòl defansè dwa moun yo ann Ayiti

Poutan, defansè dwa moun yo ann Ayiti jwe yon wòl fondamantal non sèlman nan denonse vyolasyon, men tou nan prepare kèk dosye jiridik pou prezante bay lajistis. Misyon an te konstate difikilte materyèl, pwoblèm moun ak pwoblèm jiridik ki genyen nan preparasyon dosye pou lajistis manke lokal, achiv, tèks referans, konpetans, eks..... Nan objektif pou te relanse yonn nan pilye leta a, ONG defans dwa moun yo te angaje tèt yon nan remete enstitisyon lajistis la an mach lè yo te eseye korije feblès jistis ayisyen an, byen monte dosye jiridik yo ki dwe chita sou prèv akizasyon ki byen chita epi itilizasyon tèks lalwa yo san rezèv. Se konsa, kèk ONG te twouve yo nan komisyon sitwayèn pou aplikasyon lajistis, pou konstitiye dosye anviwon 17 ka vyolasyon grav ki t ap tann jijman. Komisyon sa a gen kòm objektif pou l relanse pwosesis jistis la nan mete aksan sou kèk " ka senbolik " tankou ansasinay jounalis Brignol Lindor ak Jean Dominique.

Gen anpil risk nan travay denonse vyolasyon dwa moun ann Ayiti. Nan chache alimante jistis la ak dosye byen prepare epi byen kore, defansè dwa moun yo te vin pi danjere pou tout moun ki ap pwofite move fonksyonman jistis la: Lotè vyolasyon dwa moun, aktè dezòd ak benefisyè enpinite... Atravè demach tankou komisyon sitwayèn pou aplikasyon lajistis oubyen lòt kalite demach ki fèt nan menm sans lan, sosyete sivil la espesyalman defansè dwa moun yo se eleman kle pou reyisit tranzisyon politik la ak reyisit tantaiv pou relanse aparèy jistis la.

VII.- KONKLIZYON AK REKOMANDASYON

A.- Konklizyon

Rapò sa a konsène evènman nou te anrejistre ant mwa dawout 2004 ak dawout 2005. Tandans nou te obsève nan moman premye misyon an te vin konfime nan mwa dawout 2005 lan. Gouvènman tranzisyon an pa t an mezi leve pakèt defi k ap brase bil sosyete ayisyèn nan ki fin dechire ak vyolasyon dwa moun grav e sistematik depi plizyè dizèn lane, yon sosyete k ap vin pi pòv, ki fann miyèt moso sou plan sosyal epi kote tout sèvis leta yo nan sitiyaasyon delabreman total.

Si travay gouvènman tranzisyon an, san okenn dout te anpil epi difisil, sa ki parèt klè, gouvènman an pa janm rive enpoze priyorite nan aksyon l yo ni tou aplike yon politik klè epi ki wè kote l prale.

Nan fen lane tranzisyon an, peyi a sanble l toujou aladiv e l tou pre yon dezòd sosyal total : ensekirite a toujou ap blayi kò l, enpinite a pi aklè toujou, kòripsyon toupatou, 60% popilasyon an ap viv nan malsite, pwøjè desantralizasyon an mouri nan tiwa, reyalizasyon eleksyon yo nan delè ki te fiske yo poze pwoblèm estrikti k ap difisil pou rezoud si nou vle rive nan eleksyon lib ak patisipasyon tout sektè, sitou yo pral dewoule nan yon kontèks ensekirite ki grav. Nou te wè tou refleksyon nasyonal pou yon kontra sosyal tou nèt yo te mete kanpe a, rete yon kokiy vid. Tankou kesyon dezamenan ki rete ak anpil limit nan aksyon ki fèt nan sans sa a> Pou nou fini, pwofesjonalizasyon lapolis la, ankèt sou vyolasyon dwa moun ki fèt deja ak sa k ap kontinye fèt epi respè dwa fondamantal yo pa pwogrese malgre tout efò k ap fèt. Sa vin fè non sèlman polisye ap komèt vyolasyon dwa moun paske manm lapolis ki te fè vyolasyon sa yo pa jwenn revokasyon yo men sitou aktè tout kalite fòm k ap mache simen yon ensekirite k ap galope; gwoup chimè yo toujou aktif, ansyen militè yo ak gwoup mafya ki dèyè pouvwa a tou.

FIDH konsidere, anplis, lit kont enpinite a pa sifi ditou e ni l pa reponn ak lespwa epi bezwen jistis pèp ayisyen an. Prezantasyon pwøjè dekrè amnisti jeneral nan mwa sekatanm 2005 lan oubyen liberasyon Louis Jodel Chamblain nan mwa dawout 2005 lan ka temwaye sou sa.

FIDH kwè leta pa ranpli yon kantite obligasyon li genyen : pwoteje dwa lavi, entegrite fizik ak moral pou yo pa mete moun nan prizon an gwo ponyèt, pou l gen yon pwosè ki jis, sante, yon kay pwòp, travay, yon vi nòmal. Vyolasyon dwa fanm yo ap pèsiste.

Entèvansyon kominote entènasyonal la yo menm pa anpeche

sitiyaasyon politik, ekonomik ak sosyal la ap degrade. Bilan Misyon MINUSTAH a - retabli sekirite epi prepare eleksyon- pa konvenk pèsonn menmsi nou pa ka souzestime blokaj ak eta pourisman estrikti leta yo (espesyalman lapolis ak administrasyon lajistis) nan bilan negatif sa a.

Nan kontèks sa a, reyalizasyon eleksyon yo rete yon defi pou Ayisyen yo ak kominote entènasyonal la.

B.- Rekòmandasyon

FIDH ap lanse yon apèl bay:

1.- Otorite peyi d'Ayiti yo

- Pou yo respekte deklarasyon inivèsèl dwa moun ak akò sou dwa sivil ak politik yo, konvansyon sou eliminasyon diskriminasyon sou fanm, konvansyon sou eliminasyon diskriminasyon tout kalite fòm diskriminasyon rasyal ak konvansyon sou dwa timoun, epi tou konvansyon entèamerikèn sou prevansyon, sanksyon ak eliminasyon vyolans sou fanm ki pote non "Belem do Para" Ayiti te ratifye.

2.- Pou sa ki konsènen lit kont ensekirite a

- Retabli yon leta ki chita sou lalwa ak otorite leta a sou tout teritwa a nan tèt kole ak MINUSTAH epi nan respè dwa moun.
- Dezame kòm sa dwa konplètman gwoup ak zam yo, bay asirans yo demobilize tout bon vre epi yo reprann plas yo nan lavi sivil la, espesyalman timoun ak jèn ki te pran zam yo epi tou tabli yon estrateji global pou dezame popilasyon sivil yo. Sa ki merite pou otorite ta mete kanpe yon komisyon nasyonal pou dezameman;
- Krete yon rejis nasyonal pou moun ki gen otorizasyon pote zam epi ranfòse lit kont trafik zam kap sòti lòt bò dlo;
- Trennen devan lajistis tout moun demobilize ki reskonsab zak kriminèl ak vyolasyon dwa moun.

3.- Konsènan eleksyon yo

- Garanti eleksyon lib ak patisipasyon tout sektè;
- Garanti dwa pou moun vote epi patisipe nan dirèksyon zafè piblik yo. San okenn diskriminasyon epi pou sa rive fèt, fè yon jan pou tout sitwayen, menm sa ki rete nan seksyon kominal yo, kapab patisipe nan enskripsyon pou jwenn kat idantifikasyon nasyonal la;
- Mete kanpe yon pwogram enfòmasyon ak sansibilizasyon sou operasyon elektoral yo nan tèt kole ak sosyete sivil la, yon pwogram ki ka rive touche tout popilasyon an espesyalman

AYITI : KI AVNI POU YON TRANZISYON RATE

popilasyon rural yo;

- Garanti endepandans ak efikasite konsèy elektoral pwovizwa a.

4.- Konsènan lapolis nasyonal d Ayiti (PNH)

- Fè evalyasyon ajan PNH yo epi trennen devan lajistis sila yo ki koupab vyolasyon dwa moun pou sanksyone yo kòm sadwa;

- Lite kont pratik maspinay ak move trètman lapolis ap fè moun sibi epi ratifye konvansyon kont maspinay la ansanm ak pwotokòl ki akonpaye l la;

- Fè pase men nan pwosesis rekritman an nan tèt kole ak MINUSTAH epi Espè entènasyonal yo yon fason pou tabli yon pwosesis rekritman tout moun ka fè konfyans epi ki transparan pou fonksyonè lapolis yo. Lè sa a, moun ki koupab vyolasyon dwa moun pap ka antre oubyen pretann travay nan administrasyon polis la;

- Adopte yon kòd konduit piblik k ap montre reskonsablite ajan PNH yo nan kesyon respè ak pwoteksyon dwa moun epi devlope yon pwogram fòmasyon san rete pou manm li yo;

- Sistematize epi kontwole kouman yo prepare pwosè vèbal yo. Fòk yo sou papye, san manke moso epi yo dwe chita sou tèks lalwa.

5.- Konsènan administrasyon jistis la

- Fè refòm ki nesèsè yo yon fason pou garanti san mank dwa pou tout moun gen pwosè jis, san paspouki;

- Lite kont pratik detansyon gwo ponyèt ak detansyon pwovizwa ki dire twòp; Garanti respè delè legal gadavi yo ki se 48 tè dapre konstitisyon an;

- Devlope enspeksyon komisarya ak pòs polis yo yon fason pou kontwole rejis yo ak legalite detansyon yo;

- Kreye mwayen pou moun yo arete yo jwenn yon avoka ak yon doktè nan delè ki pi kout yo;

- Garanti dwa pou moun jwenn defans;

- Garanti dwa pou yo fè apèl lè yo pa satisfè ak yon jijman;

- Bay lekòl jij yo ak filyè fòmasyon majistra, avoka, grefye epi fonksyonè pakè yo yon regleman;

- Bay konsèy siperyè jij yo yon regleman ak prensip fonksyonman yon fason pou l òganize epi kontwole otonomi pouvwa lajistis la vizavi pouvwa politik la;

- Presize wòl ak fonksyon jij yo nan tout enstans yo yon fason pou garanti transparans pwosesis nominasyon ak evalyasyon yo epi sitou lè yo va elimine oubyen klarifye wòl jij depè yo ki alafwa sou titèl pakè avèk syèj pou moman n ap pale a;

- Adopte tèks ki konsènen Enstiti mediko-legal (IML) : siyati sikilè ki valide modèl fòmilè rekizisyon ak dokiman legal yo; adopte yon dokiman reglemantè ki fikse kad jiridik IML; adopte yon tèks k ap gen pou reglemante kalandriye fonksyonman yo;

- Mennen rapidman ankèt san fòs kote nan tout ka prizonye ki

mouri nan kondisyon sispèk, akizasyon sou zak maspinay epi angaje pouswit lajistis kont lotè zak yo;

- Devlope yon pwogram efikas k ap rasanble epi konsève eleman prèv yo patikilyèman nan devlope pwoteksyon temwen kòm sadwa;

- Aji aktivman anfavè lit kont enpinite a yon fason ki konfòm avèk akò politik 4 avril 2004 la (seksyon A pwen d ak f) epi avèk enstriman defans dwa moun yo espesyalman nan refize tout lwa amnisti k ap gen pou konsekans efase pèn lotè vyolasyon dwa moun yo.

6.- Konsènan libète laprès

- Garanti entegrite fizik ak moral jounalis yo;

- Garanti egzèsis san pwoblèm libète enfòmasyon ak libète lapawòl jounalis ak medya yo.

7.- Konsènan defansè dwa moun yo

- Garanti entegrite fizik ak moral defansè dwa moun yo;

- Garanti dwa defansè dwa moun yo jan yo defini nan deklarasyon sou defansè dwa moun yo asanble jeneral Nasyonzini te adopte jou ki te 9 desanm 1998 la;

- Devlope epi mete sou plas yon plan pou chita ak òganizasyon defans dwa moun yo pou elabore regleman, mete yo an mach epi kontwole si yo respekte tout bon vre nan domèn nou sot site yo espesyalman nan zafè lit kont enpinite;

- Pou fini, garanti dwa ekonomik, sosyal ak kiltirèl tout sitwayen alawonnbadè e nan sans sa ratifye akò entènasyonal sou dwa ekonomik ak sosyal yo avèk pwotokòl li a ki pa obligatwa avèk tou pwotokòl ki mache ak konvansyon entèameriken dwa moun ki pale sou kesyon dwa ekonomik ak sosyal yo.

8.- Komite entènasyonal la :

- Pou manda MINUSTAH ka kontinye jan sa te prevwa epi pou misyon an ka kontre kòn li ak tout pwoblèm konsènan pwoteksyon popilasyon sivil la;

- Bay plis èd nan restriktirasyon polis nasyonal d'Ayiti a epi veye si PNH la respekte dwa moun yo kòm sadwa;

- Entansifye aksyon ankèt li a sou sitiyasyon dwa moun yo epi pibliye aktivite ak obsèvasyon yo;

- Fè presyon nesèsè pou otorite ayisyen yo aplike rekòmandasyon Espè endepandan Nasyonzini an epi asire renouvèlman manda li a nan pwochen sesyon komisyon dwa moun nan.

- Fè tout posib òganizasyon eleksyon yo respekte prensip ak regleman entènasyonal ki ka aplike nan ka sa, sinon yon repetisyon maskarad elektoral ane 2000 lan ka plonje Ayiti nan yon kriz san fen.

Lis 141 Oganizasyon Manm FIDH nan tout 5 kontinan yo

141 Oganizasyon

Afrique du Sud -Human Rights Committee of South Africa	Defensa de los Derechos Humanos	Direitos do Homen	droits humains	Rwanda -Association pour la défense des droits des personnes et libertés publiques
Albanie -Albanian Human Rights Group	Colombie -Corporación Colectiva de Abogados Jose Alvear Restrepo	Irak -Iraqi Network for Human Rights Culture and Development (Royaume Uni)	Mauritanie -Association mauritanienne des droits de l'Homme	Rwanda -Collectif des ligues pour la défense des droits de l'Homme au Rwanda
Algérie -Ligue algérienne de défense des droits de l'Homme	Colombie -Instituto Latinoamericano de Servicios Legales Alternativos	Iran -Centre des défenseurs des droits de l'Homme en Iran	Mexique -Comisión Mexicana de Defensa y Promoción de los Derechos Humanos	Rwanda -Ligue rwandaise pour la promotion et la défense des droits de l'Homme
Algérie -Ligue algérienne des droits de l'Homme	Congo Brazzaville -Observatoire congolais des droits de l'Homme	Iran -Ligue de défense des droits de l'Homme en Iran (France)	Mexique -Liga Mexicana por la Defensa de los Derechos Humanos	Sénégal -Organisation nationale des droits de l'Homme
Allemagne -Internationale Liga für Menschenrechte	Côte d'Ivoire -Ligue ivoirienne des droits de l'Homme	Irlande -Irish Council for Civil Liberties	Moldavie -League for the Defence of Human Rights	Sénégal -Rencontre africaine pour la défense des droits de l'Homme
Argentine -Centro de Estudios Legales y Sociales	Côte d'Ivoire -Mouvement ivoirien des droits de l'Homme	Irlande du Nord -Committee On the Administration of Justice	Mozambique -Liga Mocambicana Dos Direitos Humanos	Serbie et Monténégro -Center for Antwar Action - Council for Human Rights
Argentine -Comite de Acción Jurídica	Croatie -Civic Committee for Human Rights	Israël -Adalah	Nicaragua -Centro Nicaraguense de Derechos Humanos	Soudan -Sudan Organisation Against Torture (Royaume Uni)
Argentine -Liga Argentina por los Derechos del Hombre	Cuba -Comisión Cubana de Derechos Humanos y Reconciliación National	Israël -B'tselem	Niger -Association nigérienne pour la défense des droits de l'Homme	Soudan -Sudan Human Rights Organization (Royaume Uni)
Autriche -Österreichische Liga für Menschenrechte	Écosse -Scottish Human Rights Centre	Israël -Public Committee Against Torture in Israel	Nigeria -Civil Liberties Organisation	Suisse -Ligue suisse des droits de l'Homme
Azerbaïdjan -Human Rights Center of Azerbaijan	Égypte -Egyptian Organization for Human Rights	Italie -Italia Dei Diritti Dell'Uomo	Nouvelle-Calédonie -Ligue des droits de l'Homme de Nouvelle-Calédonie	Syrie -Comité pour la défense des droits de l'Homme en Syrie
Bahrein -Bahrain Human Rights Society	Égypte -Human Rights Association for the Assistance of Prisoners	Italie -Unione Forense Per la Tutela Dei Diritti Dell'Uomo	Ouganda -Foundation for Human Rights Initiative	Tanzanie -The Legal & Human Rights Centre
Bangladesh -Odhikar	El Salvador -Comisión de Derechos Humanos de El Salvador	Jordanie -Amman Center for Human Rights Studies	Ouzbékistan -Legal Aid Society	Tchad -Association tchadienne pour la promotion et la défense des droits de l'Homme
Bélarus -Human Rights Center Viasna	Équateur -Centro de Derechos Economicos y Sociales	Jordanie -Jordan Society for Human Rights	Pakistan -Human Rights Commission of Pakistan	Tchad -Ligue tchadienne des droits de l'Homme
Belgique -Liga Voor Menschenrechten	Équateur -Comisión Ecumenica de Derechos Humanos	Kenya -Kenya Human Rights Commission	Palestine -Al Haq	Thaïlande -Union for Civil Liberty
Belgique -Ligue des droits de l'Homme	Équateur -Fundación Regional de Asesoría en Derechos Humanos	Kirghizistan -Kyrgyz Committee for Human Rights	Palestine -Palestinian Centre for Human Rights	Togo -Ligue togolaise des droits de l'Homme
Bénin -Ligue pour la défense des droits de l'Homme au Bénin	Espagne -Asociación Pro Derechos Humanos	Kosovo -Conseil pour la défense des droits de l'Homme et des Libertés	Panama -Centro de Capacitación Social	Tunisie -Conseil national pour les libertés en Tunisie
Bolivia -Asamblea Permanente de los Derechos Humanos de Bolivia	Espagne -Federación de Asociaciones de Defensa y Promoción de los Derechos Humanos	Laos -Mouvement lao pour les droits de l'Homme (France)	Pays-Bas -Liga Voor de Rechten Van de Mens	Tunisie -Ligue tunisienne des droits de l'Homme
Boutan -People's Forum for Human Rights in Bhutan (Népal)	États-Unis -Center for Constitutional Rights	Lettonie -Latvian Human Rights Committee	Pérou -Asociación Pro Derechos Humanos	Turquie -Human Rights Foundation of Turkey
Brésil -Movimento de Justicia Global	Éthiopie -Ethiopian Human Rights Council	Liban -Association libanaise des droits de l'Homme	Pérou -Centro de Asesoría Laboral	Turquie -Insan Haklari Dernegi / Ankara Diyarbakir
Brésil -Movimento Nacional de Direitos Humanos	Finlande -Finnish League for Human Rights	Liban -Foundation for Human and Humanitarian Rights in Lebanon	Philippines -Philippine Alliance of Human Rights Advocates	Turquie -Insan Haklari Dernegi / Diyarbakir
Burkina Faso -Mouvement burkinabé des droits de l'Homme & des Peuples	France -Ligue des droits de l'Homme et du Citoyen	Liban -Palestinian Human Rights Organization	Polynésie française -Ligue polynésienne des droits humains	Union européenne -FIDH AE
Burundi -Ligue burundaise des droits de l'Homme	Grèce -Ligue hellénique des droits de l'Homme	Liberia -Liberia Watch for Human Rights	Portugal -Civitas	Vietnam -Comité Vietnam pour la défense des droits de l'Homme (France)
Cambodge -Cambodian Human Rights and Development Association	Guatemala -Centro Para la Acción Legal en Derechos Humanos	Libye -Libyan League for Human Rights (Suisse)	RDC -Ligue des Électeurs	Yémen -Human Rights Information and Training Center
Cambodge -Ligue cambodgienne de défense des droits de l'Homme	Guatemala -Comisión de Derechos Humanos de Guatemala	Lithuanie -Lithuanian Human Rights Association	RDC -Association africaine des droits de l'Homme	Yémen -Sisters' Arabic Forum for Human Rights
Cameroun -Maison des droits de l'Homme	Guinée -Organisation guinéenne pour la défense des droits de l'Homme	Malaisie -Suaram	Roumanie -Ligue pour la défense des droits de l'Homme	Zimbabwe -Zimbabwe Human Rights Association Zimrights
Cameroun -Ligue camerounaise des droits de l'Homme (France)	Guinée -Organisation guinéenne pour la défense des droits de l'Homme	Mali -Association malienne des droits de l'Homme	Roumanie -Ligue pour la défense des droits de l'Homme	
Canada -Ligue des droits et des libertés du Québec	Guinée -Organisation guinéenne pour la défense des droits de l'Homme	Malte -Malta Association of Human Rights	Roumanie -Ligue pour la défense des droits de l'Homme	
Centrafrique -Ligue centrafricaine des droits de l'Homme	Guinée -Organisation guinéenne pour la défense des droits de l'Homme	Maroc -Association marocaine des droits humains	Roumanie -Ligue pour la défense des droits de l'Homme	
Chili -Corporación de Promoción y Defensa de los Derechos del Pueblo	Guinée -Organisation guinéenne pour la défense des droits de l'Homme	Maroc -Association marocaine des droits humains	Roumanie -Ligue pour la défense des droits de l'Homme	
Chine -Human Rights in China (USA, HK)	Guinée -Organisation guinéenne pour la défense des droits de l'Homme	Maroc -Association marocaine des droits humains	Roumanie -Ligue pour la défense des droits de l'Homme	
Colombie -Comite Permanente por la	Guinée -Organisation guinéenne pour la défense des droits de l'Homme	Maroc -Association marocaine des droits humains	Roumanie -Ligue pour la défense des droits de l'Homme	

Federasyon Entènasyon Lig Dwa Moun (FIDH) se yon òganizasyon entènasyon ki pap travay pou okenn gouvènman e k ap defann dwa moun yo ki nan deklarasyon invèsèl 1948 la. Li te pran nesans nan lane 1922, li regroupe 141 òganizasyon manm nan tout mond lan. Rive jounen jodi a FIDH te mandate plis pase yon milye misyon entènasyon pou fè ankèt, obsèvasyon jidisyè, medyasyon oubyen fòmasyon nan plis pase 100 peyi.

Lèt la

Se yon piblikasyon Federasyon Entènasyon Lig dwa Moun (FIDH). Se Pierre Dupuy ki te fonde l. L. al jwenn abone yo, òganizasyon manm FIDH yo, òganizasyon entènasyon yo, reprezantan Leta yo epi medya yo.

Piblikasyon sa te posib avèk sipò Fondation de France, Fondation un monde pour tous, Kès Depo ak Konsiyasyon epi UNESCO.

17, passage de la Main d'Or - 75011 Paris - France
CCP Paris : 76 76 Z
Tél. : (33-1) 43 55 25 18 / Fax : (33-1) 43 55 18 80
E-mail : fidh@fidh.org
Sit entènèt : <http://www.fidh.org>

ABONNEMENTS - (Euros)

La Lettre - France - Europe : 25 Euros - Etudiant - Bibliothèque : 20 Euros - Hors Europe : 30 Euros
Les rapports - France - Europe : 50 Euros - Etudiant - Bibliothèque : 30 Euros
Hors Europe : 60 Euros - **La Lettre** et les rapports de mission - France - Europe : 75 Euros
Etudiant - Bibliothèque : 50 Euros - Hors Europe : 90 Euros

Direktè piblikasyon an : Sidiki Kaba
Redaktè an Chèf : Antoine Bernard
Kòdinasyon Rapò a : Juliane Falloux
Moun ki fè rapò a : Florent Geel, Benoit Van der Meerschen
Asistan piblikasyon : Céline Ballereau-Tetu
Enprimri FIDH- Depo legal oktòb 2006- ISSN- No 430
Komisyon paritè No 0904p11341
Fichye enfòmasyon la konfòm ak lwa 6 janvyè 1978 la (Deklarasyon No 330 675)

Pri: 4 Ewo